Haitian Creole

# Discover Boston Public Schools

# Gid Chwa ak Enskripsyon

## Edisyon Ane Lekòl 2019-2020 la

*Yon resous pou fanmi Lekòl Piblik Boston ki fenk vini ak sila yo ki deja fè pati sistèm lekòl nou an k ap chèche yon nouvo lekòl, pwogram, oswa plasman.*

# Pakou Enskripsyon An




*Pou orè lekòl ki pi ajou yo, konsilte sit entènèt: www.bostonpublicschools.org/belltimes*

# Entwodiksyon

## DAT ENPÒTAN

| | Kòmansman Priyorite Enskripsyon | Fen Priyorite Enskripsyon | Notifikasyon (Avi) sou Plasman |
|---|---|---|---|
| Elèv k ap antre nan klas K0, K1, 6yèm, 7yèm, oswa 9yèm ane. | Janvye 3 | Fevriye 1 | Mas 29 |
| Elèv nan TOUT LÒT klas yo. | Fevriye 11 | Mas 22 | Me 31 |







B Lekòl Piblik Boston ofri pwogram akademik, sosyal-emosyonèl, kiltirèl, ak pwogram ekstraskolè ki reponn a bezwen tout fanmi yo toupatou nan vil lan. Depi lekòl matènèl rive jiska lekòl segondè, lekòl nou yo efòse yo pou yo devlope nan chak elèv, abilte ak karaktè pou yo briye nan inivèsite (kolèj), nan karyè yo, ak nan lavi a.

Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri:

- Jadendanfan "K2" garanti pou tout timoun laj 5 an, plis pase 2.400 plas nan Jadendanfan "K1" pou timoun laj 4 an, ak yon pwogram selektif Jadendanfan "K0" pou timoun laj 3 an; avèk pwogram nan orè tradisyonèl rive jiska lekòl jounen pwolonje yo ak pwogram Montessori an.
- Lekòl kote klas yo aranje nan fason diferan ki enkli kèk pwogram Jadendanfan jiska 8yèm ane ak 7yèm jiska 12yèm ane;
- Plizyè modèl lekòl ki genyen pami yo lekòl tradisyonèl, lekòl inovasyon, lekòl pilòt, ak lekòl chatè andedan distri a;
- Lekòl ki genyen pwogram pou elèv ki genyen talan ak don, pou Elèv k ap Aprann Anglè, ak elèv ki enfim (ki andikape).

Pandanke w ap eksplore opsyon lekòl ou yo, vizite lekòl yo epi pale avèk direktè yo, pwofesè yo, elèv yo, ak paran yo. Nou konnen w ap jwenn meyè opsyon yo pou fanmi w pami Lekòl Piblik Boston yo !

# Kisa Ki Anndan An...

Entwodiksyon............Kouvèti Anndan An
Yon Gid Enskripsyon Rapid-Rapid .........2
Kilès Ki Bezwen Vizite Yon Sant Dakèy?..3
Aprann Plis Sou Lekòl Nou Yo.................4
Enskri Pitit Ou.............................................5
Vaksinasyon........................................5
Egzijans sou Laj .................................6
Elèv Ki San Lojman ...................................6
Regleman sou Dezinyasyon Lekòl
Plan Ki Baze sou Adrès Kay La.........7
Ki Sa ki "Priyorite Yo" ........................8
Lis Datant Yo.......................................8
Nimewo Owaza ..................................8
Pakou Lekòl Mwayèn Yo ..................9
Transfere Lekòl....................................9
Chanjman Adrès..................................9
Transpòtasyon..........................................10
Pwogram ki Ofri
Jadendanfan ....................................11
Klas Travay Avanse .........................11
Ekselans Pou Tout Moun.................11
Lekòl Konkou Antre Yo ...................12
Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik ..12
Elèv ki Genyen Andikap (ki Enfim)12
Elèv k ap Aprann Anglè..................13
Kòman nou Klase Lekòl yo ...................14
Map Pakou Lekòl Mwayèn Yo ..............15
Lekòl K-8 Yo nan Yon Koudèy ..............16
Pwofil Lekòl K-8 Yo ...............................19
Lekòl Segondè Yo nan Yon Koudèy .....48
Pwofil Lekòl Segondè Yo
Lekòl Segondè ki Fè
Enskripsyon Ouvè ...........................50
Lekòl Segondè ki Fè
Admisyon Espesyal .........................69
Lekòl Edikasyon Espesya........................82
Resous pou Fanmi ak Elèv.....................85

## Dekouvri Lekòl Piblik Boston 2019-2020

Yon piblikasyon Lekòl Piblik Boston
Bolling Municipal Building
2300 Washington St., Roxbury, MA 02119
617-635-9000

Laura Perille
*Sipèentandan Pwovizwa*

**Komite Lekòl**
**Vil Boston**

Michael Loconto, *Prezidan*
Dr. Hardin Coleman, *Vis Prezidan*
Jeri Robinson
Regina Robinson
Alexandra Oliver-Dávila
Michael O'Neill
Dr. Miren Uriarte

Entansyon nou pou *Discover BPS* se pou li sèvi kòm yon entwodiksyon pou regleman ak pwogram Lekòl Piblik Boston yo. Se pa yon gid regleman okonplè. Genyen kèk nan enfòmasyon ki nan paj sa yo ki te kapab chanje depi lè nou te pibliye yo a. Pou plis enfòmasyon, rele oswa ale nan yon Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston (BPS), ke nou mete sou lis ki nan paj 2 a.

Pwodiksyon: Lekòl Piblik Boston
Biwo Kominikasyon

**Novanm 2018**

Lekòl Piblik Boston pa diskrimine sou baz ras, koulè, laj, enfimite, sèks/fi ak gason, idantite seksyèl, kwayans relijye, orijin nasyonal, zansèt/desandan, retalyasyon, oryantasyon seksyèl, jenetik, osinon estati militè, epitou nou pa tolere kèlkilanswa fòm entimidasyon, menas, ak/oswa pèsekisyon.

ENGLISH: Discover Boston Public Schools is available in English, Arabic, Cape Verdean creole, Chinese, French, Haitian creole, Portuguese, Somali, Spanish, and Vietnamese. For a copy, or for assistance, please call or visit any Welcome Center, listed on page 2.

ARABIC: اكتشف مدارس بوسطن العامة متاحة باللغة الإنجليزية والعربية والكريولية الرأس الأخضر والصينية والفرنسية والكريولية الهايتية والبرتغالية والصومالية والإسبانية والفيتنامية. للحصول على نسخة، أو للمساعدة، يرجى الاتصال أو زيارة أي مركز الترحيب، المدرجة في الصفحة 2.

CAPE VERDEAN: *Diskubri Skolas Públiku di Boston* sta dispunivel na Inglês, kriolu di Kabu Verdi, Xinês, Kriolu di Aiti, Portugês, Sumalianu, y Vietnamita. Pa obte un kópia o asistensia, pur favor telefona o vizita kualker Sentru di Boas-Vindas ki sta na pájina 2.

CHINESE: 波士頓公立學校探索有英文、佛德角土語、中文、海地土語、葡萄牙文、索馬里文、西班牙文及越南文版本，索取或求助，請電或到訪列在第2 頁的歡迎中心。

FRENCH: *Découvrez Boston Public Schools* est disponible en anglasi, arabe, créole capverdien, chinois, francais, créole haïtien, portugais, somali, espagnol et vietnamien. Pour obtenir une copie, ou de l'aide, s'il vous plaît appeler ou visiter un centre d'accueil, figurant à la page 2.

HAITIAN CREOLE: *Dekouvri Lekòl Piblik Boston* yo ekri an Angle, an Kreyòl Kapvèdyen, an Chinwa, an Krèyol Ayisyen, an Pòtigè, an Somalyen, an Panyòl ak an Vyetnamyen. Si ou bezwen yon kopi, osnon pou tout lòt kesyon, telefone oswa ale nan nenpòt Biwo Sant Dakèy yo, w ap jwenn yon lis nan paj 2.

PORTUGUESE: *Descubra as Escolas Públicas de Boston* está disponível em inglês, caboverdeano, chinês, haitiano, português, somali, espanhol e vietnamita. Para uma cópia ou para assistência, por favor telefone ou visite qualquer Centro de Bem Vindos, listado na página 2.

SOMALI: *Qoraalada barashada Dugsiyada Dadweynaha Boston* waxa la helayaa iyagoo ku qoran Ingiriisi, Keb-feerde koroyoole, Shiine, Hayshiyan koroyoole, Boortaqiis, Soomaali, Isbaanish, iyo Fiyatnaamiis. Nuqul qoraalkaas ah iyo wixii kaalmo ah, wac ama soo booqo mid ka mid ah Xarumaha Soo-dhaweynta Waalidka ee ku qoran bogga 2.

SPANISH: *Descubra las Escuelas Públicas de Boston* está disponible en inglés, caboverdiano criollo, chino, haitiano criollo, portugués, somalí, español y vietnamita. Para obtener una copia en cualquiera de estos idiomas o para más información, por favor llame o visite cualquier Centro de Bienvenida que se encuentran enumerados en la página 2.

VIETNAMESE: Tập Khám Phá Trường Công Lập Boston được ấn hành bằng Anh Ngữ, Cape Verdean creole, Trung Hoa, Haitian creole, Bồ Đào Nha, Somali, Tây Ban Nha, và tiếng Việt Nam. Nếu quý vị muốn có tập này, hoặc cần sự giúp đỡ, vui lòng gọi điện thoại hoặc đến bất kỳ Trung Tâm Chào Đón nào, được liệt kê ở trang 2.

# Gid Enskripsyon Rapid

## KILÈS ki dwe enskri pou lekòl?

Nan eta Massachusetts, chak elèv dwe kòmanse lekòl nan mwa septanm ane kalandriye l ap genyen laj sizan an. (Pou Ane Lekòl 2019-2020 la, fò l te fèt an 2013). Nan Boston, plas yo pou Jadendanfan K2 garanti pou tout elèv k ap genyen laj 5 an rive 1ye septanm 2019, pou Ane Lekòl 2019-2020 la. Epitou genyen plas limite pou timoun laj 3 ak 4 an, byenke plas sila yo pa garanti.

## KI SA ki chwa lekòl mwen yo?

Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri yon lis chwa lekòl pèsonalize pou chak fanmi ke yo baze sou adrès kay yo. Konsilte sit entènèt www.DiscoverBPS.org pou lis pèsonalize pa w la.

## KI KOTE m ka enskri?

Vizite nenpòt nan Sant Dakèy nou yo. Aprann plis sou sa sou sit entènèt: www.bostonpublicschools.org/welcomeservices

- Dorchester - 1216 Dorchester Ave
- East Boston - 312 Border Street
- Roslindale - 515 Hyde Park Ave
- Roxbury - 2300 Washington Street, 2yèm etaj
- Sant Dakèy Pop-Up ki lokalize nan Allston, Dorchester, ak Mattapan

### Orè Sant Dakèy Yo

Dorchester, Roslindale, and Roxbury

| Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi |
|---|---|---|---|---|
| 8:30-5:00 | 8:30-5:00 | Noon-7:00 | 8:30-5:00 | 8:30-5:00 |

East Boston

| Lendi | Madi | Mèkredi* |
|---|---|---|
| 8:30-5:00 | 8:30-5:00 | Noon-7:00 |

* Janvye ak fen Out jiska kòmansman Septanm sèlman

## KI LÈ m dwe enskri?

Ane Lekòl 2018-2019: **Kounye a**

Ane Lekòl 2019-2020 la, pou w ka genyen plis chans pou genyen chwa w pi prefere a:

**3 Janvye-1ye Fevriye** Lekòl Matènèl (K0 ak K1) ak klas 6yèm, 7yèm, oswa 9yèm ane

**11 Fevriye-22 Mas** Jadendanfan, Klas premye ane jiska 5yèm ane, 8yèm, 10yèm jiska 12yèm ane

Plasman garanti pou klas Jadendanfan K2 jiska 12yèm ane kèlkeswa lè w te enskri an. Sepandan, nou reyèlman rekòmande w enskri pandan tou priyoritè w la pou w ka genyen pi bon chans pou w jwenn chwa prefere w yo.

## SE KÒMAN pou m enskri?

Ale nan yon Sant Dakèy. Paran yo oswa responsab yo dwe konplete enskripsyon yo, transfè yo, ak chanjman adrès yo. Pou rann vizit ou pi fasil, opsyon pou w enskri davans disponib sou sit entènèt: sis.mybps.org epi ou kapab pwograme yon randevou sou sit: www.bostonpublicschools.org/appointment. Tanpri vin avèk:

- Idantifikasyon paran an ki genyen foto l ladan l
- Ak de nesans orijinèl timoun nan (oswa paspò l oubyen dokiman I-94 li, si sa ta nesesè)
- Kanè vaksinasyon timoun nan ki ajou (gade nan paj 5)
- De (2) prèv lojman nan Boston (gade nan paj 5)



BOSTON Public Schools Focus on Children

# Kilès ki Bezwen Vizite yon Sant Dakèy?

| Si w... | Ebyen |
|---|---|
| • Fenk Vini Nan Lekòl Piblik Boston<br>• Yon Fanmi ki pa t resevwa plas pou klas jadendanfan K0, K1, oswa K2 ane pase<br>• Enterese pou chanje lekòl | **Ale nan** yon Sant Dakèy avèk dokiman apwopriye yo (gade nan paj 5) |
| • Nan dènye ane w nan yon Lekòl pou Elèv ki Kòmanse Aprann Bonè yo ("Early Learners")<br>• Nan dènye ane w nan yon lekòl Jadendanfan jiska klas 5yèm ane<br>• Nan klas 8yèm ane ak nan ane final ou nan lekòl ou an<br>• Si nou resaman envite w nan yon Klas Travay Avanse<br>• Fanmi ki enterese enskri nan yon lekòl EFA (Ekselans pou Tout Moun ) | **Ranpli** fòm chwa lekòl aktyèl ou a distribye a |

# Aprann Plis Sou Lekòl Nou Yo

## Se ki jan mwen kapab aprann plis sou chak lekòl?

**Sou Entènèt:** www.DiscoverBPS.org se zouti entènèt nou ki la pou l ede w genyen plis konesans sou kèk pwogram diferan, sou lè yo, regleman inifòm yo, enstalasyon yo, ak pèfòmans akademik lekòl yo ki sou lis ou an.

**Sesyon Enfòmasyon:** Nan sezon otòn nan, pèsonèl Sant Dakèy yo genyen sesyon enfòmasyon nan tout vil lan pou ede fanmi yo konprann pwosesis enskripsyon an ak chwa yo pi byen. Pou w jwenn yon orè, konsilte bostonpublicschools.org/welcomeservices osinon mande yon Sant Dakèy.

**Lè Apèsi sou Lekòl Yo:** Chak lekòl òganize twa lè diferan pandan mwa Desanm ak Janvye pou fanmi yo kapab vizite lekòl la epi entèrak avèk pwofesè yo ak pèsonèl yo. Pou w ka jwenn yon orè, konsilte bostonpublicschools.org/schoolpreview oswa yon Sant Dakèy.

**Ekspozisyon Lekòl Yo nan Tout Vil la:** Evènman sa a se yon opòtinite pou w ka genyen enfòmasyon sou tout Lekòl Piblik Bosotn yo nan yon sèl plas la. Evènman sa a ap pran plas samdi, 17 novanm, 2018 depi 9 è dimaten jiska 1 è nan aprè midi. Tout lekòl yo ap genyen reprezantasyon.






BOSTON Public Schools Focus on Children

# Enskri Pitit Ou

## Avan w Vizite yon Sant Dakèy

- Jwenn lis lekòl ou yo sou sit entènèt: **www.DiscoverBPS.org**
- Enskri davans sou sit entènèt: **sis.mybps.org**
- Pwograme yon randevou sou sit: **bostonpublicschools.org/appointment**
- Pote dokiman suivan yo avè w:
  - ✓ Ak de nesans orijinèl timoun nan, fòm I-94 li oswa paspò li
  - ✓ Kanè vaksinasyon timoun nan ki ajou
  - ✓ Idantifikasyon Paran an/Responsab la ki genyen foto l ladan l
  - ✓ Prèv Lojman: de (2) nan dokiman suivan yo ki enprime davans ki genyen non ak adrès aktyèl paran/responsab elèv la ladan yo:
    - Yon bòdwo sèvis piblik (li pa ka yon bòdwo dlo ni yon bòdwo telefòn pòtab), ki pa pi ansyen ke 60 jou
    - Yon kontra lwaye ki ajou, yon akò seksyon 8, oswa yon deklarasyon mèt kay Lekòl Piblik Boston, ki pa pi ansyen ke en (1) an
    - Yon ak notè pou pwopriyete oswa yon pèman ipotèk, oswa yon bòdwo enpo pou pwopriyete ki pa pi ansyen ke ane ki sot pase a
    - Yon fòm W2 ki pa pi ansyen ke en (1) an ki sot pase a, oswa yon souchèk ki pa pi ansyen ke 60 jou
    - Yon lèt nan men yon ajans gouvènman apwouve ki pa pi ansyen ke 60 jou
    - Yon relve labank oswa relve kat kredi ki genyen dat ladan l ki pa pi ansyen ke 60 jou

**Konsilte bostonpublicschools.org/register pou w gade yon videyo sou enskripsyon**

## Vizite yon Sant Dakèy

Vini avèk dokiman yo ki sou lis anwo a nan youn nan kat Sant Dakèy nou yo (gade nan paj 2).

- Si w ap enskri pou ane lekòl sa a (2018-2019), vini pi vit ke posib, nenpòt lè nou ouvri.
- Si wa p enskri pou pwochèn ane lekòl la (2019-2020):
  - ✓ W ap antre nan klas jadendanfan K0, K1, 6yèm, 7yèm oswa 9yèm ane: vizite nenpòt Sant Dakèy ant 3 Janvye ak 1ye Fevriye pou w ka genyen pi bon chans pou w jwenn chwa prefere w yo. N ap enfòme w pa pi ta ke 29 Mas.
  - ✓ Pou elèv k ap antre nan nenpòt lòt klas, vizite nenpòt Sant Dakèy ant 11 Fevriye ak 22 Mas pou w genyen pi bon chans pou w jwenn chwa prefere w yo. N ap enfòme w pa pi ta ke 31 Me.
  - ✓ Genyen plas ki garanti pou klas jadendanfan K2 jiska 12yèm ane kèlkeswa lè w enskri.

## Lis Vaksen ki Egzijib pou Enskri pou Lekòl

(Nòt Avètisman: egzijans yo se pou ane sa a sèlman.)

| | K0/K1 (laj 3-4 zan) | K2 (laj 4-5 an) | Ane 1-6 | Ane 7-12 |
|---|---|---|---|---|
| Hepatiti B | 3 dòz | 3 dòz | 3 dòz | 3 dòz |
| DtaP/DTP/DT/Td | ≥ 4 dòz DTaP/DTP | 5 dòz DTaP/DTP | ≥4 DTaP/DTP oubyen ≥3 Td | ≥4 dòz DTaP/DTP oubyen ≥3 Td 1; epi 1 dòz Tdap |
| Polyo | ≥ 3 dòz | 4 dòz | ≥ 4 dòz | ≥ 4 dòz |
| "Hib" | 1-4 dòz | 0 | 0 | 0 |
| MMR | 1 dòz | 2 dòz | Klas 1-5: 2 MMR<br>Ane 6: 2 lawoujòl, 1 malmouton, 1 saranpyon | 2 MMR |
| Varisèl (saranpyon) | 1 dòz * | 2 dòz * | Ane. 1-5: 2 dòz*<br>Ane. 6: 1 dòz* | 2 dòz* |
| | * oswa dokimantasyon sou maladi a | | | |

Pou plis enfòmasyon, vizite **www.mass.gov** ak tape "vaksinasyon" nan bwat rechèch la. Kontakte BPS Health Services nan 617-635-6788 si w gen nenpòt kesyon.

# Enskri Pitit Ou

## Pwochèn Etap Yo

- **Si pitit ou pa yon Elèv k ap Aprann Anglè epi l pa andikape:** N ap ba li yon plas nan yon lekòl nan kèk jou sèlman aprè w fin enskri l pou ane lekòl sa a. Si w te enskri pou pwochèn ane lekòl la, tanpri gade dat ki sou lis ki andedan paj kouvèti an.
- **Si genyen yon lòt lang fanmi an pale nan kay la apa de Anglè:** Fanmi w lan ka bezwen vizite Sant Evalyasyon ak **Konsèy pou Elèv ki Fenk Vini Yo** ("Newcomer Assessment & Counseling Center") pou yon egzamen lang.
- **Si pitit ou an genyen yon andikap:** N ap voye chwa lekòl ou yo bay **Biwo Edikasyon Espesyal** la («Office of Special Education») pou verifikasyon (e li posib nou ka tou deziyen l pou yon lekòl).
- **Demann pou fòmasyon pwofesyonèl ki andeyò distri a:** Elèv k ap konsidere opsyon sa a dwe kontakte Biwo Karyè ak Edikasyon Teknik la ("Office of Career and Technical Education") pou èd ak pwosesis sa a (msylvaria@bostonpublicschools.org). Dat limit la pou demann sa a se premye Avril.
- **Si w ap enskri pitit ou pou ni ane lekòl sa a ni pou pwochèn ane lekòl la:** Nou kapab deziyen pitit ou an pou yon lekòl ane sa a ak pou yon lekòl diferan pou pwochèn ane a. Pandanke Lekòl Piblik Boston fè sa l kapab pou l mete elèv yo nan menm lekòl la pou toude ane yo, se pa toutan ki genyen plas disponib nan tout ane lekòl yo nan menm lekòl la. Si w enskri pandan premye tou an pou klas pwochèn ane a, sa ap ogmante chans pitit ou pou l jwenn yon plas nan menm lekòl la pou toude ane yo.

### Egzijans Laj pou Enskripsyon pou Ane Lekòl 2019-2020 an

| Dat nesans | Laj apati dat 1ye septanm, 2019 | Klas |
|---|---|---|
| | Elèv k ap Aprann Bonè yo | |
| 2016 | Laj 3 an | K0 |
| 2015 | Laj 4 an | K1 |
| 2014 | Laj 5 an | K2 |
| 2013 | Laj 6 an | 1 |
| | Lekòl Elemantè | |
| 2012 | Laj 7 an | 2 |
| 2011 | Laj 8 an | 3 |
| 2010 | Laj 9 an | 4 |
| 2009 | Laj 10 an | 5 |
| | Lekòl Mwayèn | |
| 2008 | Laj 11 an | 6 |
| 2007 | Laj 12 an | 7 |
| 2006 | Laj 13 an | 8 |
| | Lekòl Segondè | |
| 2005 | Laj 14 an | 9 |
| 2004 | Laj 15 an | 10 |
| 2003 | Laj 16 an | 11 |
| 2002 | Laj 17 an | 12 |
| 2001 | Laj 18 an | N ap deziyen elèv yo selon bezwen patikilye ak disponibilite pwogram yo. |
| 2000 | Laj 19 an | |
| 1999 | Laj 20 an | |
| 1998 | Laj 21 an | |
| 1997 | Laj 22 an | |

## Elèv ki San Lojman

Si w deplase pou w al nan yon abri, oubyen w ap viv ansanm ak yon lòt fanmi (w ap pataje lojman yon lòt moun akoz ou te pèdi kay ou ak akoz difikilte ekonomik), osinon w ap viv nan okenn lòt sitiyasyon tanporè, ale nan nenpòt Sant Dakèy epi bay yo nouvo adrès ou an.

Elèv yo genyen dwa pou yo rete nan lekòl yo ladan l nan moman an pandan tan yo san lojman an, menm si yo deplase ale nan yon lòt distri skolè. N ap bay yo transpòtasyon pou yon elèv jadendanfan K0 a K2 si trajè a 45 minit oswa mwens. N ap bay transpòtasyon pou elèv klas premye ane jiska 12yèm ane si trajè a inèd tan oswa mwens. Elèv yo genyen dwa pou yo rete nan lekòl yo ladan l la, ke yo abite ak paran yo ou non. Epitou, paran an/responsab la ka chwazi pou l enskri timoun nan nan yon lekòl ki sou lis lekòl ki pre kay li, nan bouk, oswa vil kote l ap viv tanporèman an. Si yon elèv vin san lojman pandan ete a epi l oblije deplase, elèv la kapab retounen lekòl la li te ladan l oparavan an. Nou ka ba li transpòtasyon amwenske nouvo adrès la a yon distans ki mwens pase yon mil a lekòl la. Si fanmi an ale nan yon lojman pèmanan, elèv la kapab fini ane a nan menm lekòl la epi n ap ba li transpòtasyon.

Pou asistans, tanpri rele Rezo Resous Edikasyon San Lojman an ("Homeless Education Resource Network") nan nimewo 617-635-8037.

# Regleman sou Plasman Lekòl

Lekòl Piblik Boston genyen yon regleman sou plasman elèv ki Baze sou Adrès Kay pou bay elèv klas jadendanfan K0 yo jiska 8yèm ane yo plasman nan lekòl yo.  Tout lekòl segondè nou yo toujou rete kòm opsyon pou tout elèv nou yo nan tout vil la.

## Plan ki Baze sou Adrès Kay la itilize kay elèv la kòm yon pwen depa.

Lekòl Piblik Boston ofri yon lis chwa lekòl personalize pou l fè si chak fanmi genyen aksè a kèk bonjan kalite lekòl, kèlkeswa kote yo abite.  Chak fanmi genyen chwa sis lekòl pou pi piti; majorite a ap genyen ant 10 ak 14 chwa. Elèv k ap aprann Anglè ak elèv Edikasyon Espesyal yo kapab genyen kèk ajisteman nan lis chwa yo selon bezwen patikilye yo. Gade nan paj 13 pou plis detay.

### Lis sa a genyen ladan l:

- Chak lekòl ki a yon distans ki mwens pase yon mil a kay la
- Jan sa ta nesesè, opsyon lekòl segondè ki pwòch
- Òf pwogram patikilye pou nivo klas timoun nan, tankou yon pwogram bileng, yon pwogram jadendanfan K0, opsyon pou tout vil la, opsyon rejyonal, ak/oswa yon pwogram Travay Klas Avanse (AWC)

Elèv ki fè yon demann pandan enskripsyon priyoritè a genyen pi bon chans lan pou yo jwenn plasman nan lekòl yo pi prefere yo.  Plan ki Baze sou Adrès Kay la sèvi ak yon algorit, ki sanble ak yon lotri, pou detèmine plasman selon yon chif ki bay owaza ak yon seri priyorite (gade nan paj 8 pou plis etay).  Pakonsekan, nou pa kapab garanti yon kandida ap jwenn plasman nan youn nan chwa l pi prefere yo.  Epitou, akoz kantite plas yo limite, nou pa kapab garanti plasman pou ni jadendanfan K0 ni jadendanfan K1.



### Lejann pou Plan ki Baze sou Adrès Kay La

*Egzanp pou elèv jadendanfan K2 ki abite nan 2300 Washington Street, Roxbury*

- Lekòl a yon distans ki mwens pase yon mil a kay la
- Bonjan kalite opsyon anplis
- Opsyon nan tout vil la
- Lekòl ki pi pwòch pou elèv k ap kòmanse aprann bonè yo (EEC/ELC)
- Lòt

# Regleman sou Plasman Lekòl

## Ki sa ki "priyorite yo"?

Pafwa, yon lekòl ka pa genyen pas pou tout elèv ki mete l sou lis kòm chwa yo. Lè sa rive, òdinatè a deziyen elèv yo selon priyorite:

1. Priyorite Lekòl Aktyèl
2. Priyorite Frè ak Sè
3. Priyorite EEC/ELC (Elèv k ap kòmanse aprann bonè)
4. Priyorite East Boston/Priyorite ki pa East Boston

### Priyorite Lekòl Aktyèl

Li bay yon elèv priyorite pou yon pwogram nan lekòl li a sou yon lòt elèv ki nan yon lekòl diferan. Pa egzanp, yon elèv ki enskri nan moman sa a nan klas 3yèm ane nan lekòl Hennigan School la ap resevwa yon priyorite pou yon plas pou Klas Travay Avanse a (AWC) nan yon nivo klas 4yèm ane nan Hennigan nan sou yon elèv 3yèm ane ki ale nan lekòl Mendell School la ki chwazi pwogram AWC lekòl Hennigan nan sou lis chwa pa yo a.

### Priyorite Frè ak Sè

Lekòl Piblik Boston travay pou l kenbe fanmi yo ansanm nan menm lekòl yo si se sa paran yo prefere. Pou ede rann sa posib, regleman an bay frè ak sè priyorite pou ogmante chans yo pou yo ale nan menm lekòl. Sepandan, akoz lekòl yo pa toujou genyen plas pou tout frè ak sè yo ki fè demann sa a pou yo, plasman frè ak sè nan menm lekòl yo pa garanti.

### Priyorite pou elèv k ap fè demann pou Klas 2yèm ane ki soti nan Lekòl pou Elèv k ap Aprann Bonè

Elèv k ap fini klas premye ane nan yon lekòl pou Elèv k ap Aprann Bonè san yon lekòl pakou (chemen) garanti genyen yon priyorite pi wo pou plas ki disponib nan Klas 2yèm ane yo avan nouvo elèv yo osinon elèv k ap transfere sot nan yon lòt lekòl ki pa genyen ni frè ni sè nan lekòl sa a.

### Priyorite East Boston/Pa East Boston

Etandone vil Boston genyen yon jewografi inik, nou bay elèv ki abite nan East Boston yo priyorite pou lekòl ki nan East Boston yo epi nou bay elèv ki abite andeyò East Boston yo priyorite pou lekòl ki andeyò East Boston yo, amwenske yo ta chwazi otreman.

### Nimewo Owaza

Odinatè a bay chak aplikasyon yon nimewo owaza. Nou itilize nimewo owaza yo pou nou pran desizyon nan ka kote elèv yo genyen menm priyorite pou yon lekòl.

## Lis Datant

Si w pa jwenn premye chwa w yo, Lekòl Piblik Boston ap eseye bay pitit ou an yon plas pou youn nan lòt chwa w yo. Epitou, n ap mete pitit ou an sou youn oswa plizyè lis datant selon regleman nou dekri anba a.

### Fanmi ki enskri avan 22 Mas, 2019:

- Ap sou lis datant pou lekòl yo te klase sou lis chwa yo rive jisk **15 jen, 2019**. Lè sa a, n ap plase elèv yo nan lekòl ki sou lis datant lan tank y ap vin disponib.
- Aprè 15 jen, 2019, elèv yo ap otomatikman rete sou yon lis datant, lekòl yo klase ki pi wo a, amwenske yon paran kontakte yon Sant Dakèy pou spesifye otremann.
- Si yon plas vin disponib, elèv yo ap jwenn plasman **otomatikman** nan lis datant ki genyen lekòl ki klase pi wo yo rive jisk an mwa jiyè. Si w kontan ak plasma pitit ou jwenn nan epi w pa vle nou mete pitit ou nan yon lekòl ki klase pi wo, tanpri retire pitit ou nan tout lis datant yo.

### Fanmi ki enskri aprè 22 mas, 2019:

- N ap plase yo otomatikman nan yon lis datant pou lekòl yo klase pi wo a.

### Nòt sou Lis Datant:

- Lis Datant yo ap ekspire **30 novanm pou klas premye jiska 12yèm ane yo ak 31 janvye pou klas jadendanfan K0 a K2**.
- Akoz pwoblèm kapasite, Lekòl Piblik Boston ka genyen pou l deziyen elèv ki fenk enskri yo, ki genyen laj 5 an oswa plis, lekòl avan elèv ki nan lis datat yo nan moman an.
- Si w reyaktive yon lis datant ou te deja retire non w sou li, n ap ajoute pitit ou an nan fen lis datant lan.

## Resevwa yon Plasman ki sot nan yon Lis Datant

- Aprè jiyè, si yon plas vin disopnib, Lekòl Piblik Boston ap kontakte fanmi yo nan imel oswa nan telefòn. Tanpri rele oswa vizite youn nan Sant Dakèy yo pou w fè si enfòmasyon kontak ou ajou.

# Regleman sou Plasman Lekòl

## Pakou Lekòl Mwayèn

Pou elèv edikasyon jeneral yo, chak lekòl elemantè konekte ak yon lekòl 6yèm a 8yèm ane osinon yon lekòl jadendanfan jiska 8yèm ane kòm yon pakou/ chemen garanti (gade map pakou an nan paj 17 la). An janvye, fanmi klas senkyèm ane yo ki nan lekòl elemantè yo ap resevwa yon lèt k ap genyen yon lis lekòl pakou yo sou li. Si w kontan ak opsyon pakou w lan, n ap enskri w ladan l otomatikman pou klas 6yèm ane a. Si w vle fè kèk lòt chwa, tanpri ranpli yon fòmilè "chwa lekòl" pandan peryòd enskripsyon priyoritè a pou w ka genyen meyè chans pou w jwenn lekòl ou pi prefere a.

## Chanje Adrès Ou

Si w te chanje kay depi lè w te enskri an, vizite yon Sant Dakèy avèk pyès idantifikasyon ou ki genyen foto w ladan l ak de (2) prèv lojman nan Boston (gade nan paj 5).

**Note ke nou pa ka chanje estasyon bis ou an toutotan w pa chanje adrès ou.**

Antre nouvo adrès ou an nan sit entènèt www.DiscoverBPS.org la pou w ka eksplore nouvo lis chwa fanmi w lan.

**Si lekòl aktyèl pitit ou an sou nouvo lis ki Baze sou Adrès Kay la:**

- Pitit ou an kapab rete nan lekòl aktyèl li an epi li ka elijib pou sèvis transpòtasyon.
- Oubyen, ou kapab chwazi yon nouvo lekòl pou pitit ou.

**Si nouvo lekòl pitit ou an PA sou nouvo lis ki Baze sou Adrès Kay la:**

- Pitit ou an kapab rete nan lekòl aktyèl li an, men li p ap elijib pou transpòtasyon.
- Ou kapab chwazi yon nouvo lekòl pou pitit ou an ki sou lis chwa l la epi li kapab elijib pou transpòtasyon.



## Transfere nan Yon Lekòl

Nan Lekòl Piblik Boston, yon transfè se lòske yon elèv deplase sot nan yon Lekòl Piblik Boston pou l ale nan yon lòt Lekòl Piblik Boston. Si pitit ou ale nan yon lekòl ki andeyò Boston nan moman sa a , osinon l ale nan yon lekòl prive, relijye, oswa yon lekòl "charter", tanpri suiv enstriksyon yo pou enskripsyon ki nan paj 5 lan de preferans.

**Pou yon paran soumèt yon transfè, li dwe ale nan yon Sant Dakèy avèk yon pyès idantifikasyon ki genyen foto l ladan l.**

- Transfè yo pou ane lekòl aktyèl la ap pran fen 30 novanm, 2018 pou klas premye a 12yèm ane yo ak 31 janvye, 2018 pou jadendanfan K0 a K2.
- Transfè yo pou pwochèn ane lekòl la ap kòmanse janvye, 2019. Tanpri suiv kwonolji enskripsyon an ki anndan paj kouvèti an.

**Tanpri note:**

- Akoz plas yo limite, transfè yo pa garanti. N ap mete elèv yo nan lekòl yo klase pi wo a si toutfwa yon plas ta disponib.
- Yon transfè ap ranplase nenpòt plasman, klasman, oswa lis datant. Sa vle di, si nou akòde l yon transfè pou ane lekòl aktyèl la, pitit ou ap pèdi plasman l pou ane lekòl aktyèl li an. Menm jan an tou, si nou akòde l yon transfè pou pwochèn ane lekòl la, pitit ou ap pèdi plasman l pou pwochèn ane lekòl la.
- Menm jan an tou, si nou akòde yon transfè pou pwochenn ane lekòl la, pitit ou an ap pèdi nenpòt plasman li te gen oparavan pou pwochenn ane lekòl la.
- Pou tout demann transfè, si pa genyen plas disponib, n ap mete pitit ou sou lis datant lan pou lekòl premye chwa l la jiskaske lis datant yo ekspire.
- Si nou deziyen pitit ou an pou yon pwogram edikasyon espesyal pou elèv ki genyen anpil bezwen (enklizyon okonplè oswa ki konplètman apa), n ap revize demann transfè yo nan fen mwa jiyè/kòmansman out 2019 la e ankò nan mwa novanm 2019.
  Si pitit ou an nan yon pwogram jadendanfan, n ap revize demann sa yo tou an janvye 2020.
  Anplis de vizite yon Sant Dakèy, paran yo kapab fè demann alekri tou pou yon transfè, atravè kowòdinatè ki lekòl yo a.
  Tanpri note ke regleman sou zafè transfè yo gen pou wè ak elèv k ap prale nan menm pwogram nan, nan yon lekòl diferan, e l pa gen pou wè ak elèv ki bezwen yon lekòl ak/oswa yon pwogram diferan, jan Ekip IEP a ta detèmine sa.

# Transpòtasyon

## Transpòtasyon

617-635-9520  Enfòmasyon
**bostonpublicschools.org/transportation**

### Elèv sa yo elijib pou transpòtasyon:

- Elèv ki abite yon distans ki yon mil oswa ki pi lwen a Sant Edikasyon Timoun Piti Yo a, Sant Elèv k ap Aprann Bonè Yo a, oswa lekòl elemantè yo a
- Elèv ki abite yon distans yon mil edmi oswa ki pi lwen a lekòl mwayèn yo a
- Elèv ki abite de (2) mil a lekòl segondè yo a osinon pi lwen pase sa

Majorite elèv ki monte yon otobis lekòl, monte e desann nan yon pwent kafou touprè lakay yo.

Elèv ki nan klas 7yèm ane rive nan 12yèm ane yo ap jwenn yon kat lese-pase MBTA oswa yon konbinezon kat lese-pase MBTA ak yon otobis lekòl. Elèv klas sizyèm ane yo kapab chwazi pou yo resevwa yon kat lese-pase si yo rele Biwo Transpòtasyon an.



Lòske nou deziyen pitit ou an pou yon lekòl, n ap fè w konnen si pitit ou an ap elijib pou transpòtasyon. Pou enskripsyon k ap pran plas pandan menm ane a, w ap resevwa enfòmasyon w lan atravè lapòs nan mwens ke de (2) semèn. Pou enskripsyon w ap fè nan lavni, w ap resevwa estasyon otobis pitit ou an, nimewo ak orè bis li a atravè lapòs, an mwa Out.

### Transpòtasyon pou Elèv Andikape

Elèv ki andikape yo kapab resevwa sèvis pwent kafou a pwent kafou, sèvis MBTA, oswa sèvis pòt a pòt, jan sa dekri nan Plan Edikasyon Endividyalize yo an (IEP). Pou w ka fè demann pou sèvis yo, tanpri kontakte enfimyè lekòl ou a oswa Sèvis Sante yo nan ete a nan nimewo 617-635-6788. Tanpri note ke transpòtasyon medikal pa renouvle otomatikman chak ane.

### Transpòtasyon Altènatif

Ou kapab fè demann pou "Transpòtasyon Altènatif", pou ale oswa tounen sot nan yon estasyon otobis apa de estasyon ki bò lakay ou an (tankou pou yon pwogram ki pran plas aprè jounen lekòl). Elèv ki pa elijib pou transpòtasyon pou yo ale oswa sot lakay yo kapab fè yon demann pou sèvis sa a tou. Demann ou an sijè a restriksyon suivan yo:

- Estasyon ou fè demann pou li an dwe sou yon wout bis ki deja egziste epi l pa dwe ajoute sou lè trajè a.
- Dwe genyen espas nan bis la pou nou kapab bay nouvo elèv yo plas sou wout bis la.
- Demann nan pou estasyon altènatif la dwe fèt pou tout semèn nan, pa pou kèk jou sèlman.
- Lekòl Piblik Boston pa bay sèvis altènatif pòt a pòt amwenske yon IEP ta mande sa.

Pou plis enfòmasyon ak yon aplikasyon pou transpòtasyon altènatif, tanpri kontakte Biwo Transpòtasyon an.

# Pwogram Nou Ofri

## Jadendanfan

**Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri plizyè opsyon pou elèv pi jèn nou yo pou yo kapab genyen yon kòmansman ki ranpli ak siksè:**

- **Jadendanfan (K2).** Jadendanfan se yon pwogram sizèd tan (pandan tout jounen an) pou elèv laj 5 an yo nan tout lekòl elemantè yo. Plasman pou lekòl yo garanti pou tout timoun ki aplike pou jadendanfan K2 pou tout dire jounen an. Sepandan akoz, espas yo limite, nou pa kapab garanti w plasman nan yon lekòl ou chwazi. Pou w enskri pou jadendanfan K2, timoun yo dwe genyen laj senkan rive premye Septanm, 2018 oswa avan sa.
- **Lekòl Matènèl (jadendanfan K0 oswa K1).** Genyen plis pase 2.400 plas disponib nan K1 pou timoun ki genyen laj katran rive premye Septanm, 2018 oswa avan sa. Epitou genyen ouvèti (plas) trè limite nan K0 pou timoun ki genyen twazan rive premye Septanm, 2018 oswa avan sa. Akoz plas yo limite, nou pa ka ganranti plasman pou pwogram sa yo.
- **Lekòl pou Elèv k ap Kòmanse Aprann Bonè (ELC/ EEC).** Plizyè lekòl ofri pwogram pandan tout jounen an kòmanse nan klas K0/K1 rive nan klas premye oswa 3yèm ane. Lekòl sa yo founi swen avan ak aprè jounen lekòl la 7:30 dimaten pou 4:35 nan aprè midi. Akoz plas yo limite nou pa kapab garanti yon plasman nan pwogram sa yo, men nou ankouraje fanmi yo aplike.

### Kèk Nòt Enpòtan sou Jadendanfan

- Nou garanti tout elèv jadendanfan yo ki fè pati pwogram edikasyon jeneral la yon plas jiska dènye klas lekòl nou mete yo ladan l lan, selon machasuiv nou genyen yo pou plan plasman elèv nou yo.
- Pou w konnen ki pwogram jadendanfan pitit ou an elijib pou li, tanpri gade nan tablo ki nan paj 6 la.
- Lwa eta a daklare ke chak timoun dwe ale lekòl kòmanse an mwa septanm nan, nan ane kalandriye elèv la vin genyen laj sizan an.
- Byenke pwogram jadendanfan K1 pou timoun laj katran Lekòl Piblik Boston yo (BPS) pran ekstansyon nan ane resan yo, nou pa kapab garanti plasman. Si w bezwen yon pwogram pou timoun laj twazan oswa katran w lan, nou ankouraje w tcheke pwogram "Head Start" la, pwogram "Child Care Choices of Boston" nan (childcarechoicesofboston.org), ak lòt opsyon lekòl matènèl.

> **Konte Jou pou Jadendanfan** angaje fanmi yo, edikatè yo ak kominote a nan yon efò k app ran plas nan tout vil lan pou amelyore opòtinite aprantisaj pou elèv k ap kòmanse aprann bonè epi sipòte tranzisyon yo genyen pou yo fè lòske y ap antre nan jadendanfan. Majistra Martin J. Walsh ak Komite Lekòl Boston an genyen yon patenarya avèk 28 òganizasyon lokal pou yo mete sou pye yon kanpay preparasyon pou lekòl k ap ede fanmi yo patisipe nan yon fason aktif nan edikasyon pitit yo depi okòmansman, k ap ede yo konprann valè jadendanfan, epi aprann ki jan pou yo chwazi lekòl yo epi enskri nan Lekòl Piblik Boston.
>
> Konsilte sit entènèt countdowntokindergarten.org pou pwogram ak dat evènman k ap pran plas tou prè w yo.

## Klas Travay Avanse (klas 4yèm a 6yèm ane)

617-635-9450 Tès/Egzamen
617-635-9512 Plasman
617-635-9202 Kourikoulòm
bostonpublicschools.org/AWC

**Klas Travay Avanse (AWC)** se yon pwogram aplentan nan Lekòl Piblik Boston yo ki founi elèv klas 4yèm a 6yèm ane yo avèk yon kourikoulòm akademik akselere. Pwogram sa a disponib ni an anglè ni an espasyòl, epi l genyen ladan l plis travay lekòl ak plis etid pou elèv la fè lakay li pase kourikoulòm tradisyonèl la. Pou yo ka patisipe, elèv yo dwe kalifye epi nou dwe envite yo selon nòt yo fè nan egzamen lang anglè Terra Nova a (3yèm edisyon) oswa nan egzamen Espayòl SUPERA. Nou bay egzamen elijibilite sa yo pandan sezon otòn nan, nan klas 3yèm, 4yèm, ak 5yèm ane yo. Si nou te envite pitit ou an pou l patisipe nan AWC, lis chwa lekòl ou yo ap genyen ladan l ni pwogram AWC an, ni pwogram regilye yo kòm pwogram nou ofri. Akoz disponibilite yo limite, yon envitasyon se pa yon garanti pou plasman nan pwogram AWC a.

## Ekselans pou Tout Elèv (klas 4yèm a 6yèm ane)

617-635-9202 Enfòmasyon

**Ekselans pou Tout Elèv** ("Excellence for All" - EFA) se yon inisyatif ki kreye pou l bay plis aksè a yon kourikoulòm ki pi djanm ansanm ak eksperyans ki pou anrichi edikasyon elèv yo nan Lekòl Piblik Boston yo. Nou founi Klas EFA yo avèk resous ak sipò pou elèv yo nan domèn akademik, anrichisman, aprantisaj sosyal emosyonèl, aprantisaj pèsonalize, ak fonksyon egzekitif. Lekòl yo mete anpil anfaz sou amelyorasyon abilte ekriti elèv yo epi yo founi yo avèk eksperyans kreyasyon ak rezolisyon nouvo kalite pwoblèm. Elèv yo nan klas 4yèm ak 5yèm ane yo nan lekòl EFA yo fè yon pwojè nan fen ane a ki reyini ansanm plizyè kalite domèn epi yo prezante produi final la devan paran yo, kamarad yo, ak edikatè yo. Epitou, EFA genyen yon pwogram STEM ki djanm. Elèv klas 4yèm ane yo resevwa ansèyman nan kodaj/chifraj òdinatè. Elèv 5yèm ane yo resevwa ansèyman nan wobotik. Nan plizyè lekòl, elèv yo resevwa ansèyman nan Lang Mondyal yo. Pwofesè yo nan lekòl pilòt yo resevwa devlopman pwofesyonèl anplis nan ekriti, konsepsyon leson, ansèyman ki konfòme ak edikasyon debaz komen an, ak aprantisaj sosyal-emosyonèl.

# Pwogram Nou Ofri

## Lekòl Konkou Antre Yo (klas 7yèm a 12yèm ane)

617-635-9512 Enfòmasyon

bostonpublicschools.org/exam

Lekòl Piblik Boston (BPS) genyen twa "lekòl konkou antre" pou klas 7yèm jiska 12yèm ane ki admèt elèv pa mwayen yon lòt pwosesis apa: Boston Latin Academy, Boston Latin School, ak John D. O'Bryant School of Mathematics & Science. Lekòl O'Bryant la asepte kèk lòt nouvo elèv pou klas 10yèm ane a. Admisyon yo baze konplètman sou mwayèn jeneral nòt yon elèv ("grade point average" – GPA) ansanm ak rezilta li genyen nan Egzamen Antre Lekòl Endepandan Yo ("Independent Schools Entrance Exam" – ISEE).

Elèv ki pa enskri nan Lekòl Piblik Boston nan moman sa a dwe ale nan yon Sant Dakèy epi verifye lojman yo nan Boston avan yo pran egzamen an. Pou nou kapab konsidere yon elèv pou admisyon nan yon lekòl konkou antre, verifikasyon sa a dwe fèt avan elèv la pran egzamen ki pwograme a.

Elèv ki elèv Lekòl Piblik Boston nan moman sa a pa bezwen konplete pwosesis verifikasyon lojman an.

## Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik (CTE) (klas 9yèm a 12yèm ane)

Pou enfòmasyon, rele: 617-635-9186

bostonpublicschools.org/cte

Lekòl Piblik Boston devlope yon seri opòtinite Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik (CTE) pou pèmèt elèv yo kapab konpetitif nan plis pase 25 domèn. CTE bay aprantisaj pratik ki devlope konesans akademik e teknik, konpetans pou rezoud pwoblèm, konpetans pou jwenn e kenbe yon travay, ak konpetans pwofesyonèl espesifik ki menen a akreditasyon endistriyèl (ki bay elèv yo kredi nan domèn endistri). Objektif nou se pou tout elèv CTE genyen konpetans akademik, teknik, e pwofesyonèl lòske lè a rive pou yo diplome, pou yo kapab genyen aksè a kèk opòtinite solid aprè yo fin lekòl segondè, pami yo: diplòm nan inivèsite dezan ak inivèsite katran, sètifika, ak pwogram fòmasyon teknik ak aprantisaj.

Lekòl Piblik Boston ofri plis pase 40 Pakou atravè de (2) kalite pwogram Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik:

- **Pwogram Chapit 74**, ke nou ofri nan lekòl Madison Park Technical Vocational High School, lekòl English High School, lekòl Boston Arts Academy, ak lekòl Kennedy Academy for Health Careers. Pwogram sa yo satisfè definisyon "edikasyon pwofesyonèl teknik" ki nan chapit 74 Lwa Jeneral Massachusetts la ak Lwa Perkins lan, epitou Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la apwouve yo.



- **Pakou CTE ki pa Chapit 74**, ke nou ofri nan lekòl segondè jeneral Boston yo, pami yo: lekòl Boston Green Academy, lekòl Boston International, lekòl East Boston, lekòl Jeremiah E. Burke, lekòl John D. O'Bryant, lekòl New Mission, ak lekòl TechBoston Academy. Pwogram sa yo satisfè definisyon "edikasyon pwofesyonèl teknik" ki nan Lwa Perkins nan, epitou Lekòl Piblik Boston (BPS) apwouve yo.

**Demann pwfosyonèl andeyò distri a**

Pou demann lekòl pou elèv ki pa abite nan yon distri ki deyò distri a pou nenpòt rekèt plasman pwofesyonèl andeyò distri a, yo dwe soumèt demann sa yo bay Direktè Egzekitif Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik la, swa nan imel oswa pa mwayen lapòs, anvan 1ye avril pou yo kapab konsidere yo pou sezon otòn k ap vini an. Elèv k ap konsidere opsyon sa a dwe kontakte Biwo Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik la pou yo kapab jwenn asistans nan pwosesis sa a.

Nou founi tout endividi avèk aksè egalego a pwogram, sèvis, ak aktivite edikatif karyè/pwofesyonèl teknik, enkli sila yo ki fè pati popilasyon espesyal yo, epi nou pa diskrimine kont yo sou baz estati yo antanke manm popilasyon espesyal, ni sou baz ras, koulè, sèks, orijin nasyonal, andikap, relijyon, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ni konpetans nan lang anglè. Lwa Perkins lan, Seksyon 122 ak 134, Regleman sou Edikasyon Pwofesyonèl Teknik 603 CMR 4.03(4) (6) (7), M.G.L.c.76, Seksyon 5.

## Elèv Enfim Yo

617-635-8599 Enfòmasyon

Biwo Edikasyon Espesyal la bay fanmi ak lekòl direksyon ak asistans pou sipòte reyisit elèv ki enfim yo.

Si w sispèk elèv Lekòl Piblik Boston w lan (BPS ou an) ka enfim, tanpri kontakte direktè lekòl elèv la. Si elèv ou an pa ale nan yon Lekòl Piblik Boston, kontakte Biwo Edikasyon Espesyal la nan nimewo ki mansyone anwo a.

# Pwogram Nou Ofri

## Elèv k ap Aprann Anglè

617-635-9435 Enfòmasyon
617-635-1565 Egzamen ak Plasman
(NACC – 2yèm etaj bilding Bolling Building nan)
bostonpublicschools.org/EL

Elèv k ap Aprann Anglè Yo (ELs) se elèv sila yo lang natif-natal yo se lòt lang ki pa anglè, epi ki pa konpetan ase nan anglè akademik pou yo fè travay klas yo an anglè san sipò lengwistik. Prèske 18.000 elèv nan Lekòl Piblik Boston, BPS (31% pami tout elèv BPS yo) se elèv nou klasifye kòm Elèv k ap Aprann Anglè.

Si yon elèv pale yon lang ki pa lang anglè, y ap ba li yon tès nan Sant Evalyasyon ak **Konsèy Elèv ki Fenk Vini Boston** yo ("Newcomers Assessment and Counseling Center" – NACC).

- Out jiska Me: lendi, madi, jedi ak vandredi, 7:30 dimaten pou 5:00 nan aprè midi.
- Out jiska Me: mèkredi, 12:30 (midi edmi) pou 7:00 diswa.
- Out jiska Me: lè samdi, 10:00 dimaten pou 4:00 nan aprè midi.
- Jen: lendi jiska vandredi, 9:00 dimaten pou 3:30 nan aprè midi.
- Jiyè: lendi jiska jedi, 9:30 pou 6:00 diswa.

Tès sa yo detèmine abilte lengwistik anglè elèv la epi yo ede fanmi yo chwazi sèvis edikasyon k ap bi bon pou yo. Li trèzenpòtan pou fanmi yo vini pou evalyasyon sa a.

### Konsèy Konsiltatif Distri a pou Elèv k ap Aprann Anglè (DELAC)

Komite Konsèy Distri a pou Elèv k ap Aprann Anglè se yon gwoup paran Elèv k ap Aprann Anglè ki genyen kòm objektif konseye Biwo Elèv k ap Aprann Anglè a nan zafè ki anrapò ak Elèv k ap Aprann Anglè yo. .

**Konferans nan bilding Bolling Building lan**
15 mas, 2019
6è pou 8è diswa

**Konferans nan Mize "Children's Museum" nan ("Mize pou Timoun")**
14 jen, 2019 (pou kounye a)
5:30 -7:30 diswa

**Dat Reyinyon yo**

01/10/2019
02/14/2019
03/14/2019
04/11/2019
05/09/2019
06/13/2019
08/08/2019

## Opsyon Pwogram EL Yo (EL vle di: Elèv k ap Aprann Anglè):

- **Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL) nan Edikasyon Jeneral -** Pou lekòl ki pa genyen pwogram lengwistik (pwogram lang), yo deziyen Elèv k ap aprann Anglè yo pou yo nan klas edikasyon jeneral, men yo resevwa devlopman nan lang anglè atravè klas ESL (ki se: Anglè kòm Dezyèm Lang). Li enpotan pou n note ke nou egzije ke se pwofesè ki kalifye ki dwe anseye Elèv k ap Aprann Anglè yo (ELs) nan klas edikasyon jeneral yo.
- **Edikasyon Doub Lang -** Elèv ki pale anglè ak sila yo ki pale yon lòt lang, aprann yon lang patnè ak kontni akademik ansanm. Objektif la se pou tout elèv yo vin letre (alfabè) nan toude lang yo e pale yo swa. Nan moman sa a, Lekòl Piblik Boston genyen lekòl ki ofri pwogram kreyòl ayisyen oswa espayòl.
- **Pwogram Enstriksyon Pwoteje an Anglè (Sheltered English Immersion (SEI) language programs) -** Elèv yo se Elèv k ap Aprann Anglè ki (1) genyen yon nivo lang anglè de 1 a 3 epi (2) se yon pwofesè kalifye ki enstri yo nan matyè yo (matematik, syans, istwa, alfabetizasyon). Epitou, pandan tout jounen an, elèv yo resevwa ansèyman ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang), ki kreye pou ede yo aprann lang nan pi vit.

  **Presi nan yon lang -** Lang ansèyman an se yon konbinezon anglè avèk kèk èd nan lang natif natal la, lòske sa nesesè. Lang nou ofri nan moman sa a se: espayòl, kreyòl ayisyen, vyetnamyen, kap vèdyen, ak chinwa.

  **Miltileng (plizyè lang) -** Lang ansèyman an se anglè.
- **Elèv Edikasyon Fòmèl yo te Limite osinon Entèwonp (Students with Limited or Interrupted Formal Education - SLIFE) -** Lekòl Piblik Boston (BPS) rekòmande pwogram sa a pou elèv laj 8 an, oswa pi gran, ki fenk vin Etazini e ke eksperyans edikatif yo mete yo 2 zan an aryè, dèyè kamarad lekòl yo Oz Etazini nan zafè lekòl. Nan pwogram sa a, elèv yo resevwa enstriksyon entans (ki vle di: enstriksyon byen konsantre) nan lang natif natal yo nan lekti/ekri, matematik, syans, ak syans sosyal nan yon anviwònman ti klas piti.
- **Demann pou Pwogram Anplis -** Si 20 paran, oswa plis, nan yon lekòl ta renmen fè yon demann pou yon modèl ansèyman lengwistik (lang) diferan pou lekòl yo an, tanpri soumèt yon lèt bay Biwo Elèv k ap Aprann Anglè a, ki dekri demann nan, akonpaye avèk enfòmasyon kontak gwoup paran an ki enterese nan opòtinite sa a.

# Kòman nou Klase Lekòl yo

## Kontrandi Eta a

**Pou plis enfòmasyon, konsilte sit entènèt: visit www.doe.mass.edu/accountability**

Eta Massachusetts te evalye tout lekòl ki fè pati Lekòl Piblik Boston (pou ane lekòl 2018-2019 la). Yo evalye tout lekòl ki genyen ase done (enfòmasyon) e yo klase yo nan kategori yo selon done tès eta a revele ansanm ak kèk lòt endis. Chak lekòl klasifye swa kòm: **Lekòl ki genyen renome, lekòl ki Satisfè Objektif yo, lekòl ki Satisfiè Objektif yo an apti, lekòl sipò kosantre/sible pou sipò, osinon Anpil sipò/sipò okonplè.**

### Kategori ki Patikilye a Lekòl yo

| Lekòl ki pa bezwen èd ni entèvansyon (apeprè 85% lekòl Massachusetts yo) | | | Lekòl ki bezwen èd osinon entèvansyon (apeprè 15%) | |
|---|---|---|---|---|
| **Lekòl ki Gen Renome** | **Atenn Objektif yo** | **Satisfè Objektif yo an Pati** | **Focused/Sipò Konsantre/ Sible** | **Lekòl Anpil Sipò/Sipò Okonplè** |
| Sila yo ki montre kwasans oswa akonplisman ki reyèlman estraòdinè | Lekòl ki genyen 75 a 100% "pwen objektif" posib | Lekòl ki genyen 0 a 74% "pwen objektif" posib | • Lekòl ki pami dènye 10% yo nan tout eta a<br>• Patisipasyon Evalyasyon ki Ba<br>• Sougwoup Elèv ki Bay Move Rannman<br>• To Gradyasyon ki Ba | Yon sougwoup lekòl Sipò Konsantre:<br>• Lekòl k ap Bay Rannman Enferyè<br>• Lekòl k ap Pede Bay Move Rannman |

## Sistèm Evalyasyon Okonplè Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Assessment System - MCAS)

**Pou plis enfòmasyon, konsilte sit entènèt: www.doe.mass.edu/mcas**

Yo bay egzamen **MCAS** la bay nan Gramè/Literati Anglè (ELA), matematik, ak syans nan plizyè nivo klas. Nan klas 3yèm a 8yèm ane yo, Massachusetts te fè tranzisyon an pou l sèvi ak MCAS "pwochèn jenerasyon" an ('next-generation' MCAS). Lekòl segondè ak syans ap pral fè tranzisyon a evalyasyon pwochèn jenerasyon yo nan ane k ap vini yo. Genyen kat nivo pèfòmans pou MCAS pwochèn jenerasyon an:

**Depase Atant yo:** Yon elèv ki bay rannman nan nivo sa a depase sa yo atann nan men l pou nivo klas li ladan l lan nan fason l montre l metrize matyè a.

**Satisfè Atant yo:** Yon elèv ki bay rannman sou nivo sa a satisfè sa yo atann nan men l sou nivo klas li ladan l lan, epi l sou wout pou l reyisi nan zafè lekòl li nan nivo l ladan l aktyèlman an nan matyè sa a.

**Satisfè Atant yo an Pati:** Yon elèv ki bay rannman sou nivo sa a satisfè sa yo atann nan men li an pati. Lekòl la, ansanm ak paran oswa responsab elèv la, dwe konsidere si elèv la bezwen èd anplis nan zafè lekòl li pou l kapab reyisi nan matyè sa a.

**Pa Satisfè Atant yo:** Yon elèv ki bay rannman sou nivo sa a pa satisfè atant yo sou nivo klas li nan matyè sa a. Lekòl la, ansanm ak paran an oswa responsab elèv la, dwe detèmine èd akademik ak/oswa ansèyman anplis elèv la ap bezwen pou l reyisi nan matyè sa a.

# Pakou Lekòl Mwayèn




Note: elèv ki abite nan East Boston oswa ki ale nan lekòl elemantè la, genyen yon pakou lekòl mwayenn (entèmedyè) pou yo ale nan swa lekòl Umana Academy nan East Boston osinon nan lekòl Edwards Middle School nan Charlestown.

# Lekòl K-8 Yo nan Yon Koudèy

Nou envite w pou w aprann plis sou lekòl nou yo. Pou w konnen ki lekòl k ap sou lis chwa pitit ou an, tanpri konsilte: www.DiscoverBPS.org epi tape adrès ou, oswa kontakte/vizite yon Sant Dakèy. Akoz chak fanmi gen pwòp lis pèsonalize pa yo selon regleman plan ki Baze sou Adrès Kay la (gade nan paj 7), nou ekri tout enfòmasyon sou tout lekòl yo nan magazin sa a. Tanpri fè si w konsantre sou lekòl ki sou lis patikilye w la.

## Tablo pou Konprann Lekòl Yo nan Yon Koudèy

**Paj** Vire al sou paj sa a pou plis enfòmasyon sou lekòl la

**K1°** K0 disponib pou elèv ki genyen andikap pou lekòl sa a

### Pwogram Avan/Aprè Jounen Lekòl La

B-Avan / A-Aprè

**AWC/EFA** Travay Klas Avanse oswa Ekselans pou Tout, klas ki ofri

* Yon klas ibrid (melanje) kote ke elèv AWC yo (Klas Travay Avanse yo) pataje yon sal klas ak pwogram AWC a avèk elèv edikasyon jeneral yo.

### Règleman Inifòm

**Wi** Lekòl-la swa genyen yon inifòm obligatwa ouswa volontye.

**Non** Lekòl-la pa genyen yon inifòm, men li gen yon règleman sou abiman.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè Yo*

Elèv k ap Aprann Anglè yo ki enskri nan tout Lekòl Piblik Boston yo genyen dwa pou yo resevwa sèvis ESL yo (ESL se: Anglè Kòm Dezyèm Lang) ak ansèyman "eleman pwoteje" yo.

**SEI:** Enstriksyon Pwoteje ann Anglè
**SLIFE:** Fòmasyon Lengwistik avèk Anpil Entansite

**DL:** Lang Doub
**C:** Chinwa
**K:** Kap Vèdeyen
**M:** Plizyè Lang
**H:** Kreyòl Ayisyen
**S:** Espayòl (Panyòl)
**V:** Vyetnamyen

### Pwogram Edikasyon Espesyal

**ABA** Analis Konpatman Aplike
**EC-INC** Edikasyon Timoun Piti-Enklizyon
**EC-SS** Edikasyon Timoun Piti-Konplètman Diferan
**EI** Defisyans Emosyonèl
**EI-INT** Defisyans Emosyonèl-Asimile
**INC** Enklizyon pou Nivo Bezwen ki Wo
**LD** Andikap Aprantisaj
**MD** Plizyè Andikap
**Mild-II** Defisyans Entèlektyèl Lejè
**Mod-II** Defisyans Entèlektyèl Modere
**Sev-II** Defisyans Entèlektyèl Sevè
**PI** Defisyans Fizik

✦ Li sèvi tout elèv ki te jwenn admisyon pa mwayen lotri a osinon pa mwayen pwosesis admisyon espesyal

| LEKÒL | LOKAL | PAJ | KLAS NOU ATANN POU 2019-2020 | ENSKRIPSYON 2018-2019 | PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN | LEKÒL LA KLAS AWC/EFA | PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLÈ YO | PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO | RÈGLEMAN INIFÒM |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Adams | East Boston | 19 | K1°-5 | 261 | A | | SEI-S | ABA, INC | Wi |
| Alighieri Montessori | East Boston | 19 | K0-6 | 96 | A | | | | Wi |
| Baldwin ELC | Brighton | 19 | K0-1 | 159 | B / A | | | EC-INC, INC | Non |
| Bates | Roslindale | 20 | K1°-5 | 249 | B / A | EFA: 4-5 | | EC-INC, INC | Wi |
| Beethoven | West Roxbury | 20 | K1-2 | 304 | B / A | | SEI-M | EI | Wi |
| Blackstone | South End | 20 | K0-5 | 552 | B / A | | SEI-S, SLIFE-S | EC-INC, EC-SS, INC, MD | Wi |
| Boston Teachers Union | Jamaica Plain | 21 | K1-8 | 274 | A | | | Mild-II, ABA | Non |
| Bradley | East Boston | 21 | K0-5 | 274 | B | AWC: 4-5 | | EC-INC, INC | Wi |
| Channing | Hyde Park | 21 | K1°-5 | 211 | B / A | AWC*: 4-5 | | EC-SS, ABA | Wi |
| Chittick | Hyde Park | 22 | K1°-5 | 281 | A | | | EC-INC, INC, ABA | Wi |
| Clap | Dorchester | 22 | K1°-5 | 138 | B / A | | | EC-INC, INC | Wi |
| Condon | South Boston | 22 | K1°-8 | 862 | B / A | AWC: 4-6 | SEI-M | EC-INC, EC-SS, INC, LD, Sev-II | Wi |
| Conley | Roslindale | 23 | K1°-5 | 203 | B / A | | | EC-INC, EC-SS, INC, Mod-II | Wi |
| Curley | Jamaica Plain | 23 | K1°-8 | 970 | B / A | EFA & AWC*: 4-6 | SEI-S, SLIFE-S | EC-INC, EC-SS, INC, ABA, Mild-II | Non |
| Dever | Dorchester | 23 | K1-5 | 414 | | | SEI-S | EI | Wi |
| Dudley St. NCS | Roxbury | 24 | K1-5 | 251 | A | | | ✦ | Wi |
| East Boston EEC | East Boston | 24 | K1°-1 | 183 | B / A | | SEI-M | EC-INC, INC | Wi |
| Edison | Brighton | 24 | K1-8 | 619 | B / A | EFA: 4-6 | SEI-M, SLIFE-M | INC, EI | Wi |
| Eliot | North End | 25 | K1°-8 | 674 | A | | | EC-INC, INC, LD | Wi |
| Ellis | Roxbury | 25 | K1°-5 | 424 | B / A | | SEI-S | EI | Wi |



BOSTON Public Schools Focus on Children

# Lekòl K-8 Yo nan Yon Koudèy

| LEKÒL | LOKAL | PAJ | KLAS NOU ATANN POU 2019-2020 | ENSKRIPSYON 2018-2019 | PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN | LEKÒL LA KLAS AWC/EFA | PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLÈ YO | PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO | RÈGLEMAN INIFÒM |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ellison/Parks EES | Mattapan | 26 | K0-3 | 189 | B / A | | SEI-M | EC-INC, INC | Wi |
| Everett | Dorchester | 26 | K1°-5 | 262 | B / A | | | EC-INC, EC-SS, INC | Wi |
| Gardner | Allston | 27 | K1°-8 | 381 | B / A | EFA: 4-6 | | EC-INC, INC | Wi |
| Greenwood | Dorchester | 27 | K1-8 | 393 | B / A | | DL-S | EI, LD | Wi |
| Grew | Hyde Park | 27 | K1-5 | 236 | B / A | EFA: 4-5 | | | Wi |
| Guild | East Boston | 28 | K1°-5 | 266 | B / A | EFA: 4-5 | SEI-S | EC-INC, INC, LD | Wi |
| Hale | Roxbury | 28 | K1-5 | 156 | B / A | | | | Wi |
| Haley | Roslindale | 28 | K1°-8 | 419 | B / A | | | EC-INC, INC | Wi |
| Harvard/Kent | Charlestown | 29 | K1°-5 | 424 | B / A | EFA: 4-5 | SEI-C | EC-SS, INC, EI | Wi |
| Haynes EEC | Roxbury | 29 | K0-1 | 190 | B / A | | SEI-M | EC-INC, INC | Wi |
| Henderson | Dorchester | 60 | K0-12 | 835 | B / A | | | EC-INC, INC | Wi |
| Hennigan | Jamaica Plain | 29 | K2-8 | 590 | B / A | AWC*: 4-6 | SEI-M, SLIFE-S, SLIFE-M | INC, LD | Wi |
| Hernández | Roxbury | 30 | K1-8 | 399 | A | | DL-S | | Wi |
| Higginson | Roxbury | 30 | K1°-2 | 171 | B / A | | SEI-S | EC-INC, INC | Wi |
| Higginson/Lewis | Roxbury | 30 | K1-8 | 266 | B / A | | | INC, ABA | Wi |
| Holmes | Dorchester | 31 | K1°-5 | 337 | B / A | EFA: 4-5 | | EC-INC, INC, EI | Wi |
| Hurley | South End | 31 | K1°-8 | 353 | A | | DL-S | EC-SS | Wi |
| Jackson/Mann | Allston | 32 | K1°-8 | 612 | B / A | AWC: 4-6 | SEI-M | EC-INC, INC, ABA | Non |
| Kennedy, J. F. | Jamaica Plain | 32 | K1°-5 | 366 | A | | SEI-S | LD | Wi |
| Kennedy, P. J. | East Boston | 32 | K1°-5 | 296 | B / A | | SEI-S | EC-SS, INC | Wi |
| Kenny | Dorchester | 33 | K1°-5 | 297 | B / A | | | INC, LD | Wi |
| Kilmer | West Roxbury | 33 | K1°-8 | 444 | B / A | | | INC, ABA | Non |
| King | Dorchester | 33 | K1°-8 | 500 | A | EFA: 4-6 | | EC-INC, EC-SS, INC, ABA | Wi |
| Lee Academy | Dorchester | 34 | K0-3 | 205 | B / A | | | INC | Non |
| Lee K-8 | Dorchester | 34 | K1°-8 | 651 | A | AWC*: 4-6 | | EC-INC, INC, ABA | Wi |
| Lyndon | West Roxbury | 34 | K1-8 | 619 | B / A | | | MILD-II | Wi |
| Lyon K-8 | Brighton | 35 | K1-8 | 132 | B / A | | | INC | Wi |
| Manning | Jamaica Plain | 35 | K1°-5 | 148 | B / A | | | EC-INC, EI | Non |
| Mason | Roxbury | 35 | K0-5 | 244 | B / A | | | EC-INC, INC | Wi |
| Mather | Dorchester | 36 | K1-5 | 577 | B / A | | SEI-V | LD | Wi |
| Mattahunt | Mattapan | 36 | K1°-3 | 379 | N/A | | SEI-H, DL-H | EC-INC, INC, ABA | Wi |
| McKay | East Boston | 37 | K1-8 | 802 | A | | SEI-S | INC | Wi |
| Mendell | Roxbury | 37 | K1°-5 | 272 | B / A | EFA: 4-5 | | EC-INC, INC | Wi |
| Mildred Ave. | Mattapan | 37 | K1-8 | 632 | A | | SEI-M, SLIFE-S | INC, MILD-II, MOD-II | Wi |
| Mission Hill | Jamaica Plain | 38 | K0-8 | 221 | B / A | | | EC-INC, INC | Non |
| Mozart | Roslindale | 38 | K1°-5 | 172 | B / A | | | ABA | Wi |
| Murphy | Dorchester | 38 | K1°-8 | 913 | B / A | AWC: 4-6 | SEI-M | EC-INC, INC, EI, MD | Wi |
| O'Donnell | East Boston | 39 | K1-5 | 267 | B / A | | SEI-S | | Wi |

# Lekòl K-8 Yo nan Yon Koudèy

| LEKÒL | LOKAL | PAJ | KLAS NOU ATANN POU 2019-2020 | ENSKRIPSYON 2018-2019 | PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN | LEKÒL LA KLAS AWC/EFA | PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLÈ YO | PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO | RÈGLEMAN INIFÒM |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ohrenberger | West Roxbury | 39 | 3-8 | 643 | B / A | AWC: 4-6 | SEI-M | EI | Wi |
| Orchard Gardens | Roxbury | 39 | K1°-8 | 907 | A | EFA: 4-6 | SEI-K, SLIFE-K | ABA | Wi |
| Otis | East Boston | 40 | K1°-5 | 395 | B / A | | SEI-M | INC | Wi |
| Perkins | South Boston | 40 | K2-5 | 185 | B | | | ABA | Wi |
| Perry | South Boston | 40 | K1-8 | 248 | B / A | | | MOD-II | Wi |
| Philbrick | Roslindale | 41 | K1°-5 | 164 | B / A | EFA: 4-5 | | EC-INC | Wi |
| Quincy | Chinatown | 41 | K1°-5 | 790 | B / A | AWC: 4-5 | SEI-C | EC-INC, EC-SS, INC, LD, PI | Non |
| Roosevelt | Hyde Park | 41 | K1°-8 | 441 | B / A | | | EC-INC, INC | Non |
| Russell | Dorchester | 42 | K1°-5 | 405 | B / A | | SEI-S | EC-SS | Wi |
| Shaw | Dorchester | 42 | K1°-3 | 203 | B / A | | | EC-SS | Wi |
| Sumner | Roslindale | 42 | K1-5 | 552 | B / A | EFA: 4-5 | SEI-S | INC, LD | Wi |
| Taylor | Mattapan | 43 | K1°-5 | 530 | B / A | | SEI-H, SLIFE-H | EC-INC, INC, MOD-II | Wi |
| Tobin | Mission Hill | 43 | K1°-8 | 434 | B / A | | SEI-S | EC-INC, EC-SS | Wi |
| Trotter | Dorchester | 44 | K1°-8 | 499 | A | | | EC-SS, ABA | Wi |
| Tynan | South Boston | 44 | K1°-5 | 232 | B | | | EC-INC, ABA | Wi |
| Umana | East Boston | 44 | K1°-8 | 954 | B / A | AWC: 6 | SEI-S, SLIFE-S, DL-S | ABA, MOD-II | Wi |
| UP Academy Dorchester | Dorchester | 45 | K1-8 | 737 | A | | | ✦ | Wi |
| UP Academy Holland | Dorchester | 45 | K1-5 | 769 | A | | | MILD-II | Wi |
| Warren/Prescott | Charlestown | 46 | K1°-8 | 582 | B / A | | | INC, ABA | Wi |
| West Zone ELC | Jamaica Plain | 46 | K0-1 | 110 | B / A | | | EC-INC, INC | Wi |
| Winship | Brighton | 46 | K1°-5 | 199 | B / A | | | EC-SS | Wi |
| Winthrop | Dorchester | 47 | K1°-5 | 315 | B / A | AWC*: 4-5 | | | Wi |
| Young Achievers | Dorchester | 47 | K0-8 | 572 | B / A | | SEI-S | EC-INC, INC, EI | Wi |

## Schools that Start at Grade 6

| LEKÒL | LOKAL | PAJ | KLAS NOU ATANN POU 2019-2020 | ENSKRIPSYON 2018-2019 | PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN | LEKÒL LA KLAS AWC/EFA | PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLÈ YO | PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO | RÈGLEMAN INIFÒM |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Boston Green Academy | Brighton | 73 | 6-12 | 479 | B / A | | | ✦ | Grades 6-8: Wi |
| Dearborn STEM | Dorchester | 56 | 6-12 | 426 | | | SEI-K, SLIFE-K | INC | Wi |
| Edwards | Charlestown | 25 | 6-8 | 368 | B / A | EFA: 6 | SEI-M | INC, LD, EI | Wi |
| Frederick | Dorchester | 26 | 6-8 | 463 | A | EFA: 6 | SEI-M, SEI-S, SLIFE-M, SLIFE-S | INC, LD, MOD-II, PI | Wi |
| Irving | Roslindale | 31 | 6-8 | 314 | A | EFA: 6 | SEI-S, SEI-M | INC, LD | Wi |
| McCormack | Dorchester | 36 | 6-8 | 364 | A | | SEI-S, SLIFE-S | EI, MILD-II | Wi |
| Quincy Upper | Chinatown | 64 | 6-12 | 549 | | | SEI-M | LD, MOD-II | Non |
| TechBoston Academy | Dorchester | 66 | 6-12 | 926 | A | | SEI-H, SLIFE-H | INC, EI | Non |
| Timilty | Roxbury | 43 | 6-8 | 316 | A | AWC*: 6 | SEI-S | LD | Wi |
| UP Academy Boston | South Boston | 45 | 6-8 | 519 | A | | | ✦ | Wi |



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Adams Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska 5yèm Ane**
**Joanna McKeigue Cruz, Direktris**
**165 Webster St., East Boston 02128**
**617-635-8383**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 32 | PME 49 | NME 19 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 19 | PME 56 | NME 23 |
| SCIENCE (5,8) | EE 6 | ME 13 | PME 38 | NME 44 |

Lekòl Adams School la se yon ti kominote aprantisaj nan East Boston ki domine Piers Park ak Boston Harbor a (Pò Boston an). Nou genyen pèsonèl ki genyen anpil sousi, ki devwe, ki travay di pou asire ke tout elèv yo sou chemen pou yo prepare pou inivèsite ak pou karyè yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Aktivite pou paran, pami yo: Oriyantasyon Jadendanfan, Pòt Ouvè, Sware Matematik pou Fanmi yo, atelye paran, ak soupe konbit fanmi.
- Pèsonèl divès ki pale plizyè lang (ki miltileng)
- Pwogram Anrichisman nan mizik ak atizay
- Yon Konsèy Paran avèk ofisye eli, reprezantan paran nan Komite Konsèy Lekòl la, ak de (2) pwofesè ki sèvi kòm kowòdinatè Angajman Fanmi ak Elèv.
- Edikasyon spòtif, teknoloji, òdinatè, syans, ak teyat kòm aktivite espesyal pandan jounen an pou elèv yo.
- Pwofesè aplentan pou fè entèvansyon pou ede elèv ki nan jadendanfan K1 jiska klas 5yèm ane.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL)
- Pwofesè Chanm Resous ki founi sèvis bay elèv nou yo ki genyen andikap aprantisaj.
- Yon Seksyon Otis Byen Spesyalize pou klas Jadendanfan K0 jiska 5yèm ane.

### Pwogram nou genyen nan bilding nou an apre jounen lekòl la:

- Pwogram aprè jounen lekòl la, atravè YMCA

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la oswa nan lekòl Umana Academy an.

## Alighieri Montessori School

**Jadendanfan K0 jiska 6yèm Ane**
**Glenda Colón, Direktris**
**37 Gove St., East Boston, MA 02128**
**617-635-8529**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 43 | PME 39 | NME 13 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 22 | PME 61 | NME 13 |

Lekòl Dante Alighieri Montessori School la founi elèv yo ak objektif aprantisaj endividyalize.

Sal klas yo genyen moun laj melanje kote ke timoun yo ak granmoun ki travay ansanm kòt a kòt nan bèl anviwònman ki mete anfaz sou timoun yo. Materyo aprantisaj espesyal Monterssori yo ankouraje konsantrasyon, kowòdinasyon, lòd, ak respè.

### Karakteristik Espesyal Yo:

- Kourikoulòm Pratik Montessori.
- Pwofesè Montessori ki sètifye.
- Ansèyman endividyalize.
- Anpil anfaz sou entèvansyon rapid.
- Aprantisaj ki fèt deyò sal klas la, pami yo: jaden.
- Atizay ak mizik TAB entegre selon chwa elèv la (TAB se: "Teaching for Artistic Behavior", ki vle di: "Ansèyman pou Konpòtman Atistik").
- Kominote ki favorab pou fanmi, ki genyen ladan l pòt ouvè, oryantasyon, selebrasyon, ak soupe konbit.

### Admisyon Espesyal:

- Elèv ki enterese aplike, ap soumèt non yo bay lekòl Alighieri an. Pèsonèl lekòl yo ap kontakte fanmi yo, nan tou pa yo ak nan lòd nimewo owaza, epi detèmine nivo eksperyans yo avèk pwogram Montessori an epi ofri yon elèv yon plas si yon plas ta disponib.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou kwè ke elèv nou yo tire benefis nan travay yo fè selon vitès pa yo, atansyon pèsonèl, leson kote y ap sèvi ak plizyè nan senk sans yo, anplis obsèvasyon konstan, evalyasyon, ak kòmantè.

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la oswa nan lekòl Umana Academy an.

## Baldwin Early Learning Pilot Academy

**Jadendanfan K0 jiska Premye Ane**
**Tavia Mead, Direktris**
**121 Corey Rd., Brighton 02135**
**617-635-8409**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

Lekòl Baldwin Early Learning Pilot Academy devwe kòm yon lidè inovatè nan edikasyon timoun piti. Nou devwe kòm founisè blòk konstriksyon pou bati yon fondasyon solid nan reyisit lavni chak timoun nan fason nou valorize kilti ak vi lafanmi, nan fason nou ankouraje jistis sosyal ak sèvis kominotè.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwofesè yo genyen de (2) ou twa lisans nan Edikasyon Timoun Piti, Edikasyon Espesyal, ak Anglè kòm Dezyèm Lang.
- Pèsonèl divès ki pale plizyè lang.
- Plis pase 90% elèv klas 1ye ane nou yo fè nòt ki atenn estanda oswa ki depase estanda evalyasyon lekti yo.
- Pwogram Lekti Aktif pou Elèv yo Fè Lakay.
- Plis pase 170 nan elèv nou yo li plis pase 45.000 liv avèk fanmi yo chak ane.
- Jaden lekòl "CitySprouts" entegre nan kourikoulòm nan pou klas tout nivo.
- Spesyalis atizay, mizik, òdinatè, ak edikasyon spòtif.
- Plizyè pwomnad ak evènman lekòl pandan tout ane a.
- Plizyè evènman fanmi pandan tout ane a, pami yo: Sware Kourikoulòm, Fèt Zanmitay, ak Atelye Paran.
- Kou natasyon pou elèv klas premye (1ye) ane yo.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Lekòl enklizyon okonplè.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou:

- Pwogram jounen pwolonje ke NAEYC akredite.

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou ale nan klas 2yèm ane nan lekòl Edison K-8 School la.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Bates Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska 5yèm Ane**
**Rodolfo Morales, Direktè**
**426 Beech St., Roslindale 02131**
**617-635-8064**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 7 | ME 36 | PME 44 | NME 12 |
| MATH (3-8) | EE 6 | ME 27 | PME 45 | NME 21 |
| SCIENCE (5,8) | EE 5 | ME 24 | PME 54 | NME 16 |

Lekòl Bates School la bay yon edikasyon kalite siperyè nan yon anviwònman ki senesof epi ki bay sipò, ki respekte divèsite tout endividi. Nou devlope sitwayen ak lidè responsab, nou angaje paran ak kominote, epi nou kreye nan elèv yo yon amou pou yo aprann nan yon anviwònman nourisan. Enklizyon vle di tout moun.

### Karakteristik Espesyal:

- Ekspozizyon Liv Lekòl.
- Komite Konsèy Lekòl ak Konsèy Paran an reyini ansanm pou kolaborasyon maksimòm.
- Spesyalis enklizyon ak asistan pwofesyonèl ki devwe pou chak klas, k ap travay kòm pwofesè anplis pou elèv yo.
- Edikasyon spòtif, atizay, ak syans.
- Pwomnad chak semèn pou chak nivo klas ki konekte a kourikoulòm nan.
- Yon gwo lakou, enstalasyon pou rekreyasyon, ak "Playworks" pou ankouraje jwèt ki senesof.
- Yon kowòdinatè "City Connects" pou sipòte fanmi yo ak bezwen konpòtmantal, medikal, swen timoun, ak lojman.
- Espayòl, kodaj, wobotik, ak mizik nan klas 3yèm ak 5yèm ane yo.
- "Making Music Matters" ("Fè Mizik Konte") nan klas 3yèm jiska 5yèm ane.
- Pwogram Ekselans pou Tout Elèv nan klas 3yèm a 5yèm ane.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la ke YMCA sipòte.

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou ale nan klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

## Beethoven Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 2yèm Ane**
**Edward Puliafico, Direktè**
**5125 Washington St., West Roxbury 02132**
**617-635-8149**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

Lekòl Beethovan nan se yon anviwònman lekòl ki janti epi ki akeyan pou elèv nou yo ansanm ak fanmi yo. Kominote nou an ale pi lwen ke sa k ap fèt nan sal klas yo sèlman, epi nou efòse nou pou nou fè elèv nou yo reflechi sou monn nan tout alantou yo. Andedan lekòl la, nou travay di chak jou epi nou "Aprann avèk Kè Kontan!"

### Karakteristik Espesyal:

- Yon laboratwa tounèf pou òdinatè.
- Pwogram enstrimantal "Making Music Matters" (ki vle di: "Fè Mizik Konte").
- Yon pwogram lekti ki fèt anndan kay ki renome nan tout peyi a.
- Spesyalis nan òdinatè, mizik, edikasyon spòtif, atizay, ak syans.
- Paran volontè ki trè aktif.
- Titè ak pwofesè elèv ki sot nan inivèsite Boston College.
- Rezo sipò pou elèv ki genyen kèk difikilte.
- Yon bilding ki byen klere, ki pwòp, ki genyen yon lakou lekòl nou byen jere ak yon gwo lakou rekreyasyon.
- Patnè lekòl la: inivèsite Boston College, Curry College, EdVestors, ak klib "West Roxbury Garden Club".

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- Imèsyon (SEI)-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Sipò Konsèy

### Pwogram avan e aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan jounen lekòl la, 7:00 pou 8:15.
- Aprè lekòl, 2:30 pou 5:30.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 3yèm ane nan lekòl Ohrenberger a.

## Blackstone Elementary School

**Jadendanfan K0 jiska klas 5yèm Ane**
**Jamel Adkins-Sharif, Direktè**
**380 Shawmut Ave., Boston 02118**
**617-635-8471**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 21 | PME 55 | NME 23 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 16 | PME 52 | NME 33 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 1 | PME 47 | NME 52 |

Nan lekòl Blackstone Innovation School la, nou bay youn lòt fòs pou nou aprann, grandi, reyisi, epi devni meyè moun nou kapab devni an. Nan travay ansanm, nou ankouraje prensip fondamantal sila yo ki lakay nou; respè, inite, ak ekselans.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram NAEYC Edikasyon Timoun Piti ki Akredite pou elèv laj 3 a 5 an.
- Edikasyon spòtif, atizay, syans sosyal, mizik ak teknoloji.
- Klinik sante teknoloji pwogresif: Dr. Gerald Hass Center-South End Community Health Center.
- Naje (natasyon), edikasyon spòtif, mizik, atizay, dans, syans, ak syans sosyal.
- Klas dans ak mouvman Afro-laten.
- Sware fanmi chak semès ki genyen plizyè kalite sijè: sware alfabetizasyon, dine miltikiltirèl (plizyè kilti), sware sante, sware STEAM.
- Konsèy, swen pou dan, vaksen pou grip ak vizit swen primè kay doktè pou elèv ak fanmi atravè sant "South End Community Health Center" ki sou plas.
- Vizit lakay pou bati relasyon avèk fanmi yo ansanm ak elèv yo.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL nan Edikasyon Jeneral ak klas pou paran nou yo pou yo rete angaje.
- SEI-Espayòl, SLIFE-Espayòl.

### Pwogram avan ak aprè lekòl nan bilding nou an:

- Avan lekòl: Lendi jiska Vandredi, 7:15 pou 8:15; $5 pa jou.
- Aprè lekòl: Pwogram aprè jounen lekòl "Imajine That" la, klas jadendanfan K0/K1/K2, Lendi jiska Vandredi; pwogram aprèl lekòl "IBA" la, klas 1ye jiska 2yèm ane, Lendi jiska Vandredi; Pwogram "City Year Starfish", klas 3yèm jiska 5yèm ane, Lendi pou Jedi.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Timilty Middle School la.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Boston Teachers Union K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska 8yèm Ane**
**Yolette Ibokette ak Amy Phi Nguyen (Pwovizwa), Pwofesè an Tèt yo**
**25 Walk Hill St., Jamaica Plain 02130**
**617-635-7717**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 8 | ME 31 | PME 40 | NME 22 |
| MATH (3-8) | EE 6 | ME 35 | PME 39 | NME 20 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 11 | PME 43 | NME 45 |

Lekòl Boston Teachers Union School la vize pou l edike elèv yo nan fason pou yo kapab gen estanda ki wo ki ede yo atenn potansyèl edikasyonèl yo epi devni sitwayen konpetan, ki gen sousi, ki angaje. Nou vize pou nou founi tout elèv yo ak yon edikasyon klasik nan yon anviwònman enklisif, demokratik, nourisan, epi ki senesof ki akeyi fanmi yo epi ki sèvi ak ekspètiz pwofesè ekselan nou yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Edikasyon klasik ki djanm.
- Anfaz sou klima lekòl ki pozitif.
- Devouman pou angaje fanmi yo.
- Evalyasyon, entèvansyon, ak sipò kontinyèl.
- Atizay, Mizik, ak Edikasyon Spòtif/Sante pou tout elèv.
- Aprantisaj sosyal-emosyonèl, ki genyen ladan l: Sèk Ouvè ("Open Circle"), Jistis Reparatris ("Restorative Justice"), ak yon patenarya avèk "Urban Improv".
- De (2) klinisyen sou plas ki sot nan "The Home for Little Wanderers" pou bay sèvis konsèy an patikilye e an ti gwoup.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral
- De (2) sal klas konplètman diferan ki rann sèvis bay savan Edikasyon Espesyal nou yo.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram aprè jounen lekòl la YMCA Hyde Park dirije, pou klas Jadendanfan K1 jiska klas 6yèm ane, ansanm ak lòt opòtinite lòt klib anrichisman, tankou yoga, foutbòl, "Playworks", atizay, ak Leson Patikilye.

## Bradley Elementary School

**Jadendanfan K0 jiska Klas 5yèm Ane**
**Claire Carney, Direktris**
**10 Beachview Rd., East Boston 02128**
**617-635-8422**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 8 | ME 52 | PME 39 | NME 2 |
| MATH (3-8) | EE 9 | ME 47 | PME 42 | NME 2 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 21 | PME 52 | NME 24 |

Lekòl Bradley School la akòde tout elèv yon anviwònman ki senesof, ankourajan, epi ki genyen yon aprantisaj ankèt dirije avèk anpil akonplisman nou atann nan men elèv yo. Elèv ki nan lekòl Bradley School la genyen yon minimòm 5 kou anrichisman chak semèn. Nan klas 4yèm ak 5yèm ane yo, elèv yo pran yon kou lang etranje.

### Karakteristik Espesyal:

- Ansèyman atizay teyat chak semèn atravè CMCB a pou tout elèv, depi oktòb rive nan mwa fevriye.
- Klas edikasyon spòtif ak mouvman pou elèv jadendanfan jiska 5yèm ane.
- Klas deyò pou ankèt syantifik ki angaje elèv yo epi ki pratik.
- Aksè a kontni akademik ki djanm pou tout moun, pami yo elèv nou yo ki genyen kèk andikap ansanm ak elèv k ap aprann anglè yo.
- Ansèyman lang etranje (Japonè oswa Espayòl) pou tout elèv ki nan klas 4yèm ak 5yèm ane.
- Spesyalis Syans ak Òdinatè
- Klas Travay Avanse nan klas 4yèm ak 5yèm ane
- Ansèyman atizay pou tout elèv.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

**Pakou K-8:** Plasman garanti jiska klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la oswa nan lekòl Umana Academy.

## Channing Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Carline Pignato, Direktris**
**35 Sunnyside St., Hyde Park 02136**
**617-635-8722**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Anpil sipò/sipò konplè**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 26 | PME 61 | NME 14 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 21 | PME 54 | NME 25 |
| SCIENCE (5,8) | EE 5 | ME 37 | PME 53 | NME 5 |

Misyon Channin School la se kreye yon anviwònman ki valorize tout timoun nan ann antye. Nou kwè pou nou devlope tout timoun nan, nou dwe atann anpil bagay nan men li, dwe genyen prensip fondamantal, kourikoulòm pwogresif, lidèchip solid, aprantisaj kreyatif ki chita sou estanda, ak evalyasyon apwopriye. Nou ankouraje angajman paran ak kominote pou soutni elèv yo. Ekselans se sèl opsyon nou genyen.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogramasyon òdinatè/enfòmatik.
- Pwogram syans anviwònmantal.
- Klas Travay Avanse pou elèv ki elijib ki nan klas 4yèm ak 5yèm ane.
- Aprantisaj ki bay eksperyans.
- Pwogram edikasyon spòtif.
- Pwofesè ki reyèlman kalifye.
- Pami patnè lekòl la se: Hyde Park Community Center, Hyde Park YMCA, Museum of Science (Mize Syans lan), ak Kennedy Library (Bibliyotèk Kennedy a).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou renmen e akeyi chak e tout elèv, kèlkeswa orijin yo. Timoun yo aprann ansanm sou yon nivo siperyè nan menm sal la.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram YMCA pou Aprè Jounen Lekòl la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan lekòl Irving Middle School.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Chittick Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Michelle Burnett, Direktris**
**154 Ruskindale Rd., Hyde Park 02136**
**617-635-8652**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 3 | ME 28 | PME 55 | NME 15 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 18 | PME 56 | NME 24 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 8 | PME 68 | NME 24 |

- Lekòl Chittick School se yon ti lekòl ki akòde elèv yo yon anviwònman ki senesof, nourisan, epi ki akademikman solid. Nou bay elèv nou yo fòs pou yo ka kwè e akonpli kichòy.

### Karakteristik Espesyal:

- Chak jou nou genyen yon peryòd 2èd tan pou alfabetizasyon ak yon peryòd 90 minit pou matematik.
- Nou genyen yon bèl lakou rekreyasyon ak yon klas eksteryè (deyò) ke elèv nou yo jwi chak jou.
- « Second Step » (Dezyèm Etap), yon pwogram ki ede elèv yo devlope estrateji pou rezoud konfli.
- Yon Konsèy Paran ki solid.
- Bilten nouvèl mansyèl (chak mwa) ak pwogram elèv yo pou ede paran yo rete enfòme sou aktivite k ap pran plas nan klas yo ak nan tout lekòl la.
- Spesyalis Mizik, Atizay Teyat, Atizay Vizyèl, Edikasyon Spòtif ak Espayòl (Panyòl).
- Pwogram "Playworks" la pou ankouraje tan rekreyasyon ki senesof.
- Laboratwa pyano ak leson pyano pou elèv.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon Byen Spesyalize pou elèv ki nan espèk otis la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

## Clap Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Carolyn Allston, Direktris**
**35 Harvest St., Dorchester 02125**
**617-635-8672**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 8 | ME 18 | PME 63 | NME 11 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 18 | PME 58 | NME 21 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 0 | PME 54 | NME 38 |

Nou mete anfaz sou eksperyans aprantisaj pratik, ki anrapò ak monn reyèl la, apwòch edikasyonèl sa a ogmante akonplisman akademik, li ede elèv yo devlope relasyon ki pi solid ak kominote yo, li fè elèv yo genyen plis apresyasyon pou monn natirèl la, epi l kreye yon devouman pi zele nan sèvis yo rann antanke sitwayen aktif, k ap kontribye kichòy.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram avan ak aprè lekòl, leson patikilye, ak "the Ten Boys Initiative" ("Inisyatif Dis Ti Gason" an).
- Mizik, Atizay Vizyèl, Syans ak Spesyalis Edikasyon Spòtif.
- Fanmi yo resevwa Bilten nouvèl sou lekòl la lakay yo chak semèn
- Reyinyon Asanble Piblik avèk manm kominote a.
- Ansèyman djanm pou tout elèv.
- Asanble chak mwa pou selebre akonplisman.
- Pwomnad ki byen amonize ak kourikoulòm nan.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan lekòl la genyen pwogram BOKS la ladan l (BOKS se: "Build on Kids' Success" ki vle di: "Bati sou Siksè Timoun Yo").
- Pwogram aprè lekòl « Bird Street »

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou klas 6yèm ane nan lekòl McCormack Middle School la.

## Condon K-8

**Jadendanfan Jiska Klas 8yèm Ane**
**Robert Chisholm, Direktè**
**200 D St., South Boston 02127**
**617-635-8608**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 3 | ME 24 | PME 46 | NME 27 |
| MATH (3-8) | EE 2 | ME 23 | PME 48 | NME 27 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 10 | PME 49 | NME 39 |

Lekòl Condon K-8 la akeyi tout elèv nan yon anviwònman senesof, ki bay elèv yo sipò epi ki enklisif, yon kote yo kapab bati abilte, konesans, ak karaktè y ap bezwen pou yo reyisi nan yon vi sitwayènte aktif nan katye Boston e menm pi lwen pase sa.

### Karakteristik Espesyal:

- Sant Kominotè.
- Lakou Kreyasyon/Klas Deyò.
- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la.
- Jimnazyòm konplè.
- Pwogram Prevansyon kont Entimidasyon.
- Dans, Teyat, Koral, Enstriman, Atelye Atistik
- 15 charyo òdinatè pòtatif (laptòp) mobil.
- 2 laboratwa òdinatè
- Espesyalite STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik) (Kodaj/Chifraj ak Wobotik).
- 2.5 Enfimyè.

### Pwogram Elèv k Ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltileng (Plizyè Lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Plizyè kalite pwogram pou bay sipò a elèv ki genyen andikap.

### Pwogram aprè lekòl nan bilding nou an:

- Leson patikilye disponib aprè jounen lekòl la.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Conley Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Joseph Foley, Direktè**
**450 Poplar St., Roslindale 02131**
**617-635-8099**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 8 | ME 29 | PME 48 | NME 15 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 24 | PME 47 | NME 25 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 9 | PME 64 | NME 27 |

Lekòl Conley an se yon ti lekòl, nan zòn lavil la, ki lokalize nan yon katye rezidansyèl Roslindale ki divès. Nou genyen yon lakou rekreyasyon nou fenk refè, ki laj, ki genyen yon bèl penti miral nouvo, ak yon gwo oditoryòm, ak yon sal klas deyò a. Gwoup pèsonèl nou an fòme ak moun ki dinamik, motive, moun ki genyen sousi, epi ki genyen anpil kapasite, ki atann anpil akonplisman nan men pwòp tèt pa yo ansanm ak nan men elèv nou yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la.
- Espesyalite syans, atizay, mizik, edikasyon spòtif, ak matematik.
- Elèv ki nan klas 2yèm jiska 5yèm ane yo genyen pwòp òdinatè pòtatif "Google Chrome" pa yo. Elèv ki nan klas jadendanfan jiska premye ane yo genyen aksè a iPad (yon òdinatè tablèt).
- Pwofesè titè ki sot nan gwoup "Boston Partners in Education" ("Patnè Boston nan Edikasyon") ak pwofesè elèv anseyan ki sot nan inivèsite Boston University, Lesley University ak UMas Boston.
- Elèv ki nan klas 4yèm-5yèm ane aprann jwe yon enstriman mizikal atravè patenarya nou avèk "Making Music Matters" ("Fè La Mizik Konte").
- Konsèy sou plas disponib pou tout elèv ansanm ak leson patikilye gratis pou elèv ki an risk.
- Konsèy Paran Lekòl Aktif.
- Bilten nouvèl chak semèn pou paran yo ak yon kalandriye chak mwa.
- Pwogram "Technology Goes Home" nan ("Teknoloji a Vin Lakay Ou").
- Kat sware fanmi, ki genyen ladan l Syans nan Mize Timoun Yo ("Children's Museum"), Matematik an Fanmi, Alfabetizasyon, ak Atizay.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

## Curley K-8 School

**Jadendanfan jiska Klas 8yèm Ane**
**Katherine Grassa, Direktris**
**40 Pershing Rd. (K-3),**
**493 Centre St. (4-8),**
**Jamaica Plain 02130**
**617-635-8239**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 5 | ME 22 | PME 39 | NME 34 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 18 | PME 43 | NME 35 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 11 | PME 29 | NME 51 |

Lekòl nou an met anfaz sou bati yon kilti kote nou sousye youn pou lòt. Nou genyen twa atant komen ke tout pèsonèl ak elèv aprann e viv selon yo. Nou sousye de tèt nou, nou sousye de youn lòt, nou sousye de lekòl nou.

### Karakteristik Espesyal:

- Dans, teyat atizay, atizay vizyèl, edikasyon spòtif.
- Ekip baskètbòl, atletis (kous), foutbòl, bèsbòl, tenis, volebòl.
- Travay Klas Avanse, klas 4yèm a 6yèm ane.
- Nou ofri Pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik) pandan e aprè jounen lekòl.
- Yon Konsèy Parant Lekòl aktif.
- Yon patenarya solid avèk inivèsite Northeastern University.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè:

- SEI-Espayòl (klas 6yèm jiska 8yèm ane), SLIFE-Espayòl (3yèm jiska 5yèm ane), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan ou building nou an:

- Pwogram aprè jounen lekòl la pou leson patikilye ak yon pwogram titora (mantora).

## Dever Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Todd Fishburne, Direktè**
**325 Mt. Vernon St., Dorchester 02125**
**617-635-8694**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Anpil sipò/sipò konplè**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 3 | ME 27 | PME 58 | NME 11 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 27 | PME 60 | NME 9 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 10 | PME 51 | NME 39 |

Lekòl Dever a sèvi fanmi orijin ki divès an kilti, ekonomi, ak lang. Nou kwè tout elèv merite aksè a yon edikasyon kalite siperyè k ap pèmèt yo briye nan inivèsite (kolèj), karyè yo, e menm plis pase sa toujou.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon peryòd 2èd tan pou alfabetizasyon ak yon peryòd 90 minit pou matematik chak jou.
- Tan Aprantisaj Pwolonje.
- Sèvis Enfimyè Aplentan.
- Patenarya avèk plizyè pwogram terapetik, ki founi konsèy sante mantal.
- Anviwònman Bileng Akeyan.
- Klas Atizay Spektak e Vizyèl.
- Klas Lang Espayòl ak Syans disponib nan chak nivo klas.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon Defisyans Emosyonèl.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Jounen lekòl pwolonje 7:30 dimaten pou 3:30 nan aprè midi.
- Patenarya avèk "Walter Denney Youth Center" ("Boys & Girls Club of Dorchester") pou pwogram aprè jounen lekòl la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl McCormack Middle School la.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Dudley Street Neighborhood Charter School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Dawn Lewis, Direktris**
**6 Shirley St., Roxbury 02119**
**617-635-8507**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 2 | ME 30 | PME 51 | NME 18 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 22 | PME 61 | NME 17 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 13 | PME 42 | NME 45 |

Misyon nou: (1) founi tout elèv yo ak yon edikasyon kalite siperyè; (2) prepare nouvo pwofesè ki genyen kalite ki pi siperyè yo; ak (3) sèvi kòm yon patnè pou amelyore tout lekòl yo nan zòn Dudley a.

### Karakteristik Espesyal:

- Se "Boston Plan for Excellence-Boston Teacher Residency" ("Plan Boston pou Ekselans-Rezidans Pwofesè Boston") ki te fonde lekòl la epi ki dirije li. Li se yon òganizasyon ki genyen yon dosye sèvis etabli nan zafè siksè akademik, an patenarya avèk Inisyatif Lari Katye Dudley a ("Dudley Street Neighborhood Initiative").
- Genyen plis tan pou ansèyman ak aprantisaj atravè jounen lekòl pwolonje a ak ane lekòl pwolonje a.
- Klas melanje ki genyen ladan yo menm pwofesè a pou dezan, donk pwofesè yo vin konnen elèv yo byen.
- Pase al nan pwochèn klas la sou baz konpetans: elèv yo dwe montre yo satisfè estanda akademik ki nan wo nivo.
- Sipò sosyal e emosyonèl solid atravè ajans patnè lekòl la.
- Patenarya solid avèk òganizasyon kominotè ak lòt lekòl nan katye Dudley an.
- Enskripsyon an ouvè a tout elèv ki abite nan Boston.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan lekòl: Manje maten gratis pou tout elèv, 8:15 dimaten pou 8:45 dimaten.
- Aprè lekòl: depi 3:15 nan aprè midi pou 4:30 nan aprè midi nou founi atizay, byenèt, eksplorasyon ki anrapò ak yon sijè, ak leson patikilye kòm pati jounen lekòl pwolonje nou an pou tout elèv san yo pa bezwen peye.

## East Boston Early Education Center

**Jadendanfan K1 jiska Klas Premye Ane**
**Rhiannon Varmette, Direktris**
**135 Gove St., East Boston 02128**
**617-635-6456**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Done yo pa sifi**

Sant Edikasyon Timoun Piti East Boston nan ("East Boston Early Education Center") devwe pou l bay elèv yo yon fondasyon akademik solid epi nouri kiriyozite natirèl elèv yo ansanm ak amou yo genyen pou aprantisaj.

### Karakteristik Espesyal:

- Chak sal genyen yon pwofesè an tèt ak de (2) asistan pwofesè oswa pwofesè ogzilyè.
- Sipò pou elèv ki an risk atravè "Reading Recovery", leson patikilye anndan lekòl la ak pwogram lekti nan òdinatè.
- Ansèyman nan syans ak enjenyè/jeni pou tout elèv.
- Patenarya avèk « Museum of Fine Arts » la ("Mize Bèl Atizay").
- Pwogram Montessori a.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- SEI-Multilingual (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Aktivite anplis gratis, 7:30 dimaten pou 4:35 nan aprè midi.
- Pwogram aprè jounen lekòl yo kontinye avèk pwojè ak sijè mansyèl (chak mwa) atizay ak atizana, teyat dram, chante, ak kizinye (fè manje).

## Edison K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Samantha Varano, Direktris**
**60 Glenmont Rd., Brighton 02135**
**617-635-8436**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 2 | ME 22 | PME 45 | NME 31 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 26 | PME 44 | NME 26 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 7 | PME 30 | NME 61 |

Lekòl Thomas Edison K-8 la sèvi timoun nan yon anviwòn ki nourisan epi ki senesof. Elèv Edison yo aprann pou yo li, ekri, kalkile epi reflechi nan yon kourikoulòm ki atann anpil nan men yo ki genyen ladan l edikasyon akademik ak atistik. Nou konsekan a prensip Sante ak Byenèt epi nou genyen bèl enstalasyon pou rekreyasyon, egzèsis, ak refleksyon nan lakou lekòl nou an.

### Karakteristik Espesyal:

- Mizik enstrimantal, teyat, dans, ak atizay vizyèl.
- Baskètbòl, atletis, volebòl, ak foutbòl.
- Egzijans pou elèv la genyen yon katab akonplisman l yo lòske l ap fini klas 8yèm ane a.
- Laboratwa syans tounèf.
- Oditoryòm, jimnazyòm, kafeterya okonplè, ak yon lakou rekreyasyon.
- Ekselans pou Tout Elèv nan klas 4yèm a 6yèm ane, ki genyen ladan l: wobotik, ak ansèyman lang etranjè.
- Teknoloji nan sal klas yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltileng (plizyè lang), SLIFE-Miltileng (3yèm a 5yèm ane), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas enklizyon ak klas defisyans emosyonèl ki reyèlman spesyalize sou tout nivo klas; ki konsantre sou kreyasyon yon lekòl kote tout moun santi yo an sekirite e ke yo akeyi yo.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: se Jackson/Mann Community Center ki dirije li pou elèv ki nan klas jadendanfan jiska 5yèm ane yo.
- Aprè jounen lekòl la: Plizyè klib ak pwogram.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Edwards Middle School

**Klas 6yèm jiska 8yèm Ane**
**Laryssa Doherty, Direktris**
**28 Walker Street, Charlestown 02129**
**617-635-8516**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 14 | PME 47 | NME 38 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 14 | PME 53 | NME 33 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 9 | PME 41 | NME 49 |

Nou se lekòl meyè chwa a pou elèv ki enterese nan sipò akademik ak atizay. Elèv nou yo resevwa kat klas akademik prensipal: ELA (Gramè ak Literati Anglè), Matematik, Syans, ak Syans Sosyal.

### Karakteristik Espesyal:

- Aksè a òdinatè pòtatif "Chromebooks" yo ak teknoloji 1:1 (1 a 1) pou tout elèv.
- Genyen plizyè kalite opsyon pou kou opsyonèl, pami yo: dans, mizik, atizay vizyèl, teknoloji ak STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Atizay, ak Matematik).
- Genyen patenarya spòtif, pami yo: foutbòl, foutbòl ameriken, baskètbòl, atletis, ak besbòl.
- Anfaz sou ansèyman ki santre sou elèv yo ak yon devouman pou kwasans akademik pou tout elèv.
- Ekip pwofesè ki genyen lè pou planifikasyon komen chak semèn ki konsantre sou kwasans elèv yo.
- Preparasyon spesifik pou elèv yo fè tranzisyon pou yo ale nan lekòl segondè ak yon atansyon espesyal sou pwosesis aplikasyon ak seleksyon an.
- Opòtinite aprantisaj ki genyen misyon deyò byen detèmine ladan yo, nan rejyon Charlestown nan ak metwopòl Boston an.
- Ekip Klima Lekòl la ki met anpil anfaz sou sekirite, disiplin, ak yon kilti elèv pozitif.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI Miltileng (Plizyè Lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Modèl enklizyon pou elèv ki genyen andikap.

### Genyen pwogram aprè jounen lekòl la nan bildning nou an:

- Espò, klib, ak lòt aktivite nou ofri aprè jounen lekòl la.

## Eliot K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Traci Walker Griffith, Direktris**
**Klas K1-3, 16 Charter St., Boston 02113, 617-635-8545**
**Klas 4-8, 585 Commercial St., Boston 02109, 617-635-8912**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 19 | ME 44 | PME 31 | NME 5 |
| MATH (3-8) | EE 19 | ME 44 | PME 32 | NME 4 |
| SCIENCE (5,8) | EE 14 | ME 24 | PME 47 | NME 16 |

Lekòl Eliot la se sèl lekòl Inovasyon Jadendanfan jiska 8yèm Ane nan Boston. Nou ofri yon seri espesyalite dinamik ki pou anrichi edikasyon elèv la, pami yo: ansèyman lang Italyen, teyat, edikasyon spòtif, deba, atizay, teknoloji, mizik, ak wobotik/enjenyè (jeni).

### Karakteristi Espesyal:

- Se li ki lekòl ki pi ansyen nan Boston ki toujou an fonksyon (etabli nan ane 1713).
- Li genyen pèsonèl, elèv, fanmi, ak kominote ki genyen sousi pou elèv yo.
- Youn nan sèl lekòl piblik Boston yo ki genyen pwogram wobotik ak jeni (enjenyè) pou klas jadendanfan jiska 8yèm ane.
- Genyen Kowòdinatè "City Connects" sou Plas nan Lekòl La.
- Pwogram lang ak kilti Italyen .
- Pwogram chapant ak relye liv an kolaborasyon ak lekòl North Bennet Street School.
- Pwogram "Playworks" entegre nan poz rekreyasyon/mouvman yo pou klas jadendanfan jiska 8yèm ane.
- Pwogram aprantisaj (STEAM Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Atizay, ak Matematik), pami yo: kodaj/chifraj ak opòtinite nan enfòmatik (òdinatè).

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram Chanpyon Aprè Jounen Lekòl La – 3:30 nan aprè midi pou 6:00 diswa.
- Lòt pwogram aprè jounen lekòl la genyen, pami yo: Teyat/Mouvman, Espò Lit Lekòl Mwayèn, Ekip Lig Deba Vil Boston, ak Leson Patikilye ISEE ak Ansèyman Avanse (AWC) nan ELA ak Matematik pou tout nivo klas yo.

## Ellis Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Lem Ivy, Direktè**
**302 Walnut Ave., Roxbury 02119**
**617-635-8257**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 7 | PME 69 | NME 24 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 11 | PME 52 | NME 37 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 8 | PME 45 | NME 45 |

Pèsonèl lekòl Ellis yo kreye yon anviwònman ki ankouraje aprantisaj elèv yo epi ki valorize tout elèv la ann antye. Angajman paran se yon pati solid kilti lekòl nou an. Nou travay pou nou bati yon koneksyon ant lakay ak lekòl pou fòtifye eksperyans elemantè chak elèv.

### Karakteristik Espesyal:

- Laboratwa òdinatè, aparèy iPad, ak teknoloji tablo "SMART board". Bibliyotèk la genyen nouvo òdinatè Apple ladan l.
- Laboratwa eksploratwa syans avèk yon anseyan lasyans ki sètifye, epi anplis genyen eksperyans syantifik pratik.
- Li pataje pwopriyete avèk African American Museum nan ("Mize Ameriken Nwa" a), ki anrichipwogram istwa ak syans sosyal nou an.
- Nou ofri liv gratis bay elèv yo atravè pwogram "Reading is Fundamental" lan (ki vle di: "Lekti se yon Bagay Fondamantal").

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon Sepsyalize – defisyans emosyonèl

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- "Boston's Bridge to Excellence" ("Pon Boston ki Menen a Ekselans" lan) founi yon pwogram avan ak aprè jounen lekòl la ansanm ak yon spesyalis konpòtman ki sou plas, ak kèk Elèv inivèsite Wheelock voye travay sou chan an.

**Pakou K-12:** Plasman garanti pou klas 6yèm ane nan lekòl Dearborn STEM Academy.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Ellison/Parks Early Education School

**Jadedanfan K0 jiska Klas 3yèm Ane**
**Benjamin Rockoff, Direktè Pwovizwa**
**108 Babson St., Mattapan 02126**
**617-635-7680**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 7 | ME 14 | PME 69 | NME 10 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 14 | PME 69 | NME 17 |

Lekòl Dr. Catherine Ellison-Rosa Parks Early Education School la se yon lekòl enklisif ki bay tout elèv sipò pou yo reyisi nan domèn akademik ak nan domèn sosyal.

### Karakteristik Espesyal:

- Ti klas, ak pwopòsyon 1 granmoun pou chak 10 timoun nan jadendanfan ak nan sal klas enklizyon yo.
- Yon gwoup pèsonèl (estaf) ki reflete popilasyon elèv yo.
- Yon kourikoulòm ki baze sou estanda epi ki reponn a bezwen kiltirèl yo.
- Pwogram "Reading with Friends" ("Fè lekti avèk zanmi"), "My Reading Buddy" ("Zanmi Lekti Mwen"), ak yon "Home Reading" ("Lekti Lakay") pou ankouraje lekti.
- Angajman ak defans paran/fanmi aktif.
- Bilding ak lakou rekreyasyon dènye modèl ki kreye byen bèl, ki santre sou timoun yo.
- Spesyalis ki konsantre sou entegrasyon Syans, Teknoloji, Enjenyè/jeni, Atizay, ak Matematik.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas elèv edikasyon jeneral ak edikasyon espesyal entegre nan chak nivo klas, SEI pou Elèv k ap Pwogram Enklizyon SEI ki bay sipò pou Elèv k ap Aprann Anglè yo ki Genyen andikap.
- Spesyalis Enklizyon Aplentan.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la ansanm ak pwogram anrichisman ki gratis depi 7:15 pou 8:15 dimaten ak 2:45 pou 4:35 nan aprè midi.

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou klas 4yèm ane nan lekòl Mildred Avenue K-8 School la.

## Everett Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Karen Cahill, Direktris**
**71 Pleasant St., Dorchester 02125**
**617-635-8779**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 39 | PME 50 | NME 6 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 33 | PME 53 | NME 10 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 3 | PME 63 | NME 34 |

Lekòl Everett la devwe pou l founi edikasyon akademik ki solid epitou founi bezwen sosyal, emosyonèl, ak bezwen sante fizik elèv yo. Elèv yo patisipe nan Kominikasyon, ki se alfabetizasyon pa mwayen atizay, omwen yon fwa pa semèn pou pi piti. Nou bay elèv yo ansèyman nan mizik koral ansanm ak edikasyon spòtif yon fwa pa semèn.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram solid nan alfabetizasyon, matematik ak syans.
- Pwogram byenèt ki genyen ladan l edikasyon spòtif ak ansèyman sou sante.
- Pwofesè spesyalis nan mizik, syans, edikasyon spòtif, sante ak atizay.
- Bilten nouvèl chak semèn pou nou kenbe paran yo enfòme.
- Pèsonèl ki pou bay elèv ki genyen difikilte yo sipò, pami yo: konseye, terapis langaj (otofonis), ak terapis okipasyonèl (ègoterapis).
- Sèvis enklizyon ak chanm resous sipò akademik pou tout elèv ki nan tout nivo klas
- Lakou lekòl ak sal klas deyò ki genyen prim.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Sèvis enklizyon ak sipò chanm resous akademik pou elèv ki nan tout nivo klas

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Nou ede elèv ki genyen difikilte an ti gwoup ni avan ak ni aprè jounen lekòl la.
- Pwogram YMCA sou plas pou avan ak aprè jounen lekòl la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti pou klas 6yèm ane nan lekòl McCormack Middle School la.

## Frederick Middle School

**Klas 6yèm jiska 8yèm Ane**
**Pauline Lugira, Direktris**
**270 Columbia Rd., Dorchester 02121**
**617-635-1650**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 10 | PME 37 | NME 53 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 14 | PME 48 | NME 38 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 9 | PME 38 | NME 54 |

Nou bay elèv yo yon eksperyans akademik solid nan yon anviwònman ki nouri yo. Tout elèv yo pran klas syans imèn (lèt), matematik ak syans. Pwogram ESL solid nou yo founi elèv yo ak fanmi yo avèk sipò yo bezwen pou yo reyisi antanke Elèv k ap Aprann Anglè.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram Atizay ki genyen ladan l Mizik, Klas Atizay 2-Dimansyon ak 3-Dimansyon.
- Sèvis Konsèy sou Plas disponib pou tout elèv.
- Òdinatè pòtatif ("laptòp") pou chak elèv, ak opòtinite pou fanmi yo pou yo pote yon òdinatè pou kay yo atravè pwogram "Technology Goes Home" nan (ki vle di: "Teknoloji A Vin Lakay Ou").
- Yon enfimyè aplentan.
- Yon bèl bilding tounèf dènye kri ak tout aksè entènèt ladan l, jimnazyòm, stidyo seramik, stidyo dans, koral ak mizik enstrimantal, ak laboratwa syans ak teknoloji.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, SEI-Miltilent (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Gwoup abilte sosyal, konsèy, sipò konpòtmantal, ansèyman sou konpetans moun bezwen pou lavi a, eksperyans pre-pwofesyonèl kominotè e skolè, sèvis sante ak byenèt, domèn sansoryèl.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Leson patikilye, espò, klib, ak kèk aktivite, pami yo: atizay, teyat dram, mizik enstrimantal, klib syans, matematik, ak medya.
- Sesyon leson patikilye ak aktivite gratis lè Samdi.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

## Gardner Pilot Academy

**Jadendanfan jiska Klas 8yèm Ane**
**Erica Herman, Direktris**
**30 Athol St., Allston 02134**
**617-635-8365**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 2 | ME 22 | PME 57 | NME 20 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 22 | PME 51 | NME 23 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 15 | PME 56 | NME 27 |

Lekòl Gardner Pilot Academy a edike panse tout elèv yo epi l devlope karaktè yo an kolaborasyon avèk fanmi yo ak kominote a pou asire tout timoun yo devni responsab sosyal epi yo atenn yon ekselans akademik.

### Karakteristik Espesyal:

- Opòtinite pou Atizay: Pwogram Atizay lè Vandredi ki genyen ladan l opòtinite atizay pwofesyonèl pou TOUT elèv chak Vandredi maten.
- Sante ak Byenèt: pwogram "Playworks" pou tout elèv, enfimyè aplentan, klinik sante sou plas, konseye lekòl aplentan, ak yon Kowòdinatè "City Connnects" aplentan.
- Angajman Fanmi: 5 evènman ki pran plas pou tout lekòl la chak ane pou konekte fanmi yo a aprantisaj elèv yo.
- Patenarya Inivèsitè e Kominotè: 35 patnè majè pou founi sèvis nan domèn sante, sosyal-emosyonèl, akademik, ak nan atizay.
- Klas edikasyon pou granmoun, finansye avèk fon sibvansyon.
- Kowòdinatè paran bileng aplentan.
- Sèvis ak sipò sante mantal.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Lekòl konplètman enklisif pou tout elèv nan tout nivo klas.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Gratis avan jounen lekòl la, kòmanse a 7:30 dimaten.
- Aprè jounen lekòl la jiska 6:00 diswa, avèk kolaborasyon "YMCA of Greater Boston".

## Sarah Greenwood K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Karla Gandiaga, Direktris**
**189 Glenway St., Dorchester 02121**
**617-635-8710**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 15 | PME 55 | NME 30 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 7 | PME 44 | NME 50 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 2 | PME 38 | NME 61 |

Nou fyè de kantite pwogram nou genyen disponib pou elèv nou yo. Nou kontan anpil pou pwogram Etid Etnik ak pwogram STEAM nou yo (STEAM se Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Atizay, ak Matematik). Elèv nou yo jwi nouvo "STEAM Zone" nan kote pwofesè spesyalis met lavi nan aprantisaj la atravè Atizay, "Makerspace", Jounalis Vizyèl, Mizik, Edikasyon Spòtif, ak Òdinatè. Nou genyen yon spesyalis lekti ak de (2) spesyalis chanm resous pou bay elèv yo sipò. Nou genyen yon bibliyotèk bileng kote bibliyotekè nou an ede elèv yo jwenn literati ki reyèlman enteresan.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon lekòl "doub lang" ki ofri elèv yo opòtinite pou yo aprann an espayòl e an anglè.
- Aprantisaj ki Baze Sou Fè Pwojè.
- Bibliyotèk Bileng.
- 2 sal klas atizay nèf.
- Mizik pou tout elèv nan yon sal mizik tounèf.
- Laboratwa teknoloji nou an, ki genyen kèk òdinatè biwo « Mac », se pwen fokal pwogram wobotik ak pwogram enjenyè (jeni) nou an kote ke elèv yo kreye wobo, oto, ak lòt machin pou yo aprann enjenyè (jeni).

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- Pwogram Doub-Lang Espayòl.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: pwogram sante fizik "BOKS Kidz" (BOKS se: "Build on Kids' Success" ki vle di: "Bati sou Siksè Timoun Yo") ak pwogram Fivestar, kòmanse depi 7:00 dimaten.
- Aprè jounen lekòl la: Jwèt Boul pou klas 6yèm jiska 8yèm ane yo avèk volebòl, besbòl, ak "double dutch" (sote kòd avèk 2 kòd), ak atletis.

## Grew Elementary School

**Jadendanfan jiska 5yèm Ane**
**Christine Connolly, Direktris**
**40 Gordon Ave., Hyde Park 02136**
**617-635-8715**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Anpil sipò/sipò konplè**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 2 | ME 36 | PME 57 | NME 6 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 29 | PME 56 | NME 14 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 6 | PME 63 | NME 31 |

Lekòl Grew a founi opòtinite ansèyman ak aprantisaj ki djanm. Nou anbrase presnsip enpati, kiryozite, kolaborasyon ak pèseverans. Nou devlope tout timoun nan nèt epi nou rekonèt pwen fò chak timoun.

### Karakteristik Espesyal:

- Aprantisaj jounen pwolonje.
- Yon sibvansyon pou redresman ("Turnaround Grant") ki finansye opòtinite pou devlopman ki anrapò ak ansèyman ak opòtinite miyò pou elèv yo.
- Sal Klas Deyò – Lakou Lekòl.
- Ansèyman sou teknoloji, edikasyon spòtif, ansanm ak ansèyman syans spesyalize pou klas 1ye a 5yèm ane.
- Patenarya avèk "Hale Reservation" pou bati kominote lekòl ak aprantisaj syans ki miyò.
- Lekòl Eliot School of Fine Arts pou asire elèv yo ekspoze a atizay.
- Yon Lekòl Ekselans pou Tout Moun, ki genyen ladan l: Espayòl, Kodaj/Chifraj, ak Wobotik.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la, depi 7:30: Reebok BOKS ("Build on Kids' Success" ki vle di: "Bati sou Siksè Timoun Yo") yon pwgram sante fizik ki pran plas pandan plizyè maten nan semèn nan.
- Plizyè pwogram aprè jounen lekòl la, pami yo: America SCORES Boston pou foutbòl aprè jounen lekòl la ak ekriti de (2) fwa pa semèn pou klas 3yèm a 5yèm ane yo.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Guild Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Karen McCarthy, Direktris**
**195 Leyden St., East Boston 02128**
**617-635-8523**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 26 | PME 55 | NME 17 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 23 | PME 51 | NME 24 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 0 | PME 40 | NME 60 |

Lekòl Guild School la selebre divèsite, li genyen anpil bagay li atann nan men elèv yo, epi l anbrase kwayans sa a ki di ke tout elèv kapab reyisi lekòl. Prensip fondamantal nou yo se: Jantiyès, Kominote, Kreyativite, Respè, ak Ekselans.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon gwoup pèsonèl ki resevwa prim, pami yo nou genyen finalis pou prim "Edikatè pou Ane a" ak "Pèsonèl ki Akredite sou Kad Nasyonal la".
- Manm "City Year Corps" yo bay sèvis sipò akademik ak mantora.
- Konsèy sou plas disponib pou elèv yo, lòske sa nesesè.
- Angajman paran ki solid.
- Yon Komite Konsèy Paran ki aktif epi ki akeyan.
- Yon kourikoulòm sosyo-emosyonèl solid ak yon konsantrasyon ki santre sou elèv yo nan tout sal klas yo.
- Pwogram Ekselans pou Tout Moun, ki gen ladan l: klas lang Espayòl, kòmanse nan klas katryèm ane a:

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Yon seksyon spesyalize pou elèv ki genyen andikap, pami yo: klas enklizyon.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Yon pwogram aprè lekòl tan aprantisaj pwolonje ki disponib pou elèv tout nivo klas.
- Avan lekòl, depi 7:10 dimaten. Èd pou devwa ak mouvman/edikasyon spòtif.
- Aprè lekòl, jiska 6:00 diswa. An patenarya avèk YMCA.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la oswa lekòl Umana Academy a.

## Hale Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Romaine Mills-Teque, Direktris**
**51 Cedar St., Roxbury 02119**
**617-635-8205**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 10 | ME 47 | PME 38 | NME 6 |
| MATH (3-8) | EE 11 | ME 39 | PME 44 | NME 6 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 13 | PME 67 | NME 13 |

Timoun yo se kè ak nanm lekòl Nathan Hale School la, yon ti lekòl piti kominotè ki chita nan sant Roxbury istorik la. Fanmi lekòl nou an genyen yon devouman pou ansèyman efikas ak bon pratik pou prepare tout elèv pou yo ka akonpli bi yo. Objektif ansèyman lekòl nou an se alfabetizasyon ak matematik.

### Karakteristik Espesyal:

- "Technology Goes Home" (ki vle di: "Teknoloji a Vin Lakay Ou").
- Yon Laboratwa Òdinatè Dènye Kri.
- Pwojè Aprantisaj Sèvis Kominotè.
- Pwogram Akonplisman Timoun ("Junior").
- Atant ki wo nan zafè akademik ak konpòtman.
- Liv Souvni Lekòl Anyèl.
- Konsèy Byenèt, Yon Travayè Sosyal pou Lekòl La.
- Devouman pou Ansèyman Efikas ak MEYÈ Pratik ("BEST Practices").
- Patenarya lekòl avèk ekip baskètbòl "Boston Celtics" la ak ekip foutbòl ameriken "New England Patriots" la.
- Prim Nasyonal pou Pèsonèl yo ak pou Dirketris la, Prim Bwonz Nasyonal pou Sante.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan lekòl, 7:15 pou 8:00 dimaten: BOKS ("Build on Kids' Success", ki vle di: "Bati sou Siksè Timoun Yo"), yon pwogram aktivite fizik amizan.
- Aprè lekòl, jiska 6:00 diswa: se sant "Bird Street Community Center" a ki dirije li epi k ap founi pwogram mizik enstrimantal, jwèt echèk, powezi, atizay, ak tan pou devwa.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Timilty Middle School la.

## Haley Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Kathleen Sullivan, Direktris**
**570 American Legion Highway, Roslindale 02131**
**617-635-8169**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 6 | ME 38 | PME 37 | NME 20 |
| MATH (3-8) | EE 2 | ME 23 | PME 48 | NME 27 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 12 | PME 42 | NME 43 |

"Kote chak elèv enspire pou l atenn potensyèl ki pi wo a." Lekòl nou an òganize sou baz twa poto: ekite (jistis), angajman, ak kominote. Ekite (Egalite): Ansèyman nou enklisif, li endividyalize (pèsonalize), epi l baze sou pwen fò ansanm ak bezwen elèv yo. Angajman: Chak timoun motive pou yo aprann atravè eksperyans elèv yo kapab sonje ak atravè koneksyon yo a kominote nou an.

Kominote: Nou afime, respekte e angaje timoun yo ak fanmi yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon anfanz sou kominote ak sou anviwònman nan tout lekòl la.
- Patenarya avèk sant "Boston Nature Center" a.
- Yon bèl lakou lekòl, bèl klas deyò bilding nan, ansanm ak bèl kèk jaden.
- Plizyè opòtinite pou angajman paran.
- "Expeditionary learning" (Aprantisaj ki Fèt avèk Sipò Pwomnad).
- Li sipòte "Modèl Sante Konpòtmantal Okonplè" a (CBHM).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou se yon lekòl enklizyon konplè. Elèv nan tout nivo klas swa yo genyen andikap, swa yo pa genyen andikap, tout aprann ansanm nan tout klas yo avèk sipò pou yo ka satisfè bezwen aprantisaj endividyèl yo.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan jounen lekòl la pou klas Jadendanfan jiska 5yèm ane, si w peye yon frè. Pwogram BOKS fitness ("Build on Kids' Success", ki vle di: "Bati sou Siksè Timoun Yo") pou klas 6yèm jiska 8yèm ane yo.
- Aprè lekòl jiska 6:00 diswa: Haley/Pwogram Aprè Lekòl YMCA.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Harvard-Kent Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Jason Gallagher, Direktè**
**50 Bunker Hill St., Charlestown 02129**
**617-635-8358**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 6 | ME 36 | PME 52 | NME 6 |
| MATH (3-8) | EE 11 | ME 36 | PME 41 | NME 12 |
| SCIENCE (5,8) | EE 6 | ME 16 | PME 56 | NME 22 |

Misyon nou se pou n kapab yon lekòl ekselan e nourisan nan zafè akademik, k ap soutni elèv nou yo pou yo kapab aprann pandan tout rès vi yo. Nou atann askè tout elèv nou yo kapab li, ekri, vin konpetan nan matematik, kreye atizay enpòtan, epi patisipe nan kèk aktivite. Nou kwè ke tout elèv kapab devni gran sitwayen.

### Karakteristik Espesyal:

- Atizay, syans, edikasyon spòtif, òdinatè, ak mizik.
- "ReadBoston" pou ede elèv ki pi jèn yo vin pi fò nan lekti.
- Sal klas ak bibliyotèk ki genyen anpil espas, yon gwo jimnazyòm ak yon nouvo laboratwa.
- Konsèy lekòl ak ajisteman sou plas pou elèv yo.
- Lakou rekreyasyon ak klas deyò ki fenk renove.
- Pwogram konstriksyon bato.
- Nivo konpetans siperyè nan matematik.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Chinwa, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram edikasyon espesyal: defisyans emosyonèl ak andikap aprantisaj.

- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:
- Avan lekòl la apati 7:45 pou laj 5 a 12 an. Ansèyman lekti spesyalize pou lektè ki genyen difikilte.
- Aprè lekòl: Pwogram matematik pou klas 3yèm jiska 5yèm ane. Foutbòl ak lòt aktivite òganize ak lòt aktivite òganize pou klas K1 ak K2.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la.

## Haynes Early Education Center

**Jadendanfan K0 jiska Klas Premye Ane**
**Donette Wilson-Wood, Direktris**
**263 Blue Hill Ave., Roxbury 02119**
**617-635-6446**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

Enstalasyon dènye kri nou yo pou jèn timoun yo ofri yon gwosè klas ki piti, yon jounen lekòl pwolonje, ak ekip ansèyman klas ki pèmèt timoun yo patisipe nan pwòp anprantisaj pa yo konplètman. Pwogram Ankadreman Avan ak Aprè Jounen Lekòl la ("Surround Care Program") bay timoun nou yo opòtinite pou yo eksperimante plizyè kalite aktivite, tankou natasyon (naje), tenis, karate, dans, baskètbòl, ak klib kous/kouri. Tout kou sa yo genyen yon eleman akademik ki ranfòse jounen akademik la.

### Karakteristik Espesyal:

- Dans/pèfòmans mizik pandan sezon ivè ak ete.
- Matyè epsesyal: dans, syans, mizik, tenis, wobotik, chapant bwa, ak natasyon (naje).
- Yon enstalasyon dènye kri ki bati pou timoun piti.
- Yon pwogram atizay okonplè avèk dans ak mizik.
- Yon gwoup pèsonèl ak kò elèv divès.

### Pwogram pou Elèv k Ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas enklizyon okonplè.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram ankadreman gratis avan ak aprè jounen lekòl la, pami yo: leson enstriman akòd, Koral Ti Gason, Koral Tifi, patnè lekti de (2) moun, tan pou jwe, klas kizinye, klas atizay, natasyon (naje), dans, tenis, baskètbòl, Klib Liv, ak Olenmpik Espesyal.

## Hennigan K-8 School

**Jadendanfan K2 jiska Klas 8yèm Ane**
**Maria Cordon, Direktris**
**200 Heath St., Jamaica Plain 02130**
**617-635-8264**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 20 | PME 49 | NME 26 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 17 | PME 54 | NME 28 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 9 | PME 39 | NME 49 |

Nou akeyi e selebre yon kominote elèv divès. Tout elèv nou yo aprann nan yon anviwònman ki sansib a bezwen kiltirèl yo avèk edikatè ki fòme pou yo satisfè bezwen aprantisaj divès elèv nou yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Pami spesyalite yo: natasyon (naje), atizay spektak, mizik, syans, òdinatè (enfòmatik), edikasyon spòtif, dans amerik latin, espayòl ak japonè.
- Spesyalis ak titè nan matematik ak alfabetizasyon ki founi sipò an ti gwoup ansanm ak sipò patikilye.
- Klas Travay Avanse ("Advanced Work Class") pou elèv ki pale Anglè oswa Espayòl nan klas 4yèm-5yèm ane ki kalifye.
- Leson Patikilye pou MCAS pou Elèv yo.
- Yon kominote lekòl ki divès nan kilti yo.
- Sal Klas "City Year" ak Sipò Aprè Jounen Lekòl.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltileng (plizyè lang), SLIFE-Espayòl (3-5), SLIFE-Miltileng (3-5), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas edikasyon espesyal: devlopman emosyonèl e sosyal (ESD), Espayòl; ak andikap aprantisaj elèv (SLD).

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan lekòl: sant Hennigan Community Center a, $20 chak semèn. Pwogram BOKS ("Bati sou Siksè Timoun Yo") avan jounen lekòl la, depui 8:10 dimaten, gratis.
- Aprè lekòl: Plizyè pwogram, ni pwogram ki koute ak pwogram ki pa koute.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Hernández K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Ana Tavares, Direktris**
**61 School St., Roxbury 02119**
**617-635-8187**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 27 | PME 54 | NME 16 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 30 | PME 56 | NME 13 |
| SCIENCE (5,8) | EE 5 | ME 24 | PME 53 | NME 17 |

Nou se yon lekòl lang (lengwistik). Nou anseye chak elèv an anglè e an espayòl, kèlkeswa lang yo pale lakay yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Doub lang: ansèyman ni an anglè, ni an espayòl.
- Kourikoulòm Atizay Entegre ak patenarya avèk mize yo nan zòn nan.
- Vizit lakay [elèv la].
- Aprantisaj ki chita sou pwojè.
- Anfaz sou atizay.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè:

- Doub-lang Espayòl.

### Pwogram aprè jounen lekòl yo nan bilding nou an:

- Aprè lekòl, 2:30 pou 6:00 diswa.: Leson patikilye, devwa, atizay ak atizana, at masyal, dram teyat, atizay vizyèl, yoga, dans, dans ak tanbou Afriken, "Sole Train", "Fanm ki Gen Fòs Fi ki Gen Fòs", lidèchip kamarad lekòl mwayèn; $300 pa mwa, bous disponib an pati (bous pasyèl).

## Higginson Elementary School

**Klas Enklizyon Jadendanfan K1 jiska Klas 2yèm Ane**
**Marie Mullen, Direktris**
**160 Harrishof Street, Roxbury 02119**
**617-635-8618**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

Lekòl Henry L. Higginson School la sèvi elèv ki genyen andikap ak sila yo ki pa genyen andikap, nan yon anviwònman ki konplètman enklisif. Misyon nou se bay elèv yo sipò pou yo atenn potansyèl ki pi wo a ni akademikman, ni sosyalman, e ni emosyonèlman. Eksperyans ak leson timoun yo aprann nan Higginson nan ap ede yo devlope pou yo devni elèv ak endividi ki responsab epi ki genyen konfyans [nan tèt yo], ni anndan ni deyò sal klas yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Lekòl pou elèv k ap aprann bonè, nan yon anviwònman katye lakay
- Enklizyon okonplè elèv ki genyen andikap yo ak sila yo ki nan edikasyon regilye.
- Ti klas piti.
- Pèsonèl divèsifye ki pale plizyè lang elèv nou sèvi yo: Anglè, Espayòl, Kreyòl Kap Vèdeyen, ak Fransè, Pòtigè, Kantonè, ak Kreyòl Ayisyen.
- Yon ekip sipò solid ki reponn a bezwen elèv nou yo.
- Matyè spesyalis nan edikasyon spòtif, atizay vizyèl, ak mizik.
- Enfimyè lekòl.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Espesyal.
- Enklizyon konplè edikasyon jeneral, edikasyon espesyal ak Elèv ka p Aprann Anglè yo.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan yon sal klas enklisif pou klas 3yèm jiska 8yèm ane nan lekòl Higginson/Lewis K-8 School la.

## Higginson-Lewis K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Darlene Ratliff, Direktris**
**131 Walnut Ave., Roxbury 02119**
**617-635-8137**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 10 | PME 49 | NME 41 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 7 | PME 44 | NME 49 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 3 | PME 37 | NME 60 |

Lekòl nou an se yon lekòl kominotè, ki santre sou fanmi, ki bay tout kalite sèvis epi ki genyen yon anfaz akademik solid. Bilding mòdènize nou an genyen ladan l yon jimnazyòm, kafeterya, ak oditoryòm, epi nou itilize tout pou nou amelyore òf akademik nou yo. Nou efòse nou pou n amelyore akonplisman elèv yo e rann yo pi fò toujou atravè kèk prensip nou sèvi avè yo pou gide nou: Respè, Chaj, Kont-randi, ak Responsabilite.

### Karakteristik Espesyal:

- Mizik, dans, edikasyon atizay teyat.
- Pwogram edikasyon spòtif ki genyen ladan l espò kominotè rame bato, BOKS ("Bati sou Siksè Timoun Yo"), aktivite lekòl siplemantè (avan ak aprè jounen lekòl yo).
- Plizyè kalite patenarya kominotè ki founi resous kominotè.
- Yon anfaz solid sou edikasyon.
- Lig deba lekòl entèmedyè (lekòl mwayenn).
- Tae Kwon Do pouk las 3yèm-4yèm ane.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nan lekòl Higginson Lewis, enklizyon se yon kwayans ki di ke aksè pou tout moun nan yon sal klas entegre benefisye tout moun.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounenn lekòl la: an patenarya avèk sant "Bird St. Community Center" a pou laj 5 a 12 an; frè peman yo depann sou mwayen ekonomik ou, epi yo kòmanse depi nan $50 pa semèn.
- Aprè jounenn lekòl la: an patenarya avèk sant "Bird St. Community Center" a, pou elèv lekòl elemantè; frè peman yo depann sou mwayen w pou peye, epi yo kòmanse apat $50 pa semèn, osinon nou asepte sibvansyon ("voucher") tou.
- Pwogram aprè lekòl gratis pou klas 3yèm a 8yèm ane yo "City Year" ak "Young People's Project" dirije.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Holmes Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Yeshi Gaskin Lamour, Direktris**
**40 School St., Dorchester 02124**
**617-635-8681**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 9 | ME 28 | PME 46 | NME 16 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 28 | PME 48 | NME 24 |
| SCIENCE (5,8) | EE 6 | ME 19 | PME 42 | NME 32 |

Lekòl Holmes Innovation School la se yon lekòl enklizyon 21yèm syèk Lekòl Piblik Boston. Nan moman sa a, nou genyen 21 klas enklizyon pwofesè ki genyen de (2) ou twa sètifikasyon ansèyman. Tout elèv yo angaje nan inite etid ki anrapò ak sijè jistis sosyal ki baze sou pwojè. Tout elèv genyen aksè a atizay, syans, kodaj/chifraj, wobotik, Espayòl, edikasyon spòtif, Tae Kwon Do, ak mizik. Epitou nou genyen koral ak òkès.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon pwogram mizik solid, avèk òkès ak koral, ak yon sibvansyon "Save the Music" chanèl VH1 ban nou.
- Laboratwa syans.
- Klas piti ki genyen 15 elèv ladan yo nan K0-K1 ak 20 elèv nan K2 jiska 5yèm ane nan klas enklizyon yo.
- Sant bibliyotèk/medya.
- Òdinatè nan chak klas.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Lekòl enklizyon konplè, Jadendanfan K0 jiska klas 5yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: 7:00 pou 9:00 dimaten (frè yo ka varye)
- Aprè jounen lekòl la: Achieve! ("Akonpli!:) òganizazyon GRASP la founi, 3:20 nan aprè midi pou 6:00 diswa. Zafè akademik ak anrichisman (frè yo varye).

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Frederick Middle School la.

## Hurley K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Marjorie Soto, Direktris**
**70 Worcester St., Boston 02118**
**617-635-8489**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 8 | ME 47 | PME 41 | NME 4 |
| MATH (3-8) | EE 7 | ME 48 | PME 41 | NME 4 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 16 | PME 59 | NME 24 |

Lekòl Hurley a, ki lokalize nan katye South End Boston nan, se yon lekòl doub lang Jadendanfan jiska klas 8yèm ane. Nou anseye elèv nou yo Espayòl ak Anglè pandan tout ane a pou ede yo devni moun ki bileng. Nou ofri elèv yo atizay, STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik), edikasyon spòtif, mizik, ak dans.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon gwo anfaz sou atizay.
- STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik).
- Teren Foutbòl.
- Bibliyotèk lekòl bileng konplètman otomatize.
- Laboratwa wobotik.
- "Jounen sou teren" anyèl la, sware fim, ak sware fanmi.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè:

- Pwogram doub lang Espayòl.

### Admisyon Espesyal:

- Elèv k ap fè demann pou klas 3yèm a 8yèm ane yo dwe asiste yon oryantasyon avèk fanmi yo, patisipe nan yon entèvyou fòmèl, epi sibi yon evalyasyon pou teste konpetans lengwistik yo an espayòl ak anglè pou detèmine abilte yo pou yo reyisi nan pwogram doub lang nan.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- "Bodega de Arte" Aprè Lekòl 2:30 pou 6:00 p.m.

## Irving Middle School

**Klas 6yèm jiska 8yèm Ane**
**Jomila Smith, Direktris**
**105 Cummins Highway, Roslindale 02131**
**617-635-8072**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 13 | PME 45 | NME 40 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 7 | PME 50 | NME 42 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 1 | PME 27 | NME 72 |

Prensip fondamantal nou yo se: Respè, Responsabilite, ak Entegrite. Antanke pèsonèl, nou devwe pou n kiltive yon anviwònman aprantisaj senesof, ki plen ak lanmou, e ki angajan. Pakonsekan, elèv lekòl Irving yo va devni moun ki va pasyone pou yo aprann pandan tout rès vi yo, ki va aplike bòn rezònman yo andeyò klas yo pou rezoud e reponn a enjistis ki egziste nan kominote yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Lè Aprantisaj Pwolonje jiska 4:15, lendi jiska jedi.
- Ansèyman alfabetizasyon an ti gwoup kat fwa pa semèn pou sipòte kwasans nan abilte lekti ak ekriti.
- Pwogram atizay vizyèl solid.
- Pwofesè yo kolabore chak semèn pou amelyore pratik yo.
- Pwofesè yo reyini chak semèn avèk paran yo.
- Anvwònman lekòl ki senesof.
- Klas Travay Avanse pou elèv elijib ki nan klas 6yèm ane.
- Enstalasyon: oditoryòm, jimnazyòm, aksè a òdinatè 1:3.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Spanish, SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram "Chanje Lavi Elèv" (Changing Students Lives) pou elèv edikasyon espesyal ki elijib.
- Nou ofri de (2) pwogram konplètman diferan, epi objektif nou se founi opòtinite enklisif pou tout elèv selon bezwen ak preparasyon endividyèl yo.

### Pwogram aprè lekòl ki nan bilding nou an:

- "City Year" ak "Boys and Girls Club of Boston."

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

Pou w wè yon lis okonplè òganizasyon patnè yon lekòl, tanpri konsilte sit entènèt: partnerbps.org/locations

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Jackson/Mann K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Anita Moore, Direktris**
**40 Armington St., Allston 02134**
**617-635-8532**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 5 | ME 22 | PME 45 | NME 28 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 26 | PME 43 | NME 28 |
| SCIENCE (5,8) | EE 4 | ME 13 | PME 48 | NME 35 |

Lekòl Jackson Mann la se yon kominote ki sousye pou elèv yo, e sa evidan nan rezilta akonplisman yo, anviwònman lekòl nou an ki nourisan e akeyan, ansanm ak nan kourikoulòm fondamantal nou an. Anplis pwogram edikasyon jeneral yo nou genyen yon pwogram "Enstriksyon Pwoteje ann Anglè", Klas Travay Avanse (AWC), enklizyon edikasyon espesyal, ak pwogram seksyon otis ki genyen siksè. Nou founi sipò pou elèv ki bezwen ranfòsman anplis atravè leson patikilye spesyalize ak travay ki fèt an gwoup.

### Karakteristik Espesyal:

- Klas preparasyon pou egzamen ISEE a pou elèv klas 6yem ak 8yèm ane.
- Atelye pou paran sou pwoblèm lekòl ak devlopman timoun.
- Konferans ant paran ak pwofesè ak kontak telefòn kontinyèl.
- Lekòl jounen pwolonje.
- Pwogram Aprantisaj Apranti avèk biznis lokal yo.
- Pwojè byenèt la ("wellness project"), klib kouri ak mache, ak sèvis sante mantal.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltilgen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Lekòl enklizyon edikasyon espesyal.
- Pwogram otis pou Jadendanfan K0 jiska klas 8yèm ane.

### Pwogram Avan ak Aprè jounen lekòl nan bilding nou an:

- Pwogram avan jounen lekòl la.
- Aprè lekòl: pwogram ak patenarya.

## J. F. Kennedy Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Christine Copeland, Direktris**
**7 Bolster St., Jamaica Plain 02130**
**617-635-8127**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 27 | PME 53 | NME 20 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 24 | PME 54 | NME 23 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 4 | PME 38 | NME 57 |

Lekòl John F. Kennedy School la aspire pou l prepare elèv yo pou yo kapab reponn a bezwen estanda 21yèm syèk yo. Donk, elèv John F. Kennedy yo ap sosyab, ap reflechi nan fason kreyatif, y ap rezoud pwoblèm avèk abilite yo, y ap kominike nan fason ki efikas, epi y ap abil nan teknoloji. Epitou y ap Aktif, Konfyan, Disipline, Respektye, Janti ak Onèt. Kourikoulòm nou an sipòte abilte alfabetizasyon ak matematik solid.

### Karakteristik Espesyal:

- Klas yo genyen "Smartboards" ("tablo entèlijan") ki pèmèt pwofesè yo anrejistre ansèyman yo e afiche materyèl pou elèv yo repase sou yo pi ta.
- Anseyan aplentan nan syans, jeni (enjenyè), òdinatè (enfòmatik), ak edikasyon spòtif.
- Gwoup manje maten paran ak sesyon enfòmatif sou pwoblèm edikasyonèl.
- Pwogram fondamantal, ki met anfaz sou ogmantasyon kantite ak kalite lekti elèv nou yo.
- Jimnazyòm ak oditoryòm ki genyen anpil espas ladan yo.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram aprè lekòl avèk "Bird Street", "America SCORES New England Soccer" ak "City Year", ak "the Hyde Square Task Force".

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Curley K–8 Upper School la.

## P. J. Kennedy Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Kristen Goncalves, Direktris Pwovizwa**
**343 Saratoga St., East Boston 02128**
**617-635-8466**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 34 | PME 55 | NME 10 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 27 | PME 54 | NME 17 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 5 | PME 74 | NME 21 |

Lekòl Patrick J. Kennedy Elementary School la sitye nan kè East Boston. Nou se yon lekòl, piti, sere-sere ki genyen 300 elèv enskri nan moman sa a. Pèsonèl nou yo, ki plis pase karant pwofesyonèl an nonb, devwe pou yo sèvi timoun nou yo. Se misyon nou pou nou edike elèv nou yo nan fason nou bay yo yon anviwònman ki senesof epi ki favorab pou fanmi yo. Nou ofri yon anviwònman ki sousye pou elèv yo epi ki stimile yo, pou yo kapab grandi ni akademikman ni emosyonèlman.

### Karakteristik Espesyal:

- Òdinatè "Chromebook" pou klas 3yè jiska 5yèm ane.
- Spesyalis akademik chak jou, pami yo: Edikasyon Spòtif, Syans, Mizik, Teyat.
- Pwogram nitrisyon ak sante ki genyen ladan l tès pou teste gou manje, ak leson nitrisyon.
- Peryòd "Kids' Choice" ("Chwa Elèv Yo") chak jou kote elèv yo kapab chwazi pami yon seleksyon kou opsyonèl ki reyèlman angajan ki konekte ansanm estanda akadamik a aprantisaj pratik ki baze sou pwojè.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Edikasyon espesyal: yon klas edikasyon timoun piti K0/K1 ak klas enklisif nivo klas K2 jiska 4yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan lekòl, 7:30 pou 9:00 dimaten: tan pou aktivite ak opòtinite pou travay sou devwa, pou $5 pa jou.
- Foutbòl "America SCORES Boston soccer" ak ekriti pou klas 3yèm jiska 5yèm ane nan sezon otòn ak prentan.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School oswa lekòl Umana Academy.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Kenny Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Emily Bryan, Direktris**
**19 Oakton Ave., Dorchester 02122**
**617-635-8789**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 3 | ME 31 | PME 54 | NME 12 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 32 | PME 44 | NME 21 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 0 | PME 67 | NME 33 |

Lekòl Thomas J. Kenny Elementary School la devwe pou l founi chak timoun ak ansèyman akademik ki djanm ansanm ak opòtinite anrichisman enpòtan nan yon anviwònman senesof epi ki bay yo sipò. Nou se yon ti lekòl piti klas Jadendanfan jiska 5yèm ane ki bay valè a zafè akademik, mizik, atizay ak lidèchip.

### Karakteristik Espesyal:

- Klas konsakre pou syans, avèk zanimo vivan, opòtine aprantisaj pratik, ak teknoloji ansèyman.
- Nouvo lakou rekreyasyon, teren foutbòl, ak patenarya ki baze sou spò, pami yo: "Playworks".
- Jaden deyò ak espas sal klas, ak yon patenarya avèk "Farm for City Kids" ("Jaden pou Timoun Lavil"). Elèv klas 5yèm ane yo pase yon semèn nan yon jaden.
- Klas atizay, mizik, ak dans.
- Fanfa Kenny School.
- Chak jou elèv yo sèvi avèk teknoloji ansèyman pa mwayen kèk charyo òdinatè pòtatif (laptòp) "Chromebook" ak "MacBook".
- Modèl Enklizyon k ap Grandi (nan moman sa a K2, klas premye ane ak 2yèm ane) avèk sèvis anplis edikasyon espesyal ak ESL (Anglè kòm yon Dezyèm Lang).

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou ofri ti gwoupman (konplètman apa), sèvis Enklizyon Okonplè ak Chanm Resous selon bezwen patikilye chak elèv.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan lekòl, se pèsonèl lekòl Kenny School la ki dirije li; BOKS ( "Bati sou Siksè Timoun Yo") aktivite spòtif avan jounen lekòl la.
- Aprè jounen lekòl la, Jadendanfan jiska klas premye ane, pwogram akademik ak anrichisman gratis chak jou.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Mildred Avenue School la.

## Kilmer K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Kimberly Williams, Direktris**
**35 Baker St. (K-3); 140 Russett Rd. (4-8)**
**West Roxbury 02132**
**617-635-8060**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 11 | ME 46 | PME 29 | NME 13 |
| MATH (3-8) | EE 7 | ME 40 | PME 38 | NME 15 |
| SCIENCE (5,8) | EE 5 | ME 27 | PME 40 | NME 27 |

Lekòl Kilmer a se yon lekòl ki djanm nan zafè akademik ki genyen yon gwoup pèsonèl ki genyen eksperyans epi ki sousye pou elèv yo. Nou se yon sèl lekòl la nan de (2) bilding. Elèv Jadendanfan 1 jiska klas 3yèm ane nou yo ansanm ak de (2) klas bezwen espesyal nou yo (Jadendanfan K0/K1 ak K2 jiska 2yèm ane) nan bilding orijinèl nou an. Elèv klas 4yèm a 8yèm ane nou yo ak de (2) klas (3yèm-5yèm ane ak 4yèm-8yèm ane) nan yon lekòl ki fenk renove. Tout elèv nou yo aprann lekti ak ekriti pa mwayen leson klas ann antye, travay fèt an ti gwoup epi yo travay endividyèlman. Lekòl Kilmer met aksan sou akonplisman wo nivo pou tout elèv.

### Karakteristik Espesyal:

- Òdinatè dènye kri ak laboratwa syans ki byen ekipe.
- To siksè MCAS ki wo.
- Paran ki angaje.
- Leson patikilye pou egzamen ISEE a pou elèv ki nan klas 6yèm ak 8yèm ane.
- Pwofesè syans aplentan.
- Sipò pou aprantisaj sosyal-emosyonèl ak byenèt.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon spesyalize Jadendanfan jiska klas 8yèm ane pou elèv ki genyen otis.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Swen avan ak aprè jounen lekòl la pou tout elèv disponib chak jou. Tout elèv elijib pou yo pran yon otobis pou yo ale oswa retounen sot nan lekòl anba a pou pwogram sa a.
- Nou ofri leson enstriman avan ak aprè jounen lekòl la atravè lekòl Dedham School of Music la pou yon pri.

## M. L. King Jr. K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Grace Coleman, Direktris**
**77 Lawrence Ave., Dorchester 02121**
**617-635-8212**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 19 | PME 54 | NME 26 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 12 | PME 56 | NME 32 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 0 | PME 48 | NME 52 |

Misyon Lekòl Martin Luther King, Jr. K-8 Inclusion School la se pou l travay pou l atenn yon bi pataje pou l prepare elèv yo pou siksè nan sosyete nou an k ap pede chanje a. Kourikoulòm akademik djanm nou an ki met anfaz sou lidèchip la, ekipe elèv yo avèk konesans ak abilte yo bezwen pou yo devlope konesans sou pwòp tèt pa yo, responsabilite yo anvè fanmi yo, ak kominote yo, epi pou yo motive pou yo briye.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon bilding nou fenk renove (fenk refè).
- N ap renove lekòl la nan moman sa a epi l ap pral genyen ekipman lakou rekreyasyon tounèf ak yon sal klas deyò
- Atizay, mizik, koral, atizay spektak, ak edikasyon spòtif.
- Konsèy Elèv.
- Klib Wobotik ak Sosyete Nasyonal Enjenyè Nwa.
- Patenarya "Thompson Island" ki konsantre sou elaji aksè elèv yo a yon edikasyon syans sou "vrè monn" nan.
- "Home for Little Wanders" ("Kay pou Timoun ki pa Genyen Kote pou Yo Ale") founi konsèy sou plas pou elèv ki bezwen kèk sèvis.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Lekòl:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram aprè jounen lekòl la, 2:30-6:00 nan aprè midi; se YMCA an ki dirije li sou plas.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Lee Academy Pilot School

**Jadendanfan K0 jiska Klas 3yèm Ane**
**Amelia Gorman, Direktris**
**25 Dunbar Ave., Dorchester 02124**
**617-635-8618**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 6 | ME 22 | PME 59 | NME 14 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 27 | PME 47 | NME 25 |

Lekòl Lee Academy Pilot School la se yon lekòl otonòm (endepandan) ki konplètman enklisif, ki bati sou patenarya avèk fanmi yo, edikatè, ansanm ak manm kominote yo. Nan reponn bezwen sosyal-emosyonèl timoun yo e nan gide yo pou yo atenn ekselans akademik, nou se yo konminote ki enklisif, divès, epi ki ekitab (jis) ki bay valè a tout kalite elèv k ap aprann ansanm ak elèv tout kalite orijin. Nou ankouraje kreyativite ak kiriyozite pou nou selebre kè kontan ki genyen nan zafè aprann pandan n ap nouri jeni endividyèl chak grenn timoun.

### Karakteristik Espesyal:

- Tae Kwon Do, dans, atizay vizyèl, ansèyman yoga, syans, ak edikasyon spòtif.
- Jaden pou aprantisaj deyò.
- Plizyè sal klas Lekòl Matènèl ("Pre-K") NAEYC Akredite ki genyen pwopòsyon elèv a pwofesè ki ba.
- Siki ("looping") nan kèk nivo klas: genyen kèk elèv ki genyen menm pwofesè a pou 2 an.
- Nou founi pèsonèl yo avèk Devlopman Pwofesyonèl pou n bay plis sipò nan aprantisaj elèv yo.
- Kourikoulòm abilte sosyal: Pwofesè "Open Circle" (Sèk Ouvè), "Second Step" (Dezyèm Etap), ak "Playmakers" ki sètifiye pou ede ankouraje Devlopman Sosyal-Emosyonèl.
- Pwogram vizit lakay.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas Enklizyon Konplèt nan tout nivo klas (Edikasyon Jeneral, Edikasyon Espesyal, ak Elèv k ap Aprann Anglè entegre nan menm sal klas la).

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan jounen lekòl, pami yo: "Reebok BOKS fitness" (sante fizik BOKS Reebok).
- Pwogram aprè jounen lekòl: èd pou devwa, anrichisman akademik, ak tan pou elèv yo jwe.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 4yèm ane pou elèv Young Achievers School.

## Lee K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Kimberly Crowley, Direktris**
**155 Talbot Ave., Dorchester 02124**
**617-635-8687**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 7 | ME 19 | PME 43 | NME 32 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 13 | PME 42 | NME 43 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 7 | PME 41 | NME 50 |

Lekòl Joseph Lee K-8 School la se yon kominote k ap kontinye travay pou l kreye yon anviwònman kote estanda pèfòmans ak atant siperyè egziste pou tout elèv. Nou kwè modèl sa a ankouraje òganizasyon, preparasyon pou inivèsite (kolèj), ansanm ak potansyèl akademik ki pi wo.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram ak sistèm enklizyon pou ankouraje enklizyon tout elèv.
- Klas Travay Avanse pou elèv ki eljib nan klas 4yèm a 6yèm ane.
- Pwogram atizay, mizik, òdinatè, ak edikasyon spòtif.
- Oditoryòm, bibliyotèk, pisin, jimnazyòm, lakou rekreyasyon, sal klas deyò, teren spò, sal atizay, chanm sansoryèl, syans, laboratwa òdinatè, ak kafeterya.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou genyen 17 sal klas ki konplètman apa pou elèv ki genyen ASD (Twoub Espèk Otis). Elèv yo patisipe nan natasyon (naje) gratis pou gwo mouvman misk yo nan klas jadendanfan K2 jiska 8yèm ane. Epitou nou genyen yon seksyon enklizyon k ap grandi.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram aprè jounen lekòl la jiska 5:15 nan aprè midi.

## Lyndon K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Kathleen Tunney (K-3) ak Andre Ward (4-8), Ekip Jesyon (Ekip Dirijan Yo)**
**20 Mt. Vernon St., West Roxbury 02132**
**K-3, 617-635-6824; 4-8, 617-635-6336**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 15 | ME 37 | PME 32 | NME 17 |
| MATH (3-8) | EE 5 | ME 37 | PME 41 | NME 17 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 23 | PME 46 | NME 29 |

Lekòl Lyndon School la prepare elèv nou yo pou yo devni elèv k ap aprann pandan tout rès vi yo. Nou ofri pwogram akademik solid, ansanm ak atizay vizyèl, òkès, dans, ekip deba, teknoloji, ak pwogram akademik aprè lekòl ak pwogram spòtif. Pwofesè yo genyen fòmasyon nan "Klas Reyaktif" ak "Dezyèm Etap", kourikoulòm sosyal ki bati yon kominote aprantisaj ak objektif sosyal e akademik ki siperyè kòm prensip fondamantal lekòl la.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon kourikoulòm atizay konplè avèk atizay vizyèl, mizik jeneral, koral, pwogram enstrimatal, ak dans.
- Yon Bibliyotèk prè (ki prete).
- Opòtinite pou patisipasyon fanmi: PTA (Asosyasyon Paran-Pwofesè), Zanmi Lekòl Lyndon nan ("Friends of the Lyndon") ak Komite Konsèy Lekòl La.
- Spesyalis matematik, alfabetiasyon, syans, òdinatè, ak mizik. Pwofesè ESL (Anglè kòm yon Dezyèm Lang), ak pwofesè Edikasyon Espesyal.
- Patenarya avèk lopital "Children's Hospital", "Kay pou Timoun ki Pa Gen Kote pou Yo Ale", ak "South Bay Community Health", ki bay elèv nou yo sipò ak gidans.
- Lekòl la ekipe avèk charyo "Chromebook" pou klas 2-8. Klas Jadendanfan ak klas premye ane yo genyen sant "Chromebook" ladan yo.
- Elèv yo patisipe nan aktivite STEM ak inite etid.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Kat klas SAR, klas nivo 2yèm/3yèm/4yèm, 4yèm/5yèm/6yèm, 6yèm/7yèm/8yèm ak 7yèm/8yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la YMCA West Roxbury/Roslindale founi.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Lyon K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Dan Mulvey, Direktè Pwovizwa**
**50 ak 95 Beechcroft St., Brighton 02135**
**617-635-7945**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 9 | ME 39 | PME 48 | NME 3 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 47 | PME 45 | NME 3 |
| SCIENCE (5,8) | EE 6 | ME 21 | PME 55 | NME 18 |

Lekòl Mary Lyon K-8 School la kwè ke tout elèv kapab aprann e yo genyen dwa pou yo resevwa yon edikasyon kalite siperyè. Nou devwe pou n yon lekòl enklisif, akeyan, ki efòse pou nou ankouraje kwasans akademik, sosyal, e emosyonèl. Atravè refleksyon inovatif, refleksyon kontinyèl sou pratik nou, ak devouman nou pou nou asire chak elèv genyen aksè a kourikoulòm nan, n ap chèche kreye kèk eksperyans aprantisaj ki rich ki devlope tout timoun nan an antye.

### Karakteristik Espesyal:

- Opsyon Lekòl Pilot High School la pou klas 9yèm jiska 12yèm ane yo.
- Ti klas piti.
- Spesyalis nan mizik, atizay, teknoloji, ak edikasyon spòtif.
- Komite Konsèy Lekòl ak Konsèy Paran ki reyèlman angaje.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram enklizyon okonplè ki kreye pou reponn a bezwen elèv ki genyen defisyans emosyonèl.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la, 7:30 pou 9:15 dimaten disponib pou tout elèv ki nan klas Jadendanfan jiska klas 6yèm ane.
- Aprè jounen lekòl la, 3:30 pou 4:30 nan aprè midi pou elèv ki elijib: mizik, òkès, koral, opòtinite anrichisman, ak aktivite rekreyasyon (lwazi).

**Pakou K-12:** Plasman garanti nan klas 9yèm ane nan lekòl Lyon High School la.

## Manning Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Ethan D'Ablemont-Burnes, Direktè**
**130 Louder's Lane, Jamaica Plain 02130**
**617-635-8102**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: School of Recognition: High Growth - Exceeding Targets**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 10 | ME 56 | PME 27 | NME 7 |
| MATH (3-8) | EE 10 | ME 49 | PME 29 | NME 13 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 36 | PME 52 | NME 4 |

Lekòl Manning nan genyen yon objektif ansèyman ki konsantre sou kapasite elèv yo pou yo reflechi sou yon nivo ki pi wo ak yon pwogram enklizyon ki sipòte siksè pou tout elèv nou yo. Ti gwosè nou an pèmèt nou devlope relasyon enpòtan pou nou kapab pèsonalize strateji ansèyman nou yo ansanm ak devlopman sosyal elèv nou yo. Nou jwenn sipò nan men yon Konsèy Paran ki aktif ak nan kèk patenarya puisan nou genyen avèk "Responsive Classroom", "Playworks", ak "Faulkner Hospital", pami kèk lòt ankò.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwofesè teknoloji syans ak bibliyotekè aplentan, pwofesè atizay, ak edikasyon spòtif.
- Sikològ lekòl.
- Terapi okipasyonèl (ègoterapi) ak terapi langaj.
- Mizik avèk "Community Music Center of Boston" nan.
- Òdinatè nan chak sal klas.
- Patisipasyon aktif paran yo kòm volontè, kolektè fon, ak manm Konsèy Paran an ak Komite Konsèy Lekòl la.
- Konferans paran endividyèl.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL nan Edikasyon Jeneral.
- Klas Jadendanfan K0 a K1 entegre pou Edikasyon Timoun Piti; Jadendanfan K2 jiska 5yèm ane se klas enklizyon ki genyen sipò anplis.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl: pwogram sa a genyen yon frè pou peye pou li.
- Aprè jounen lekòl: pwogram sa a genyen yon frè pou peye pou li. Epitou nou ofri sipò ak anrichisman akademik.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Boston Teachers Union (BTU) K-8 School la.

## Mason Elementary School

**Jadendanfan K0 jiska 5yèm Ane**
**Lauretta Lewis-Medley, Direktris**
**150 Norfolk Ave., Roxbury 02119**
**617-635-8405**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 30 | PME 54 | NME 12 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 25 | PME 56 | NME 19 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 18 | PME 39 | NME 39 |

Misyon Mason School la se founi yon pwogram akademik enklizyon konplè ki genyen tout bagay epi ki djanm, pèsonèl yo, elèv yo, ak paran devwe, sipòte ansanm ak yon kominote solid k ap kolabore pou yo travay e aprann ansanm. Pwofesè yo genyen de (2) sètifika epi yo genyen yon devlopman pwofesyonèl anrapò ak Edikasyon Espesyal (SPED) ak ansèyman ESL. Nou anseye elèv yo pou yo reflechi, aprann, e rezoud pwoblèm nan yon fason endepandan.

### Karakteristik Espesyal:

- "Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun nan, (NAEYC a) akredite jadendanfan nou yo.
- Genyen patenarya ak "City Connects" pou l reponn a bezwen sosyal, emosyonèl, e akademik elèv yo.
- Nou ofri atizay, mizik, dans, edikasyon spòtif, teknoloji ak ansèyman naje (klas 1-5).
- Aprantisaj pwolonje nan syans.
- Sal klas deyò ak pisin.
- "READ Boston Grant" founi liv ak evènman alfabetizasyon gratis bay tout elèv yo.
- "Looping" (siki, elèv yo gen menm pwofesè a pou dezan) pou klas Jadendanfan K2/1 ak yon klas 2/3 ak 4/5.
- Entèvansyon alfabetizasyon pou elèv klas premye ane ki genyen difikilte.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL nan Edikasyon Jeneral.
- Edikasyon Espesyal: de (2) klas enklizyon pou chak nivo klas depi Jadendanfan K0/K1 rive nan klas 5yèm Ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl: klas K-5.
- Aprè jounen lekòl. YMCA ak leson patikilye nan matematik disponib.

**Pakou K-12:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Dearborn STEM Academy an.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Mather Elementary School

**Marcia Riddick, Direktris**
**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**One Parish St., Dorchester 02122**
**617-635-8757**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 29 | PME 47 | NME 19 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 28 | PME 50 | NME 19 |
| SCIENCE (5,8) | EE 1 | ME 9 | PME 46 | NME 44 |

Misyon nou se, "Edike e bay elèv yo kapasite pou yo atenn potansyèl yo atravè kèk eksperyans akademik ak kèk eksperyans ki rich nan aspè sosyal." Tout elèv yo resite Sèman Lekòl Mather a chak maten, pafwa an Vyetnamyen, Kap Vèdeyen, oswa Espayòl pou selebre kilti lòt elèv nou yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Komite Konsèy Lekòl ak Konsèy Paran Lekòl Aktif.
- Nouvo lakou rekreyasyon ak sal klas deyò.
- Bibliyotèk dènye kri.
- Pwogram atizay ak mizik ekselan.
- Laboratwa teknoloji mobil.
- Pwogram nitrisyon.
- ak yon jaden manjab konplè kote timoun nou yo kapab aprann sou nitrisyon.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Vyetnamyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon okonplè pou Elèv ki genyen Andikap Aprantisaj Konplè ("Full Learning Disabled" - LD) pou elèv ki nan klas premye ane jiska 5yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram spòtif avan jounen lekòl la (BOKS, ki vle di: Building on Kids' Success - "Bati sou Siksè Timoun Yo").
- Aprè jounen lekòl la, jiska 6:00 nan aprè midi: $40 pa semèn. Elèv yo resevwa sipò pou devwa ak opòtinite anrichisman.
- Plizyè lòt pwogram aprè jounen lekòl la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Frederick Middle School la.

## Mattahunt Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 2yèm Ane**
**Walter Henderson, Direktè**
**100 Hebron St., Mattapan 02126**
**617-635-8792**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

Mattahunt la/Toussaint L'Ouverture Academy a ofri pwogram kiltirèl e lengwistik pou tout elèv, pami yo yon opsyon pou yon pwogram doub-lang an kreyòl ayisyen ak anglè, ansanm ak Imèsyon Pwoteje nan Anglè. Li sèvi kòm yon modèl ekselans nan edikasyon timoun piti, ki spesyalize nan founi pratik ki sansib a efè chòk sikolojik, epi l genyen ladan l pwogram edikasyon jeneral ak pwogram edikasyon espesyal nan yon anviwònman enklizyon pou elèv ki soufri otis.

### Karakteristik Espesyal:

- Doub lang Kreyòl Ayisyen
- Jounen Lekòl Pwolonje.
- Teknoloji, Smartboards (Tablo Entèraktif), iPads, ak Òdinatè.
- Pwogram Lekti Lakay ("Home Reading Program").
- Jimnazyòm/Espò chak semèn; edikasyon spòtif adaptif ak klas natasyon (naje).
- Patenarya avè "City Year" pou founi sipò nan lekòl yo pouk las 3yèm jiska 5yèm ane.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- Pwogram doub lang-Kreyòl Ayisyen, SEI-Ayisyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram edikasyon espesyal nan yon anviwònman enklizyon pou elèv ki genyen otis.

### Pwogram avan jounen lekòl la nan bilding nou:

- Pwogram spòtif avan jounen lekòl la (BOKS, ki vle di: Building on Kids' Success - "Bati sou Siksè Timoun Yo").

## McCormack Middle School

**Klas 6yèm jiska 8yèm Ane**
**Elvis Henriquez, Direktè**
**315 Mt. Vernon St., Dorchester 02125**
**617-635-8657**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 11 | PME 44 | NME 44 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 19 | PME 50 | NME 30 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 3 | PME 34 | NME 63 |

Lekòl John W. McCormack Middle School la sèvi yon gwoup elèv divès. Nou fyè de misyon nou an pou n sipòte ni kwasans akademik ni kwasans pèsonèl chak elèv ki pase nan pòt nou. Lekòl McCormack la kreye yon anviwònman kote nou kapab reponn a bezwen chak elèv. Nou transfòme espas lekòl nou yo pou nou sipòte byenèt sosyal e emosyonèl elèv yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Syans ak etid sosyal (syans sosyal) chak jou pou tout elèv.
- Pwogram atizay vizyèl ak atizay spektak disponib pou tout elèv.
- Asistans akademik anplis nan lekti ak nan matematik, jan sa a ta nesesè.
- Lekòl ki ekipe ak "Catie's Closet" yo bay elèv ki viv nan povrete mwayen pou yo chwazi rad ak nesite debaz yo bezwen, nan yon fason diskrè, epi y ap fyè pou yo mete yo sou yo.
- Patisipasyon nan lig lekòl mwayèn pou foutbòl ameriken, baskètbòl, atletis ak besbòl.
- "Tech Goes Home" ("Teknoloji a Vin Lakay Ou") bay yon pwogram fòmasyon pwofesè nou yo itilize pou yo anseye fanmi yo alfabetizasyon nan zafè òdinatè (ki vle di: ki jan pou yo itilize òdinatè).
- Yon gwoup pèsonèl ki sousye, ki konsantre sou siksè ak byenèt chak elèv.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, SLIFE-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou genyen yon Kominote Aprantisaj Terapetik pou elèv ki genyen difikilte sosyal/emosyonèl, ak pwogram LD/SAR pou elèv yo dyagnostike avèk andikap entèlektyèl (SAR se: "Reyabilitasyon Sosyal e Akademik").

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Aprè jounen lekòl: Plizyè kalite aktivite anrichisman e akademik anplis, patnè nou yo founi, Lendi jiska Jedi.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## McKay K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Jordan Weymer, Direktè**
**122 Cottage St., East Boston 02128**
**617-635-8510**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 2 | ME 34 | PME 49 | NME 15 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 26 | PME 56 | NME 17 |
| SCIENCE (5,8) | EE 1 | ME 4 | PME 50 | NME 44 |

Lekòl Donald McKay K-8 School la se yon kominote akeyan ki anbrase kalite patikilye chak elèv. Nou bay elèv yo kapasite pou yo fè meyè efò yo kapab fè nan fason nou egzije yo fè travay siperyè, nan fason nou toujou ap fè fanmi yo patisipe, ak fason nou akouraje prensip fondamantal sila yo, ki se: respè, efò, ak responsabilite. Pèsonèl lekòl McKay School la kwè, "Elèv nou yo ap aprann atravè ansèyman ekspè. Nou responsab nan fason kolektif pou edikasyon elèv nou yo epi n ap kolabore nan yon anviwònman ki bay sipò pou nou fè si tout elèv reyisi."

### Karakteristik Espesyal:

- Klas atizay, mizik, syans, ak edikasyon spòtif.
- De (2) laboratwa òdinatè.
- Pwogram fwi ak legim fre, ki bay elèv yo kèk goute ki bon pou sante yo.
- Yon pwogram atizay k ap fleri ki founi elèv yo avèk aksè a mizik ak teyat.
- Pwogram Pre-AP (avan klas Plasman Avanse) nan Anglè, Matematik, ak Syans lekòl mwayèn.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram alfabetizasyon Anglè kòm yon Dezyèm Lang aprè jounen lekòl la.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Leson patikilye aprè jounen lekòl la avèk pwofesè ki genyen lisans (ki otorize).

## Mendell Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Julia Bott, Direktris**
**164 School St., Roxbury 02119**
**617-635-8234**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 25 | ME 29 | PME 38 | NME 8 |
| MATH (3-8) | EE 11 | ME 36 | PME 34 | NME 20 |
| SCIENCE (5,8) | EE 7 | ME 21 | PME 45 | NME 28 |

Nan lekòl Mendell la, nou vrèman devwe pou n genyen ansèyman ak aprantisaj kalite siperyè pou tout elèv.

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram atizay okonplè ki genyen ladan l yon pwofesè Atizay aplentan pou tout nivo klas, pwofesè Edikasyon Mizik a tan pasyèl pou elèv klas Jadendanfan jiska klas premye ane ak ekriti kantat mizikal ak edikasyon spektak pou elèv ki nan klas 2yèm ane jiska Kantat Sal Klas.
- De (2) Konseye nan lekòl la.
- Pwofesè Syans aplentan pou tout nivo klas.
- Plizyè aktivite pou fanmi, pami yo: atelye sou ki jan pou prepare timoun pou egzamen MCAS la, alfabetizasyon fanmi ak matematik ak aktivite amizan tankou "Magical Mendell Day".
- Sal Klas deyò pou ansèyman pratik nan syans ak nan atizay.
- Mizik, atizay vizyèl ak atizay spektak, edikasyon spòtif, syans, ak syans sosyal.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Ankadreman avan jounen lekòl la, kòmanse apati 7:30 dimaten pou klas Jadendanfan jiska 5yèm ane k ap itilize modèl anrichisman klib (gen frè pou peye selon mwayen w).
- Ankadreman aprè jounen lekòl la 3:30 pou 6:00 nan aprè midi pou klas Jadendanfan K1 jiska 5yèm ane.
- Pwogram YMCA sou plas pou aktivite siplemantè pou klas Jadendanfan K2 jiska 5yèm ane.
- Pwogram Jadendanfan K1 aprè lekòl pwofesè ak pèsonèl Mendell yo founi.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Timilty Middle School la.

## Mildred Avenue K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska 8yèm Ane**
**Andrew Rollins, Direktè**
**5 Mildred Ave., Mattapan 02126**
**617-635-1642**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 18 | PME 39 | NME 42 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 19 | PME 47 | NME 33 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 3 | PME 43 | NME 54 |

Nan lekòl Mildred Avenue an, nou met aksan sou devlopman timoun nan sou tout ang. Nou fòme patenarya avèk fanmi n yo pou n bay elèv nou yo sipò nan sal klas yo ak nan lavi a. Nou founi ansèyman nan mizik vokal, atizay vizyèl, edikasyon spòtif, natasyon (naje), teyat, ak dans.

### Karektersitk Espesyal:

- Preparasyon pou egzamen ISEE an pou antre nan lekòl konkou antre yo.
- Klas Travay Avanse founi yon kourikoulòm Onè ("Honors") akselere.
- Pwomnad souvan ak opòtinite aprantisaj ki baze sou eksperyans.
- Pwogram Syans-Teknoloji-Enjenyè-Matematik.
- Yon enstalasyon dènye kri ki genyen ladan l yon stidyo dans, teyat, pisin, laboratwa syans ak laboratwa òdinatè, stidyo atizay, bibliyotèk, teren spò ak lakou rekreyasyon.
- Kou aljèb klas 8yèm ane.
- Pwogram "Technology Goes Home" ("Teknoloji a Vin Lakay Ou").

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Miltileng (plizyè lang) (klas 6yèm a 8yèm ane), SLIFE-Espayòl (klas 3yèm a 5yèm ane), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Ti klas piti ki genyen pèsonèl anplis nan chak sal klas, sèvis konsèy ak itineran (vwayajè/vwayajan) disponib sou plas, ak opòtinite enklizyon.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram jiska 5:00 nan aprè midi (Lendi jiska jedi, ak Vandedi nan premye klas elemantè yo); se sant "Mildred Avenue Community Center" a ak PACE ki fè pwogram sa a posib.
- Pwogram pou klas elemantè siperyè yo "City Year" fè posib.
- Pwogram lekòl mwayèn, pwofesè Mildred yo dirije epi genyen plizyè patnè kominotè ki patisipe.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Mission Hill K-8 School

**Jadendanfan K0 jiska Klas 8yèm Ane**
**Ayla Gavins, Direktris**
**20 Child St., Jamaica Plain 02130**
**617-635-6384**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 20 | PME 39 | NME 37 |
| MATH (3-8) | EE 2 | ME 14 | PME 36 | NME 48 |
| SCIENCE (5,8) | EE 5 | ME 17 | PME 22 | NME 56 |

Lekòl Mission Hill mete anfaz sou yon kourikoulòm kolaboratif ki baze sou pwojè, ki enkli tout abilte aprantisaj. Elèv yo diplome lòske yo kapab demontre yo genyen kapasite, dispozisyon, ak konesans nesesè pou yo kapab jere lekòl segondè ak lavi jèn adilt la. Patisipasyon ak sipò fanmi nesesè pou siksè akademik.

### Karakteristik Espesyal:

- Nou mete anfaz sou atizay pandan tout jounen lekòl la.
- Gradyasyon (diplòm) ki baze sou pèfòmans.
- Itilizasyon plizyè evalyasyon pou mezire akonplisman elèv yo, pa sèlman egzamen estandadize yo.
- Yon lekòl pilòt ki met anfaz sou aprantisaj ki baze sou pwojè e ki kolaborativ.
- Klas ki genyen elèv plizyè laj diferan, ki pa genyen plis pase 20 elèv ladan yo.
- Nou bay valè a patenarya ant lekòl la, lakay, ak kominote a.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pou Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Enklizyon okonplè elèv edikasyon jeneral ak edikasyon espesyal.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la, 8:00 pou 9:15 dimaten pou tout nivo klas.
- Aprè jounen lekòl la, 3:30 pou 6:00 nan aprè midi pou elèv ki nan klas K0 jiska klas 6yèm ane.
- Timoun K0 yo kapab asiste sèlman yon sèl pwogram nan, swa avan OSWA aprè jounen lekòl la, men pa toude.

## Mozart Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Michael Baulier, Direktè**
**236 Beech St., Roslindale 02131**
**617-635-8082**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 5 | ME 42 | PME 38 | NME 14 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 29 | PME 45 | NME 23 |
| SCIENCE (5,8) | EE 10 | ME 29 | PME 48 | NME 14 |

Elèv Mozart yo se vedèt ROCK yo ye: yo Respekte moun, yo Ouvè, Kowoperatif, epi yo Janti. Nou se yon ti lekòl piti ki akeyan ki genyen yon pwogram pou elèv ki genyen andikap otis. Nou kreye opòtinite chak jou pou ni elèv ki genyen otis ak sila yo ki pa genyen otis pou yo kapab angaje ak youn lòt epi aprann ansanm.

### Karakteristik Espesyal:

- Teknoloji nan klas premye jiska 5yèm ane.
- Syans, Edikasyon Spòtif, Atizay, Mizik, ak klas spesyalite bibliyotèk.
- Leson semi-prive pou klas 3yèm jiska 5yèm ane!
- Nouvo lakou rekreyasyon ak klas deyò.
- Sèvis konsèy pou elèv.
- Entèvansyon nan Matematik ak Gramè/Literati Anglè.
- Klas spesyalite syans, edikasyon spòtif, atizay ak mizik.
- Pwogram natasyon (naje) pou elèv ki soufri otis.
- Pwogram ki reyèlman efikas pou elèv ki soufri otis.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram otis pou klas Jadendanfan K0 jiska 5yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram sou plas avan ak aprè jounen lekòl la YMCA dirije pou elèv ki nan klas K1-5 ane.
- Avan jounen lekòl la: Genyen frè pou peye, kantite a depann. Pwogram aktivite spòtif BOKS (BOKS, ki vle di: Building on Kids' Success - "Bati sou Siksè Timoun Yo"), pwogram gratis Reebok patwone.
- Aprè jounen lekòl la: pou klas K2-5 ane YMCA West Roxbury a dirije; pou K1 an, se pèsonèl yo nan lekòl Mozart School la ki dirije l.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

## Murphy K-8 School

**Jadendanfan jiska klas 8yèm Ane**
**Courtney Sheppeck, Direktris**
**1 Worrell Street, Dorchester 02122**
**617-635-8781**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 11 | ME 38 | PME 34 | NME 17 |
| MATH (3-8) | EE 5 | ME 44 | PME 35 | NME 16 |
| SCIENCE (5,8) | EE 7 | ME 17 | PME 49 | NME 27 |

Lekòl Murphy a se yon gwo lekòl ki genyen yon popilasyon elèv divès. Nou kwè aprantisaj kontinyèl la kòmanse nan lekòl Murphy a epi tout elèv kapab reyisi nan yon wo nivo. Nou anbrase #murphymindset, ki vle di nou adopte yon "Mantalite Kwasans," yon sistèm kwayans ki di: nou tire leson nan echèk nou yo epi nou ankouraje lit pwodiktif pou nou kapab akonpli rèv ak objektif nou yo pou tout rès vi nou.

### Karakteristik Espesyal:

- Natasyon (naje), mizik, atizay, teknoloji, edikasyon spòtif, syans, teknoloji, òdinatè, sante ak chinwa.
- Preparasyon pou Egzamen Antre Lekòl Endepandan yo (ISEE) pou tout elèv 6yèm/8yèm ane.
- Pwogram AVID pou preparasyon pou inivèsite (kolèj).
- Twa laboratwa òdinatè pòtatif tounèf.
- Patisipasyon paran ki solid, ak kèk komite aktif.
- Patenarya avèk plizyè òganizasyon biznis, inivèsitè, e kiltirèl.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la, 7:30 pou 8:15 dimaten, ansan ak "BOKS Kidz finess" lè Lendi, Mèkredi ak Vandredi, 7 è pou 8 è diamten.
- Aprè jounen lekòl la, Lendi jiska Vandredi jiska 6:15 diswa: èd ak devwa, atizay, mizik, teknoloji, jwèt echèk, syans, istwa, enèji renouvlab, teyat dram, "Destination Imagination" ("Imajinasyon Destinasyon"), leson mizik enstrimantal, ak pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik).

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## O'Donnell Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Emily Berman, Direktris**
**33 Trenton St., East Boston 02128**
**617-635-8454**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 25 | PME 65 | NME 9 |
| MATH (3-8) | EE 2 | ME 24 | PME 60 | NME 14 |
| SCIENCE (5,8) | EE 0 | ME 3 | PME 64 | NME 33 |

Lekòl Hugh Roe O'Donnell la se yon lekòl ki senesof, ki genyen anpil siksè, ki pèfòme byen, epi ki favorab a fanmi. Nou rekonèt e selebre divèsite kiltirèl pwofon lekòl O'Donnell School la reprezante. Ak yon apwòch entegre nan aprantisaj, nou bay elèv yo tout opòtinite yo bezwen pou yo dekouvri potansyèl yo pou siksè edikasyonèl. Nou ekspoze elèv nou yo a tout matyè yo, pami yo: mizik, edikasyon spòtif, STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik) ansanm ak lòt fason pou yo aprann.

### Karakteristik Espesyal:

- Tout kominikasyon yo fèt an anglè ak espayòl.
- AVID College Prep ("Preparasyon pou kolèj AVID") obligatwa pou klas 4yèm a 5yèm ane.
- Etid Sosyal "History Alive" ("Iswa Vivan") pou klas Jadendanfan jiska 5yèm ane.
- Inisyatif lekti "Hatchett Book Group" ak "Generations Inc." pou klas elemantè.
- 10 Boys Initiative ("Inisyatif 10 Ti Gason"): Pwogram titè pou ti gason minorite etnik ki an risk.
- Òdinatè pòtatif (laptòp), klas syans, ak aprantisaj jaden deyò.
- "Dekouvri Jistis": pwogram devlopman karaktè, jistis sosyal ak konesans sitwayen.
- "Tech Goes Home" ("Teknoloji a Vin Lakay Ou").
- Enfimyè bileng (ki pale 2 lang).

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou sèvi ak yon konbinezon modèl kote ke yon pwofesè gen dwa vin nan klas elèv la oswa elèv la kapab al nan yon lòt sal, pou asire ke elèv yo resevwa ansèyman nan yon anviwònman ki genyen mwens restren ke posib.

### Aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- ALERTA pou klas 3yèm jiska 5yèm ane, gratis.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la oswa lekòl Umana Academy a.

## Ohrenberger School

**Klas 3yèm jiska 8yèm Ane**
**Naomi Krakow, Direktris**
**175 West Boundary Rd., West Roxbury 02132**
**617-635-8157**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 7 | ME 35 | PME 42 | NME 16 |
| MATH (3-8) | EE 6 | ME 34 | PME 46 | NME 13 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 13 | PME 43 | NME 41 |

Nou devwe pou n prepare elèv nou yo pou yo pare pou kolèj (inivèsite) ak karyè yo. Ekip paran, edikatè, ak manm kominote nou yo efòse yo pou yo kreye yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò, ki entèraktiv e kolaborativ pou tout elèv nou yo. Nou kwè ke tout elèv kapab atenn nivo siperyè, reflechi nan fason kritik, epi devni lidè kominotè ki kapab reponn a bezwen kominote a.

### Karateristik Espesyal:

- Leson patikilye pou egzamen ISEE a pou elèv ki nan klas 6yèm ak 8yèm ane.
- Opòtinite siplemantè spòtif pou elèv ki nan klas 6yèm jiska 8yèm ane.
- Klas Travay Avanse nan klas 4yèm jiska 6yèm ane.
- Atizay, òdinatè, dans, mizik, edikasyon spòtif, ak syans.
- Pwogram mizik enstrimantal, klas 3yèm jiska 8yèm ane.
- Klas deyò.
- Pwogram "Technology Goes Home" ("Teknoloji a Vin Lakay Ou").

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- Pwogram SEI miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè Kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Edikasyon Espesyal: sipò chanm resous; pwogram Aprantisaj ak Konpòtman Adaptif (L/AB) pou elèv ki genyen andikap emosyonèl.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la apati 7:00 dimaten $6 pa jou
- Aprè jounen lekòl la: pwogram anrichisman an patenarya avèk sant "Ohrenberger Community Center" a, 1-2 aprè midi chak semèn, $35 pou 10 sesyon; swen pou timoun 2:30 pou 5:30 pou klas 3yèm ane jiska 5yèm ane, $20 pa jou.

## Orchard Gardens K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Megan Webb, Direktris**
**906 Albany St., Roxbury 02119**
**617-635-1660**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 15 | PME 46 | NME 38 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 12 | PME 47 | NME 40 |
| SCIENCE (5,8) | EE 1 | ME 6 | PME 38 | NME 55 |

Lekòl Orchard Gardens K-8 Pilot School la garanti tout elèv yo yon eksperyans akademik ki djanm, li bay eksperyans sa a nan yon anviwònman ki bay valè e ki selebre relasyon solid ant elèv, pèsonèl, fanmi, ak kominote. Tout elèv ap kwè nan abilte yo pou yo reyisi e pou nou ofri yo plizyè kalite aktivite anrichisman pou yo kapab byen prepare pou kolèj (inivèsite) ak pou karyè yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon lekòl pilòt inovativ pou jadendanfan jiska klas 8yèm ane.
- Mizik, atizay, teyat, dans, ak yon pwogram medya bibliyotèk.
- Plizyè pwogram jounen pwolonje, tankou: pwogram akademik, klib, ak pwogram anrichisman.
- Konseye Pedagojik ak Kowòdinatè Sipò pou Elèv yo.
- Patenarya solid avèk fanmi yo pa mwayen kanè rapò pwogrè chak mwa.
- Yon bèl bilding, dènye kri ki te bati an 2003.
- Klib ak spò pou elèv klas 3yèm jiska 8yèm ane.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Kap Vèdyen, SLIFE-Kap Vèdyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon spesyalize pou elèv ki genyen andikap.
- Pwofesè entèvansyon abil k ap bay sipò spesyalize.
- Pwogram spesyalize pou elèv edikasyon fòmèl yo te koupe (te entèwonp).

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Plizyè pwogram aprè jounen lekòl la, tankou: Boys and Girls Club/City Year, Citizen Schools (egzije pou klas 6yèm jiska 8yèm ane); "America SCORES soccer" (foutbòl) ak pwogram ekriti; spò ak klib (elijibilite baze sou prezans elèv la ak nòt li).

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Otis Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Paula Cerqueira-Goncalves, Direktris**
**218 Marion St., East Boston 02128**
**617-635-8372**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 2 | ME 34 | PME 48 | NME 16 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 44 | PME 42 | NME 11 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 18 | PME 48 | NME 28 |

Lekòl Otis la se youn nan yon ponyen lekòl sèlman ki anplwaye yon Kowòdinatè Chan Kominotè aplentan ki kominike avèk fanmi yo sou regleman lekòl ak pwogrè elèv. Nou genyen yon gwoup pwofesè devwe ki vrèman kalifye, ki reflete divèsite popilasyon elèv nou yo. Majorite pèsonèl Otis yo pale de (2) lang ou menm pi plis pase sa. Majorite nan yo genyen lisans ESL (Anglè kòm yon Dezyèm Lang) anplis lisans prensipal yo an.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon wo pousantaj paran ale nan Parent University ("Inivèsite Paran").
- Pwofesè spesyalis pou atizay, mizik, dans, syans, ak òdinatè,
- Klas syans deyò.
- Lekòl Tan Aprantisaj Pwolonje.
- Tablo Plizyè Vizyon Entèraktif ("Interactive Polyvision Whiteboards") nan majorite klas yo.
- Konsèy Paran Aktif, avèk reprezantan sou Komite Konsèy Lekòl nou an.
- Rannman chak ane pou elèv 5yèm ane yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè:

- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: 7:15 pou 8:15 dimaten. Pwogram sante fizik BOKS (BOKS, ki vle di: Building on Kids' Success - "Bati sou Siksè Timoun Yo"), klib devwa, ak leson patikilye.
- Aprè jounen lekòl la: pwogram pou timoun paran yo enskri nan pwogram lekòl ESL la (Anglè kòm yon Dezyèm Lang), lè Lendi jiska Jedi, 3:15 pou 5:15 nan aprè midi; pwofesè Otis yo bay leson patikilye pou kèk elèv chwazi; pwogram YMCA, 3:15 pou 6:30 nan aprè midi.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Edwards Middle School la oswa nan MckKay School la.

## Perkins Elementary School

**Jadendanfan K2 jiska Klas 5yèm Ane**
**Craig Martin, Direktè**
**50 Rev. Burke St., South Boston 02127**
**617-635-8601**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 1 | ME 35 | PME 56 | NME 8 |
| MATH (3-8) | EE 2 | ME 34 | PME 52 | NME 12 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 15 | PME 56 | NME 21 |

Lekòl Perkins Elementary a founi elèv nou yo ak yon eksperyans aprantisaj ki san parèy ki elaji fason yo panse, fason yo rezoud pwoblèm, epi ki elaji wòl yo antake yon anjan pou chanjman. Avèk ansèyman ak aprantisaj solid, nou amelyore kreyativite, pasyon, ak lespri optimis pitit ou pote nan lekòl la. Objektif nou se edike, bay pitit ou kapasite, epi elve l nan ekselans antanke elèv e sitwayen global.

### Karakteristik Espesyal:

- Klas deyò ki enspire kreyativite nan atizay/atizana, ekri, lekti, ak syans.
- Modèl Ekip Siksè Lekòl ki sipòte bezwen sosyal e emosyonèl elèv yo.
- "Brothers of Distinction" ("Frè Distinge"), pwogram "MJP Boys" (pou ti gason).
- Wonderfully Made ("Kreyati Mèveye"), Gwoup "MJP Girls'" (pou ti fi).
- Pwogram "MJP Perkins Pride Student Ambassadors" (Pwogram Ambasadè Fyète Elèv MJP Perkins yo).
- Sware Alfabetizasyon Konbit Manje Entènasyonal ("International Potluck Literacy Night").
- Klib STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Talan Atistik, ak Matematik).
- Pwogram "Exclusive MJP Fill the Bucket".

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Pwogram Sante Fizik BOKS avan jounen lekòl la.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl McCormack Middle School la.

## Perry K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Geoffrey Rose, Direktè**
**745 East 7th St., South Boston 02127**
**617-635-8840**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 29 | PME 41 | NME 26 |
| MATH (3-8) | EE 4 | ME 41 | PME 39 | NME 15 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 8 | PME 64 | NME 20 |

Lekòl Perry K-8 School la se yon kominote k ap travay ansanm pou l prepare elèv nou yo pou yon lavni ki ranpli ak siksè. Nou devlope relasyon solid avèk fanmi ak elèv pou bay meyè edikasyon pou chak timoun, chak jou. Objektif nou se avansman akademik e sosyal elèv nou yo atravè eksperyans inovatè ki kreye pou ankouraje aprantisaj elèv la ann antye nan yon fason pozitif.

### Karakteristik Espesyal:

- Yon sal klas Devan Lanmè a "Schoolyard Initiative" kreye.
- Kèk rasanbleman chak mwa kote ke nou rekonèt elèv yo pou akonplisman yo nan zafè akademik, amelyorasyon yo nan zafè akademik, ak sitwayènte pozitif.
- Pwogram Byenèt ki genyen ladan l Edikasyon Spòtif ak Sante.
- Yon kourikoulòm Syans ki baze sou ankèt.
- Enstriman akòd, koral, ak klas mizik.
- Aksè a teknoloji: Tout pwofesè yo genyen pwojektè, epitou nou genyen de (2) charyo Chromebook, twa charyo iPad, ak yon charyo Macbook pou kore leson yo chak jou.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram edikasyon espesyal ki vrèman spesyalize pou elèv ki genyen andikap.
- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou:

### Avan jounen lekòl la: 7:30 pou 9:15 dimaten, Lendi jiska Vandredi.

- Pwogram byenèt fizik "Shark Squad" lè Madi ak Mèkredi.
- Aprè jounen lekòl: 3:30 pou 5:30 nan aprè midi pou elèv Jadendanfan K1 jiska klas 5yèm Ane; se pèsonèl lekòl Perry a ki dirije l, Lendi jiska Vandredi.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Philbrick Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Danladi Bobbitt, Direktè**
**40 Philbrick St., Roslindale 02131**
**617-635-8069**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 7 | ME 31 | PME 49 | NME 13 |
| MATH (3-8) | EE 2 | ME 21 | PME 60 | NME 16 |
| SCIENCE (5,8) | EE 6 | ME 6 | PME 44 | NME 44 |

Lekòl Philbrick la rann pwofesè yo kapab bay timoun yo plis atansyon epi l etabli yon anviwònman ki entim e nourisan. Nou kwè ke elèv nou yo aprann si nou bay yo kèk eksperyans edikastyonèl ki djanm e global. Nou itilize yon apwòch atelye pou ansèyman lekti, ekriti, ak matematik. Epitou nou bay klas spesyalte nan syans, mizik, edikasyon spòtif, ak atizay, epi nou etabli patenarya biznis, patenarya kominotè, ak patenarya fanmi manch long.

### Karakteristik Espesyal:

- Òdinatè pòtatif (laptop) san fil, aksè iPad pou elèv yo, klas 4yèm ak 5yèm ane yo genyen kodaj/chifraj ak wobotik kòm pati pwogram STEM nou an (STEM nan se: Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik).
- Leson patikilye endividyèl e an ti gwoupman pou bay sipò a elèv sila yo ki ka genyen kèk difikilte.
- Ekselans pou Tout Moun pou klas 4yèm a 5yèm ane.
- Reyinyon prim kominote lekòl chak mwa.
- Ti gwoup leson enstrimantal nan klas 4yèm a 5yèm ane.
- Lakou lekòl ak lakou rekreyasyon ki fenk refè (fenk renove).
- Pwomnad kan nan "Ferry Beach" nan eta Maine pou elèv klas 5yèm ane yo, anfaz la se sou zafè syans.
- Sware Fanmi ki anrapò ak Kourikoulòm nan.
- Sibvansyon pou syans ak alfabetizasyon.
- Atelye Paran.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak apre jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: pèsonèl yo dirije l pou; li genyen pwogram sante fizik BOKS la ladan l.
- Apre jounen lekòl la: yon pwogram striktire paran Philbrick yo dirije; frè pou w peye a ap depann de mwayen ekonomik ou.

**Pakou K-8:** Plas garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

## Quincy Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Cynthia Soo Hoo, Direktris**
**885 Washington St., Boston 02111**
**617-635-8497**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 7 | ME 41 | PME 43 | NME 10 |
| MATH (3-8) | EE 7 | ME 46 | PME 34 | NME 12 |
| SCIENCE (5,8) | EE 20 | ME 24 | PME 43 | NME 13 |

Lekòl Quincy a genyen yon eritaj solid nan zafè akademik djanm, nan enkilke respè, pèseverans, ak displin pami elèv nou yo. Li tire nan enèji katye l yo pwodui a ak divèsite elèv nou yo pou l kreye yon kominote ki chèche prepare tout elèv pou sitwayènte mondyal.

### Karakteristik Espesyal:

- Ti klas piti pou nivo klas 1ye ak 2yèm ane yo.
- Pwogram syans wobotik pou klas 5yèm ane.
- Klib, gwoup dans, atizay vizyèl, ak natasyon (naje).
- Òkès JQS pou klas Jadendanfan K2 jiska klas 7yèm ane.
- Evènman kiltirèl tankou Festival Ivè, Nouvou Ane Chinwa a.
- Atelye pou paran yo nan lang Chinwa ak Anglè.
- Lè brevaj kafe/te pou paran yo chak semèn.
- Yon estrikti bilding modèn avèk yon twati (do kay) ki genyen espas pou elèv yo jwe ak espas deyò pou aprantisaj.
- Ansèyman lang Mandaren (Chinwa) pou tout elèv.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Chinwa, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Nou fè pati Modèl Sante Konpòtmantal distri a, e nou mete sou pye yon pwogram Entèvansyon ak Sipò Konpòtmantal Pozitif pou tout lekòl la.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: Aktivite gratis pwofesè edikasyon spòtif la patwone twa maten nan semèn nan; Klib Pwomnad nan Katye a, pwogram sante fizik BOKS.
- Pwogram anrichisman aprè jounen lekòl la: Strong Women ("Fanm ki Gen Fòs"), gwoup Fi ki gen Fòs ("Strong Girls group"), espò, atizay ak atizana, Legos, kodaj/chifraj, òkès, koral.

**Pakou K-12:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Josiah Quincy Upper School la.

## Roosevelt K-8 School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 8yèm Ane**
**Bannet Steele, Direktris**
**30 Millstone Rd. (K1-1);95 Needham Rd. (2-8), Hyde Park 02136**
**617-635-8676**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 4 | ME 31 | PME 50 | NME 15 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 28 | PME 54 | NME 15 |
| SCIENCE (5,8) | EE 8 | ME 11 | PME 42 | NME 39 |

Lekòl Franklin D. Roosevelt K-8 School la se yon lekòl ki fenk renove (fenk refè), de (2) sit (2 kanmpous). Nou founi yon anviwònman aprantisaj senesof nourisan pou timoun nou yo. Nou bay valè a endividyalite chak elèv epi nou efòse n pou nou bay chak elèv kapasite pou l panse nan fason ki kritik e kreyatif. Pèsonèl nou yo montre elèv yo ki jan yo kapab genyen abitid pou yo aprann pou tout rès vi yo, ki jan pou yo respekte lòt moun, epi yo sèvi kòm egzanp yon sans sitwayènte responsab nou vize pou n enkilke nan chak elèv Roosevelt.

### Karakteristik Espesyal:

- Spesyalis syans ki anseye klas 2-5 ane.
- Sèvis konsèy sou plas "Arbour", "Primary Project", ak "Home for Little Wanderers" founi.
- Pwogram Teknoloji a Vin Lakay Ou" la.
- Klas 6-8 ane: matematik, ELA, syans, syans sosyal, edikasyon spòtif/sante oswa atizay teyat chak jou.
- Lekòl elemantè: foutbòl, klib wobotik, pwogram dram (klas 2-8).

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram enklizyon konplè depi K0 (laj 3 an) rive jiska klas 8yèm ane. Nan chak nivo klas, genyen yon pwofesè enkliszyon ak asistan pwofesyonèl ki bay de (2) pwofesè sipò .

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la, nou ofri nan chak sit lekòl la (kanmpous); pwogram mouvman BOKS gratis de (2) jou pa semèn nan chak nan sit yo, pandan otòn ak prentan.
- Aprè jounen lekòl la: "Little Voices" pou klas K-5 ane; klib wobotik pou elèv lekòl elemantè; yon pwogram teyat dram pou klas 2-8 ane; klib deba pou elèv lekòl mwayèn yo.
- Spò aprè jounen lekòl la: "America SCORES soccer" (foutbòl), klas 3-5 ane, otòn ak prentan; spò ki fèt pami lekòl la sèlman ("Intramural") selon sezon, klas 6-8 ane.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo

Pou w wè yon lis okonplè òganizasyon patnè yon lekòl, tanpri konsilte sit entènèt: partnerbps.org/locations

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Russell Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Derrick Ciesla, Direktè Pwovizwa**
**750 Columbia Rd., Dorchester 02125**
**617-635-8803**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn objektif yo an pati**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 3 | ME 35 | PME 51 | NME 11 |
| MATH (3-8) | EE 3 | ME 25 | PME 57 | NME 15 |
| SCIENCE (5,8) | EE 12 | ME 23 | PME 44 | NME 21 |

Lekòl Russell School la mete anfaz sou:

1. Dite Akademik (Academic Rigor)
2. Sipò Elèv
3. Angajman Kominotè

### Karakteristik Espesyal:

- Pwogram sante e byenèt.
- Pwomnad nan lokal tankou "Hale Reservation", "Harbor Islands", "Museum of Science", "Wakefield Estate", "Plymouth Plantation", ak "Aquarium" nan.
- Edikasyon Spòtif, Syans, Atizay, Bibliyotèk ak Mizik.
- Sware jwèt matematik pou ankouraje paran patisipe nan matematik.
- Teknoloji nan sal klas yo, tankou: tablo entèraktif, iPad, òdinatè, ak kamera "flip".
- Konsèy byenèt elèv, "10 Boys Initiative" ("Inisyativ 10 Ti Gason"), ak "Junior Coaches Pwogram" ("Pwogram Antrenè Jinyò").
- Lakou rekreyasyon dènye kri, ansanm ak klas deyò ak yon jaden kominotè.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pou reponn pi byen a bezwen elèv nou yo, nou diferansye nan fason nou ofri elèv nou yo aprantisaj pèsonalize e endividyalize.

### Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Aprè jounen lekòl la: pwogram "Girls LEAP" ki bay elèv klas 4-5 ane yo kapasite ak fòs; kous/atletis "Russell Runs" pou klas K-5 ane; wobotik pou klas 3-5 ane; "Ti fi nan Syans" pou ti fi ki nan klas 4-5 ane; fòmasyon "Teknoloji A Vin Lakay Ou" pou fanmi sou ki jan pou yo sèvi ak teknoloji pou edikasyon yo; pwogram anplis "BOKS" ak "Bird Street" founi.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl McCormack Middle School la.

## P.A. Shaw Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 3yèm Ane**
**Akosua Osei-Bobie, Direktris**
**429 Norfolk St., Dorchester 02124**
**617-635-8777**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done yo pa sifi**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 3 | ME 24 | PME 65 | NME 8 |
| MATH (3-8) | EE 0 | ME 22 | PME 60 | NME 17 |

Nou menm nan lekòl P.A. Shaw a, nou kwè pou n edike tout elèv la okonplè. Nou met aksan sou bonjan kalite ansèyman nan matyè fondamantal nou yo: lekti, ekri, matematik, ak syans.

### Karakteristik Espesyal:

- "Home Visits program" (pwogram "Vizit Lakay").
- Klas Jadendanfan K0/K1 ki baze sou sant aktivite.
- Pwogram "Raising a Reader" ("Leve yon Lektè") nan Jadendanfan K1.
- Aprantisaj Tan Pwolonje: ki met anfaz sou aprantisaj sosyal-emosyonèl.
- Klas spesyalis: bibliyotèk, mizik, edikasyon spòtif, ak atizay.

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas Jadendanfan K0/K1 ki baze sou sant aktivite pou elèv andikape.

### Pwogram avan ak aprè lekòl jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la, 7:15 pou 9:15 dimaten nan YMCA Dorchester an.
- Aprè jounen lekòl la 3:30 pou 6:00 nan aprè midi nan lekòl Shaw a, ke YMCA Dorchester a founi tou.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 4yèm ane nan lekòl Mildred Avenue School la.

## Sumner Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Meghan Welch, Direktris**
**15 Basile St., Roslindale 02131**
**617-635-8131**

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Sipò santre/sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 8 | ME 32 | PME 49 | NME 11 |
| MATH (3-8) | EE 5 | ME 25 | PME 50 | NME 20 |
| SCIENCE (5,8) | EE 2 | ME 10 | PME 45 | NME 44 |

Lekòl Sumner a devwe pou l devlope e nouri talan ak abilte chak elèv nan yon anviwònman ki senesof e ki djanm nan zafè akademik. Nou se yon lekòl ki bay tout kalite sèvis okonplè ki mete anfaz sou atizay ak sèvis ki baze sou zafè lekòl la.

### Karakteristik Espesyal:

- Ekselans pou Tout Moun pou klas 4yèm a 5yèm ane.
- Syans, edikasyon spòtif, òdinatè, ak atizay.
- Plizyè opòtinite pou angajman fanmi.
- Kominote divès.
- Pwogram "Lekòl an Bòn Sante" ki mete anfaz sou anseye elèv yo fè chwa ki bon pou sante yo.
- Bèl lakou lekòl.
- Kontak avèk paran yo (sansabilizasyon).
- Mantora.
- Okès.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Klas Edikasyon Espesyal, klas premye jiska 5yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la nan bilding nou an:

- Avan jounen lekòl la: aktivite alfabetizasyon ak matematik pou klas Jadendanfan jiska klas 5yèm ane; frè yo depann sou mwayen ekonomik ou epi genyen èd finansye disponib.
- Aprè jounen lekòl: Se "Boys and Girls Clubs of Boston" ki founi l pou klas 1ye jiska 5yèm ane; Pwogram Jadendanfan K1 ak K2 ki santre sou sipò, aktivite anrichisman, ak rekreyasyon.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Irving Middle School la.

MCAS: ELA=Gramè ak Literati Anglè, Math=Matematik, Science=Syans
MCAS: EE=Depase Atant yo, ME=Satisfè Atant yo, PME=Satisfè Atant yo an Pati, NME=Pa Satisfè Atant yo



BOSTON Public Schools Focus on Children

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Taylor Elementary School

**Jadendanfan K1 jiska Klas 5yèm Ane**
**Jennifer Marks, Direktris**
**1060 Morton St., Mattapan 02126**
**617-635-8731**

Evalyasyon Kontrandi Eta a: **Sipò santre/ sible**

**MCAS %** (Gade pi ba a)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ELA (3-8) | EE 0 | ME 23 | PME 53 | NME 24 |
| MATH (3-8) | EE 1 | ME 23 | PME 47 | NME 29 |
| SCIENCE (5,8) | EE 3 | ME 13 | PME 34 | NME 49 |

Lekòl Charles H. Taylor School la bay aksè ak opòtinite pou tout elèv aprann nan yon anviwònman ki anbrase e respekte lòt kilti. Ekip nou an travay pou l kreye yon kominote lekòl ki genyen kè kontan kote elèv ak fanmi santi yo byen akeyi yo. Nou kwè pou n menti atant siperyè epi founi yon nivo sipò ki wo pou asire tout elèv atenn tout potansyèl yo.

### Karakteristik Espesyal:

- Anfaz sou alfabetizasyon, matematik, syans, teknoloji, ak edikasyon spòtif.
- Teyat, ansèyman lang franse, ak konsèy elèv (klas siperyè yo).
- Pwogram aprantisaj sosyal-emosyonèl "Sèk ouvè" ("Open Circle").
- Ansèyman lang Japonè pou elèv ki nan Klas Travay Avanse yo.
- Sipèvizyon devwa apre jounen lekòl la.
- Pèsonèl etnisite divès.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè ak pwogram Edikasyon Espesyal:

- SEI-Ayisyen, SLIFE-Ayisyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Seksyon edikasyon espesyal pou elèv ESD/ SAR (Devlopman Edikasyonèl e Sosyal/ Reyabilitasyon Sosyal e Akademik).

### Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la:

- Avan jounen lekòl la: 7:00 pou 9:00 dimaten, leson patikilye ak pwogram anrichisman pou $40 pa semèn; pwogram egzèsis BOKS (BOKS, ki vle di: Building on Kids' Success - "Bati sou Siksè Timoun Yo"), 5 jou pa semèn.
- Aprè jounen lekòl la: 3:30 pou 5:45 nan aprè midi, anrichisman, devwa, ak pwogram leson patikilye, $65 pa semèn.

**Pakou K-8:** Plasman garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Mildred Avenue School la.

## Timilty Middle School

**Klas Jadendanfan 6yèm jiska 8yèm Ane**
- Plizyè bagay "ekstra" (« anplis »), pami yo: seminè sante ak byenèt, pwogram spòtif, aktivite avan ak aprè jounen lekòl la, ak jounen pwolonje pou anrichisman akademik.
- Sipò kowòdinatè lekòl ak kowòdinatè sipò kominotè yo.
- Pwogram "Upward Bound" invèsite Boston University a.
- Atant : Ekselans Akademik.
- Pwogram "AVID" la.
- Pwogram Sankofa pou jèn gason ki an risk (an danje).
- SEI-Ayisyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................ 70%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 36%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 32%
To Prezans ................................. 87%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 7 | 46 | 22 | 25 | 8 | 20 | 32 | 39 | 2 | 17 | 40 | 40 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Dearborn STEM Academy (Klas 6yèm jiska 12yèm Ane)

**36 Winthrop Street, Roxbury 02119**
**Dana Brown (klas 9yèm jiska 12yèm ane) ak Shelly Olsen (6yèm jiska 8yèm), Direktris**
**617-635-8412 • bpe.org/Dearborn-stem-academy**

Lekòl Dearborn nan sèvi 600 elèv nan yon bilding STEM dènye kri (STEM se: Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik). Lekòl la kreye sou baz yon konsepsyon aprantisaj elèv pou 21yèm syèk la. L ap genyen ladan l espas fleksib pou kolaborasyon ant elèv ak adilt epi - antanke yon bilding STEM dènye kri – yon wo kapasite pou itilize teknoloji.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Anpil sipò/sipò konplè**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

### Karakteristik Espesyal

- Apwòch STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematike): Tout elèv ap devlope yon konpreyansyon debaz sou lang, konsèp, ak ide ki komen nan tout domèn STEM yo; diplome avèk yon konesans solid domèn, travay, ak pakou karyè STEM yo, epitou idantifye enterè ak idantite STEM yo.
- Enfòmatik ("Syans Òdinatè) nan chak nivo klas; tout elèv lekòl Dearborn yo aprann kodaj/chifraj.
- Kourikoulòm ki pratik, ki oryante sou ekip, anrasine nan rezoud pwoblèm, epi ki kopye sou modèl pwojè ak travay pwofesyonèl.
- Plan aprantisaj pèsonalize pou chak elèv.
- Elèv yo diplome avèk yon plan karyè ki mennen yo nan opsyon edikasyon/ fòmasyon korèk la aprè lekòl segondè epi ki mennen yo nan pwofesyon de chwa yo.
- Eksplorasyon ak preparasyon pou inivèsite (kolèj), avèk konseye pedagojik ki devwe, vizit inivèsite (kolèj), egzibisyon inivèsitè (kolèj), panèl avèk elèv inivèsite (kolèj), ak plis bagay toujou.
- Staj, aprantisaj nan travay ak opòtinite travay pandan ete a pou elèv lekòl segondè.
- 60 minit tan aprantisaj pwolonje chak jou, peryòd dezèd tan aprè jounen lekòl la ki konsakre pou sipò ak anrichisman akademik pou elèv ki bezwen oswa vle sa.
- Foutbòl ti fi ak foutbòl ti gason nivo lekòl segondè sou Siki ak Teren lekòl Jeremiah Burke la.
- "BUILD Boston", klib wobotik, "Peer Health Exchange" ("Echanj Sante Karamad"), "Discovering Justice" ("Dekouvri Jistis"), ak klib Bòks.
- Pwofesè atizay aplentan ak pwofesè mizik aplentan.
- SEI-Kap Vèdyen, SLIFE-Kap Vèdyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Enskripsyon ak Prezans




Ras/Etnisite
Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

**Sila Yo Ki Genyen**
Dezavantaj Ekonomik................. 64%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 14%
Elèv k ap Aprann Anglè ............. 43%
To Prezans ................................. 95%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 8 | 0 | 10 | 49 | 41 | 0 | 16 | 53 | 32 | 0 | 16 | 53 | 32 |

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 12 | 58 | 27 | 3 | 24 | 30 | 39 | 6 | 3 | 44 | 50 | 3 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

## East Boston High School

**86 White St., East Boston 02128**
**Phillip R. Brangiforte, Direktè**
**617-635-9896 • ebhsjets.net**

Nou se yon sit PULSE bay sipò, avèk founisman leson patikilye aprè lekòl pou elèv klas 9yèm ane yo. Nou se yon lekòl AVID (Avansman Pa Mwayen Detèminasyon Endividyalize), k ap founi sipò bay elèv ki ka anba estanda onè a men ki vize pou yo ale nan kolèj (inivèsite). Elèv nou yo patisipe nan "Wheelock College Upward Bound", akademi ete "Harvard Crimson Summer Academy" a, ak pwogram "the Dartmouth SEAD" ("Anrichisman Ete nan inivèsite Dartmouth"). Epitou nou ofri pwogram Preparasyon pou egzamen SAT avèk yon eleman preparasyon pou inivèsite (kolèj) ladan l, Pwogram "Teen's Connect" ("Koneksyon Adolesan") avèk yon eleman preparasyon pou karyè ladan l, ak Pwogram Atlèt Savan Boston ("Boston Scholar Athlete Program" - BSA) ladan l, yon sant sipò ak konsèy konsiltatif elèv-atlèt.

### Karakteristik Espesyal

- 40 laboratwa òdinatè pòtab/mobil.
- Sant Bibliyotèk/Medya ki genyen 25 òdinatè tounèf.
- Kou Plasman Avanse ak kou nivo onè.
- Kou opsyonèl nan "Academy of Management", "Academy of Health/Human Services", Medya, Atizay Vizyèl, Koral, ak JROTC (Kò Antrènman Ofisye Rezèv Jinyò).
- Anfaz sou alfabetizasyon nan tout lekòl la.
- Pwogram pou ratrape kredi kou pou elèv klas 11yèm ak 12yèm ane yo ki bezwen kou yo pou yo satisfè egzijans lokal yo pou yo diplome alè.
- Asosyasyon Lekòl ak Kolèj Nouvo Angletè A (NEASC) akredite li.
- Akademi Klas 9yèm Ane nou an bay sipò ak leson patikilye anplis atravè kèk resous sou plas e atravè kèk ajans deyò.
- Seremoni Prim Akademi (selon tèm) ak Bankè Anyèl Bous ak Prim.
- Sant Angajman Paran sou Plas pou ede paran konprann kourikoulòm, regleman, ak evalyasyon lekòl la.
- Leson patikilye nan egzamen MCAS, PSAT, ak SAT, avèk plis sipò pou elèv ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane yo ki pa ko reyisi nan egzamen MCAS la, pami yo: leson patikilye avan ak aprè jounen lekòl la ansanm ak pèsonèl titè (mantora).
- Patnè lekòl la: lopital "Massachusetts General Hospital", "Higher Education Collaborative" ("Kolaboratif Edikasyon Siperyè"), "EB Youth Workers Task Force" ("Gwoup Travay Jèn Travayè EB"), Massport, Boston Hotels (Otèl Boston Yo), ak enstiti "Benjamin Franklin Institute".
- SEI-Espayòl, SLIFE-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 24 | 50 | 19 | 7 | 33 | 28 | 23 | 16 | 14 | 34 | 39 | 13 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Atenn objektif yo**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

### Enskripsyon ak Prezans




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 58%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 17%
Elèv k ap Aprann Anglè ............. 45%
To Prezans .................................. 90%






# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## The English High School

**144 McBride St., Jamaica Plain 02130**
**Caitlin Murphy, Direktris**
**617-635-8979 • englishhs.org**

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Anpil sipò/sipò konplè**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

Lekòl English High School la ofri elèv gwo seleksyon kou Plasman Avanse ak Atizay Medya, ekip besbòl ak volebòl k ap genyen chanpyona, ak yon asosyasyon ansyen elèv ki angaje. Anplis, elèv k ap antre nan Klas 9yèm ane yo ap anbake yon vwayaj pou yo konprann entère inik, pèspektif, ak stil aprantisaj inik yo avèk chak elèv k ap devlope yon plan edikasyon pèsonèl ak plan karyè. Pwogram 5 pakou nou yo bay elèv yo fòmasyon pratik nan domèn ki genyen anpil demann (ki bezwen anpil moun) :

- Enfimyè
- Enfòmatik (Pwograme Òdinatè)
- Maketing Biznis
- Konsepsyon (Desen) Grafik
- Polis (Mentni Lòd)

### Karakteristik Espesyal :

- Pèsonèl ak pwofesè mèveye ki devwe nan zafè devlopman ak siksè akademik elèv yo.
- Lekòl segondè piblik ki pi ansyen nan Etazini, etabli an 1821.
- Pakou Teknik kote elèv yo travay pou yo genyen diplòm ak sètifikasyon endistri a rekonèt.
- Kou Plasman Avanse nan Anglè, Chimi, ak Espayòl.
- Ekip Sipò Elèv la ofri sèvis konsèy ak sèvis referans pou elèv yo ak fanmi yo andeyò aktivite klas yo.
- Anpil pwogram ekstansif avan ak aprè jounen lekòl la, tankou: pwodiksyon mizik, spò, lig deba, ak èd avèk devwa.
- Ou kapab mache al nan estasyon tren "Forest Hills" ak estasyon "Green Street" la nan Liy Oranj lan, epitou l yon distans mach a bis 42.
- Planifikasyon akademik avèk chak elèv.
- Konsèy nan zafè kolèj atravè pwogram «College Advising Corps», "uAspire", ak pwogram "Passport to College".
- Nan moman sa a, nou genyen 6 peryòd nan jounen an.
- Genyen yon asosyasyon ansyen elèv aktif ("alumni").
- Pwogram SEI-Espayòl, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

**Enskripsyon ak Prezans**




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................ 72%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 21%
Elèv k ap Aprann Anglè ............. 39%
To Prezans ................................. 90%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 16 | 62 | 22 | 0 | 6 | 37 | 34 | 23 | 0 | 35 | 55 | 10 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

# Excel High School

**South Boston Education Complex • 95 G St., South Boston 02127**
**Renee McCall, Direktris**
**617-635-9870 • excelhigh.org**

Lekòl Excel High School la se yon lekòl segondè gwosè mwayèn ki bay preparasyon pou inivèsite (kolèj) ki ankouraje akonplisman akademik siperyè ak ekspresyon kreyatif nan yon anviwònman aprantisaj ki sensesif epi k ap bay elèv yo sipò. Nou kwè divèsite se pwen fò nou epi tout bagay nou fè fèt ak gidans prensip fondamantal nou yo, ki se: Respè, Responsabilite, Sitwayènte, ak Fèmte. Plis pase 50% nan pwofesè nou yo genyen de (2) lisans ansèyman, youn nan domèn matyè yo epi lòt la swa nan edikasyon espesyal oubyen nan Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL). Ane pase, yo te asepte 100% elèv klas 12yèm ane nou yo nan yon kolèj 2 ou 4 an oswa nan yon pwogram aprè lekòl segondè.

## Karakteristik Espesyal

- Kad onè nan zafè akademik, kou plasman avanse ak kou doub-enskripsyon nan Gramè ak Literati Anglè, Atizay, matematik, syans, sikoloji, ak istwa.
- Opsyon de (2) Lang Mondyal : Fransè oswa Espayòl.
- Kou tankou atizay vizyèl, ekriti kreyatif, jounalis, enfòmatik, ak konsèpsyon enjenyè (jeni).
- Kou ak staj ki anrapò ak domèn STEM yo (STEM se: Syans, Teknoloji, Enjenyè/ Jeni, ak Matematik).
- Kou teknoloji, pami yo: "Microsoft Office", konsepsyon sit entènèt, "webmaster", ak enfòmatik.
- Plizyè laboratwa òdinatè, laboratwa pòtatif (mobil) ki vwayaje de klas an klas, ak òdinatè iPad.
- Staj nan plizyè biznis ak òganizasyon Boston, pami yo: "the Federal Reserve Bank" ("Bank Rezèv Federal La") ak "Vertex Pharmaceuticals".
- Opòtinite aprè jounen lekòl la: Spò, "Boston Scholar Athlete Zone" ("Zòn Atlèt Savan Boston"), Klib Devwa, preparasyon pou MCAS, Lig Deba, buildOn, Klib Anviwònmantal, "Mu Alpha Theta", National "Honors Society" ("Sosyete Onè Nasyonal"), ak "Art Club" ("Klib Atizay").
- Kowòdinatè Angajman Fanmi ak Elèv Aplentan ki kowòdone konsèy lidèchip elèv ak paran.
- Pwogram Ratrapaj Kou nan lekòl la, yon opòtinite pou elèv klas 11yèm ak 12yèm ane yo kapab ratrape kou yo te pran echèk ladan yo pou yo ka diplome.
- Pwogram Mantora Ekspozisyon Syans avèk syantifik konpayi "Vertex Pharmaceuticals" yo.
- AVID - Sistèm Preparasyon pou Inivèsite (Kolèj).
- Pwogram JROTC okonplè (JROTC vle di : Kò Antrènman Ofisye Rezèv Jinyò).
- "Homework Helpers" ("Moun k ap ede ak devwa") pou klas 9yèm ak 10yèm ane.
- SEI-Vyetnamyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 14 | 52 | 21 | 12 | 26 | 30 | 30 | 14 | 4 | 31 | 50 | 14 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,

PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Anpil sipò/sipò konplè**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Ras/Etnisite
Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 67%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 25%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 34%
To Prezans ................................. 88%






# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Henderson Inclusion School

**Lekòl Anba, Jadendanfan K0 jiska Klas 2yèm Ane: 1669 Dorchester Avenue, Dorchester 02122**
**Lekòl Anwo, klas 5yèm jiska 12yèm ane: 18 Croftland St., Dorchester 02124**
**Patricia Lampron, Direktris**
**617-635-6365 • bostonpublicschools.org/henderson**

Misyon nou se sèvi tout elèv, kèlkelonswa kapasite yo, nan yon kad enklisif ki ofri aksè siyifikatif nan yon kourikoulòm djanm e konplè. Nou kolabore e rezoud pwoblèm pou asire ke tout elèv aprann e reyisi nan yon nivo siperyè. Nou entegre bèl atizay ak atizay spektak nan aprantisaj elèv yo, dekwa pou tout elèv kapab aprann avèk tout potansyèl yo. Tout elèv resevwa bonjan kalite ansèyman djanm nan Gramè ak Literati Anglè, Matematik, ak Syans. Nou angaje elèv nou yo pou n kreye nan yo yon amou pou aprantisaj ki va dire pou tout rès vi yo.

### Karakteristik Espesyal

- Se Sèl lekòl Jadendanfan jiska klas 12yèm ane nan Boston ki konplètman enklisif.
- Entegrasyon atizay pou chak elèv, twa fwa pa semèn.
- Akonplisman ak kwasans siperyè elèv yo nan matematik ak ELA (Gramè ak Literati Anglè).
- Enklisif: elèv tout kalite kapasite aprann ansanm.
- 2 pwofesè nan chak sal klas.
- Klas deyò.
- Chanm fonksyon sansoryèl motris (fonksyon 5 sans yo ak misk/bibit).
- Konplètman aksesib.
- Pwofesè aplentan nan zafè atizay vizyèl, mouvman, ak mizik.
- Pwogram enklisif avan ak aprè jounen lekòl la.
- Kourikoulòm djanm.
- Nou suiv pwogrè elèv yo chak 6 semèn epi kreye plan aksyon pou asire ke tout elèv reyisi.
- Ko-ansèyman nan tout matyè prensipal yo.
- Terapi founi nan anviwònman natirèl klas yo.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Atenn objektif yo an pati**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




← Ras/Etnisite

Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 54%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 40%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 11%
To Prezans ................................. 95%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 3-8 | 2 | 38 | 44 | 16 | 6 | 37 | 44 | 13 | 6 | 37 | 44 | 13 |

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 14 | 63 | 18 | 4 | 11 | 34 | 32 | 23 | 0 | 23 | 57 | 20 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

## Lyon Pilot High School

**95 Beechcroft Street, Brighton 02135**
**JD Herve Anoh, Direktè**
**617-635-8351 • bostonpublicschools.org/lyonhs**

Lekòl Mary Lyon Pilot High School la founi yon anviwònman aprantisaj ki konplètman enklisif kote kondisyon yo chanje oswa kreye pou rann elèv edikasyon jeneral yo ak elèv andikape yo kapab ogmante potansyèl yo. Nou sipòte tout elèv pou yo kapab satisfè oubyen menm depase estanda akademik yo epi devlope abilte pou yo konpetan nan lavi yo chak jou. Nou edike chak elèv kòm yon endividi inik ki pare pou l reponn a defi yon kominote k ap vin divès e global de jou an jou.

### Karakteristik Espesyal

- Pèsonèl, elèv, ak fanmi yo travay an kolaborasyon pou yo bay sipò nesesè pou kwasans akademik, sosyal, ak emosyonèl.
- Elèv nou yo aprann estrateji pou yo ka rezoud pwoblèm kòm endividyèl epitou rezoud yo kòm manm yon ekip.
- Nou ofri sitwayènte aktif atravè zèv volontè, pwogram staj, ak evènman kominotè.
- Edikasyon enklisif okonplè.
- Yon gwosè sal klas ki piti (20 elèv nan chak klas).
- Kourikoulòm ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj).
- Itilizasyon tablo ENTÈRAKTIF ("SMART board") kòm yon zouti regilye nan ansèyman.
- Edikasyon ak notarizasyon ki chita sou baz konpetans.
- Klas preparasyon egzamen PSAT ak SAT.
- Pwofesè ki reyèlman kalifye: Tout pwofesè yo genyen yon diplòm metriz ("Master's degree") epi yo genyen doub lisans nan kontni matyè yo ak nan edikasyon espesyal.
- Modèl Ko-ansèyman (yon pwofesè anseye avèk èd yon lòt pwofesè).
- Evalyasyon yo genyen ladan yo yon dosye elektronik.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Ras/Etnisite
Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................ 50%
Elèv ki Genyen Andikap ............ 39%
Elèv k ap Aprann Anglè ............ 17%
To Prezans ................................ 87%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 10 | 73 | 17 | 0 | 3 | 34 | 38 | 24 | 0 | 9 | 74 | 17 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Madison Park Technical Vocational High School

75 Malcolm X Blvd., Roxbury 02120
Kevin McCaskill, Direktè Egzekitif
617-635-8970 • bostonpublicschools.org/madisonpark

Misyon lekòl Madison Park Technical Vocational High School la se founi elèv nou yo ak pwogram akademik ak edikasyon teknik ki djanm. Pwogram nou yo ankouraje karaktè ki nesesè pou yo chèche atenn epi reyisi nan opòtinite ki vin aprè lekòl segondè yo ansanm ak nan opòtinite pou karyè yo. Nou vle pou tout sitwayen nou yo devni sitwayen pwodiktif.

### Karakteristik Espesyal

- SÈL lekòl segondè nan Boston pou zafè teknik ak zafè karyè.
- 19 pwogram teknik pwofesyonèl chapit-74 apwouve.
- Pwogram akademik ak pwogram karyè ki chita sou baz estanda.
- Twa depatman ki met anfaz sou karyè.
- Opòtinite pou tout elèv kapab genyen kredi inivèsite (kolèj) ak kredi endistriyèl.
- Kowòperasyon endistriyèl, opòtinite pou suiv yon moun tankou moun k ap fè staj, staj klinik pou devlope abilte pou karyè yo.
- Gwoup suivan yo sètifye nou: "Automotive Youth Education Systems" ("Sistèm Edikasyon Jenès Otomobil"), "National Healthcare Association" ("Asosyasyon Sèvis Sante Nasyonal"), "PrintED (Pwogram Enprimri)", "National Automotive Education Foundation" ("Fondasyon Edikatif Otomobil Nasyonal"), ak Depatman Sante Piblik eta Massachusetts.
- Manm "SkillsUSA", yon patenarya elèv, pwofesè ak endistri k ap travay ansanm pou l asire Etazini genyen yon mendèv ki abil/konpetan.
- 100% elèv ki nan Pwogram Okzilyè (Asistan) Enfimyè a resevwa lisans Okzilyè (Asistan) Enfimyè nan men Kwa Wouj Massachusetts.
- Manm Sosyete Onè Nasyonal ("National Honor Society").
- Genyen sètifika OSHA 10 pou tout pwogram karyè yo (OSHA se: "Administrasyon Sekirite ak Sante Okipasyonèl").
- Opòtinite doub enskripsyon avèk inivèsite (kolèj) nan zòn nan.
- Plasman Avanse pou elèv klas 11yèm ak 12yèm yo.
- Pwogram Eksplorasyon Karyè Klas Nevyèm Ane.
- Pwogram Espò Varsity Chanpyon (Ekip Prensipal lekòl la) ak JV (Jinyò Varsity, ekip jinyò an).
- Opòtinite nan Zafè Antrepriz.
- Opòtinite pou Kredi/Diplòm Endistriyèl.
- Kowòperasyon, Staj, Suiv yon Pwofesyonèl, ak Plasman nan yon Staj Klinik.
- Admisyon nan klas 11yèm ak 12yèm ane mande pou elèv la pase yon entèvyou pou detèmine disponibilite ak si lekòl la korèk pou li.
- SEI-Miltileng (plizyè lang), SLIFE-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 5 | 54 | 22 | 18 | 9 | 23 | 38 | 30 | 0 | 12 | 60 | 28 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Anpil sipò/sipò konplè**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

### Enskripsyon ak Prezans




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 71%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 33%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 38%
To Prezans .................................. 89%









BOSTON Public Schools Focus on Children

## Margarita Muñiz Academy

**20 Child St., Jamaica Plain 02130**
**Dania Vázquez, Direktris**
**617-635-8198 • munizacademy.org**

Lekòl Margarita Muñiz Academy te ouvri an 2013, e l se premye lekòl segondè "doub lang" Lekòl Piblik Boston! Nou devwe pou n prepare sitwayen ak lidè ki pale ni Anlgè ni Espayòl byen swa. Chak elèv pare pou inivèsite e pou l kontribye kichòy nan kominote a, e menm odela.

### Karakteristik Espesyal

- Lekòl segondè doub lang, k ap prepare elèv yo pou kolèj (inivèsite).
- Egzijan e li anrapò ak kilti.
- Ouvè a tout elèv Boston atravè sistèm plasman Lekòl Piblik Boston an.
- Opòtinite konkou pou inivèsite Muñiz Academy College.
- Anpil opòtinite pou angaje ak fanmi yo.
- Kou opsyonèl ak staj kreye pou preparasyon inivèsite (kolèj) ak pou karyè, atizay, enfòmatik (kou syans òdinatè), ak/oswa yon twazyèm lang.
- Yon Lekòl Inovatè, ki genyen plis fleksibilite pase lekòl regilye distri a nan domèn bidjè, pèsonèl, kourikoulòm, ak kalandriye ane lekòl la pou reponn pi byen a bezwen elèv yo ak fanmi yo.
- Aprantisaj ki santre sou elèv yo.
- Kourikoulòm ki kreye sou baz pwojè ki mande ankèt.
- Staj ak travay sou teren an.
- Pwogram atizay ekstansif (manch long).
- Travay enstrimantal (enstriman mizik) ak koral.
- Teknoloji kòm yon zouti prensipal nan aprantisaj.
- Ti klas piti.
- Bous konpetitif pou inivèsite (kolèj).
- Doub Lang-Espayòl.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Atenn objektif yo an pati**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 71%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 13%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 50%
To Prezans ................................. 94%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 19 | 56 | 16 | 8 | 15 | 38 | 31 | 16 | 0 | 33 | 42 | 25 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

## Quincy Upper School (Klas 6yèm jiska 12yèm Ane)

**Klas 6yèm a 7yèm Ane: 900 Washington St., Boston 02111 • Klas 8yèm jiska 12yèm Ane: 152 Arlington St., Boston 02116**
**Sarah Chang ak Stephen Cirasuolo, Ko-Direktè**
**617-635-8940 • jqus.org**

Lekòl Josiah Quincy Upper School la ofri Pwogram Bakaloreya Entènasyonal la pou TOUT elèv ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane, li genyen ladan l tou Atizay ak Lang Mondyàl kòm matyè prensipal, li genyen tou opòtinite pou fè vwayaj entènasyonal a bon mache, ak aktivite aprè lekòl ansanm ak spò. Elèv ki diplome yo ale nan inivèsite (kolèj) bon chwa, pami yo lekòl "Ivy League" yo.

### Karakteristik Espesyal

- Pwogram Bakaloreya Entènasyonal (IB).
- Diplòm Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak Pwogram "Middle Years".
- Atizay teyat ak mizik.
- Edikasyon spòtif ak ekip spò.
- Pwogram Mandarin (yon lang Chinwa) ak Espayòl.
- Pwogram anrichisman aprè jounen lekòl la.
- Pwofesè kòm lidè.
- Patenarya antrepriz.
- Patenarya ki baze sou kominote.
- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




← Ras/Etnisite
Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

**Sila Yo Ki Genyen**
Dezavantaj Ekonomik................. 60%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 18%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 22%
To Prezans .................................. 94%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 8 | 5 | 24 | 50 | 21 | 1 | 31 | 51 | 17 | 1 | 31 | 51 | 17 |

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 9 | 71 | 7 | 13 | 19 | 43 | 15 | 23 | 4 | 34 | 45 | 17 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

## Snowden International School at Copley

**150 Newbury St., Boston 02116**
**Eugene Roundtree, Direktè**
**617-635-9989 • snowdeninternational.net**

Lekòl Muriel S. Snowden International School la se yon Lekòl milti-kiltirèl (plizyè kilti), miltileng (plizyè lang), Mondyal Bakaloreya Entènasyonal ("International Baccalaureate World School") ki genyen yon kourikoulòm preparasyon pou inivèsite (kolèj) ak yon konsantrasyon sou etid global. Snowden genyen kèk egzijans anplis pou elèv yo gradye, pami yo: katran ap aprann menm lang nan (Japonè, Chinwa Mandarin, Espayòl, oswa Fransè), Sèvis Aksyon Kominotè, yon travay rechèch nan klas 12yèm ane an, ak etid nan Relasyon Entènasyonal. Elèv yo dwe fè nòt C- pou pi piti pou yo pase chak kou.

### Karakteristik Espesyal

- Aprantisaj global atravè opòtinite pou elèv yo vwayaje e etidye entènasyonalman (lòt bò dlo).
- Elèv yo kapab enskri nan pwogram diplòm Bakaloreya Entènasyonal egzijan nan klas 11yèm ak 12yèm ane. Elèv ki reyisi pase tout travay nan pwogram dezan egzijan sa a ap resevwa yon diplòm IB ("Bakaloreya Entènasyonal") anplis diplòm Boston yo an. Lekòl "IBW World School" yo egziste sou sis kontinan; Genyen 850 kolèj ak inivèsite ki rekonèt diplòm IB an.
- Anfaz sou etid entènasyonal pou tout elèv.
- Li mande 4 an etid nan lang mondyal, istwa, syans ak matematik.
- Li mande kèk èdtan sèvis kominotè.
- Li ankouraje responsabilite atravè "open campus" ("lakou lekòl ouvè" - klas yo fèt nan twa bilding).
- Li ankouraje ankèt, rezònman kritik, li ankouraje elèv yo pran risk, konpreyansyon ant kilti diferan ak respè.
- Plizyè opòtinite pou angaje fanmi, pami yo: de (2) konferans ant paran ak pwofesè chak ane.
- Sipò aprè lekòl atravè sant "Calderwood Writing Center" a ak leson patikilye nan men kèk inivèsitè.
- Patnè lekòl la: "Freedom House", "Boston PIC" (PIC se: Konsèy Endistri Prive), "Boston Scholar Athletes" ("Atlèt Savan Boston Yo"), "The Art Science Prize" ("Prim Syans Atizay"), "Harvard Model UN" ("Modèl Nasyon Zini Harvard"), "Old South Church", "The Huntington Theatre Company" ("Twoup Teyat Huntington Theatre Company").
- Premye lekòl BPS ki diplome yon elèv ki t ap travay pou IB (Bakaloreya Entènasyonal).
- Yon Sant Sante sou Plas nan Lekòl La.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan edikasyon.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................ 60%
Elèv ki Genyen Andikap ............ 24%
Elèv k ap Aprann Anglè ............. 13%
To Prezans ................................ 89%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 17 | 73 | 9 | 1 | 18 | 34 | 33 | 14 | 2 | 34 | 45 | 18 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

## TechBoston Academy (Klas 6yèm jiska 12yèm Ane)

**9 Peacevale Rd., Dorchester 02124**
**Keith Love ak Nora Vernazza, Ko-Direktè**
**617-635-1615 • techbostonacademy.org**

Lekòl TechBoston Academy ofri yon kourikoulòm ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) kote teknoloji sèvi kòm pon ki konekte elèv yo a eksperyans aprantisaj yo. Yo bay tout elèv yo aksè a teknoloji nan klas yo. Elèv yo sèvi ak avantaj klas onè yo, klas Plasman Avanse yo, ak opòtinite doub enskripsyon nan inivèsite (kolèj) lokal yo. Nou ofri yon pwogram jounen pwolonje ki pèmèt tout elèv aksè a sipò akademik ak aktivite ki pran plas avan e aprè orè lekòl yo.

### Karakteristik Espesyal

- Lekòl Klas 6yèm jiska 12yèm Ane Pilòt ki genyen 1,000 elèv, ki ofri yon kourikoulòm ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) avèk yon anfaz sou teknoloji ak aprantisaj ki baze sou pwojè ki fèt avèk koneksyon ant diferan matyè yo.
- Gayan plizyè prim ak rekonesans, pami yo: "Lekòl Segondè Modèl" ak Prim Lekòl Segondè Inovatè nan men fondasyon Gates Foundation nan.
- Apratisaj ak leson patikilye pèsonalize avèk pwofesè yo.
- Opòtinite anrichisman pandan ete a.
- Pwogram Enstriksyon Pwoteje ann Anglè (SEI) (gwoup ak enklizyon).
- Pwogram enklizyon pou elèv ki genyen andikap.
- Sant "College Center" (Sant zafè Inivèsite/Kolèj) sou plas.
- Òdinatè Pòtatif (Laptòp) ak òdinatè Chromebook nan chak klas.
- Kou teknoloji avanse, pami yo : atizay dijital, lojisyèl konsepsyon grafik Adobe, enfòmatik (pwogram òdinatè), ak wobotik.
- Pwogram aprè jounen lekòl la nan bilding nou an.
- Jounen pwolonje ki bay plizyè kalite sipò akademik pou tout elèv
- Pwogram spòtif ak aktivite aprè jounen lekòl la pou tout nivo klas kòmanse depi nan foutbòl ameriken nan lekòl mwayèn ak lekòl segondè rive nan klib atizana ak klib mizik ansanm ak elèv inivèsite "Berklee College" yo.
- SEI-Ayisyen, SLIFE-Ayisyen, ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram Edikasyon Espesyal :
- Pwogram enklizyon pou elèv ki genyen andikap.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Ras/Etnisite
Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 59%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 22%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 21%
To Prezans .................................. 91%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 8 | 1 | 25 | 43 | 31 | 0 | 11 | 48 | 40 | 0 | 11 | 48 | 40 |

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 19 | 64 | 14 | 2 | 12 | 27 | 39 | 22 | 3 | 40 | 42 | 15 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

# Urban Science Academy

**West Roxbury Education Complex • 1205 VFW Parkway, West Roxbury 02132**
**Darlene Marcano, Direktris**
**617-635-8930 • urbansci.com**

Lekòl Urban Science Academy se yon lekòl ki favorab a fanmi ki genyen yon kourikoulòm ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) avèk yon anfaz sou syans, teknoloji, klas imanite, ak atizay yo.

## Karakteristik Espesyal

- Kou Plasman Avanse (AP): biyoloji, kalkil, chimi, statistik, gouvènman Etazini, literati Anglè, sikoloji, ak lang Espayòl.
- Òdinatè pòtatif (laptòp) ak teknoloji medya.
- Prensip fondamantal nou yo: gwo espwa, anpil sipò, kolaborasyon, devouman, respè, kominote.
- Kou opsyonèl: mizik enstrimantal, koral, reparasyon PC, rezotaj, sikoloji, deba, jounalis, ekoloji iben, sikoloji, lidèchip elèv, liv souvni lekòl, fotografi dijital, edikasyon spòtif (PE)/Sante, atizay vizyèl, syans latè, syans kriminailstik, AVID, "Big History" ("Gwo Istwa"), byenèt, teyat.
- Enstalasyon ekselan, avèk laboratwa syans ak òdinatè dènye kri, yon klas deyò, ak pak, rivyè, wout pwomnad ki kole ak lekòl la, epitou l genyen yon enstalasyon spò ak teren deyò a.
- Opòtinite pou fè staj ak lòt sipò atravè patnè kominotè nou yo.
- Powgram solid aprè jounen lekòl la pou tout elèv avèk yon seri klib, spò, ak òf leson patikilye.
- Opòtinite pou lidèchip elèv.
- Enklizyon okonplè avèk ko-ansèyman nan klas prensipal 9yèm ak 10yèm ane yo (ko-ansèyman se lè genyen de [2] pwofesè k ap ede youn lòt anseye), sipò "push-in" (lè yo mete elèv edikasyon andikape yo nan menm klas ak elèv edikasyon jeneral yo) ak sant resous akademik disponib nan tout nivo klas.
- Angajman fanmi ak kominote ki solid, Kowòdinatè Kontak Fanmi ak Kominote aplentan nou an sipòte.
- Pwogram Edikasyon Espesyal:
- Modèl founisman sèvis edikasyon espesyal enklizyon okonplè; Sant Resous Akademik sou tout nivo klas ki konsantre sou sipò pou elèv yo pou bezwen fonksyon egzekitif yo.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Ras/Etnisite
Ameriken Nwa | Azyatik | Ispanik | Blan | Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 59%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 28%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 15%
To Prezans ................................. 86%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 27 | 63 | 7 | 3 | 22 | 40 | 26 | 12 | 2 | 41 | 50 | 7 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## West Roxbury Academy

**West Roxbury Education Complex • 1205 VFW Parkway, West Roxbury 02132**
**Jerleen John, Direktris**
**617-635-8935 • bostonpublicschools.org/westroxbury**

Lekòl West Roxbury Academy a devwe pou l founi yon kourikoulòm solid ki mete anfaz sou biznis, atizay grafik, ak maketing ki ede elèv yo prepare pou inivèsite (kolèj), karyè yo ak sèvis.

Objektif nou se pou elèv nou yo pa sèlman diplome avèk fòmasyon nesesè pou yo fini lekòl segondè, men y ap kapab navige (jwenn chemen yo) nan mendèv 21yèm syèk la k ap pede evolye a.

### Karakteristik Espesyal.

- Kou nan maketing, ekonomi, fotografi, pwodiksyon televize, teknoloji òdinatè ak konsepsyon sit entènèt.
- Enklizyon Elèv k ap Aprann Lang Anglè ak elèv Edikasyon Espesyal nan tout kou ak aktivite lidèchip.
- Staj, pwogram preparasyon pou inivèsite (kolèj) "College Bound", ak doub enskripsyon nan kolèj ki nan zòn nan.
- Siksè nan egzamen MCAS yo.
- Sosyete Onè Nasyonal la ("National Honor Society") rekonnèt li.
- Plizyè aktivite siplemantè, pami yo: spò ekip prensipal lekòl la ("varsity") ak ekip jinyò lekòl la ("junior varsity").
- Konsantrasyon sou bati lidèchip elèv ki solid.
- Gayan plizyè sibvansyon ak prim.
- Opòtinite pou vwayaje anndan Etazini ak lòtbò dlo.
- Patenarya ak "Turner Broadcasting".
- Sèvi ak teknoloji nan klas yo nan yon fason entegre.
- Pwogram nan biznis/atizay vizyèl ki baze sou tèm.
- Pisin ak enstalasyon pou leve fè (bat fè).

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Sipò santre/sible**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 52%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 22%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 29%
To Prezans .................................. 97%







| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 17 | 62 | 13 | 8 | 15 | 39 | 28 | 18 | 2 | 23 | 60 | 14 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo


BOSTON Public Schools Focus on Children

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Adult Technical Academy

**20 Church St., Boston 02116**
**Benjamin Helfat, Direktè**
**617-635-1542 • bostonpublicschools.org/BATA**

Lekòl Boston Adult Technical Academy se yon lekòl segondè altènatif pou jèn adilt ant laj 19 e 22 an, ki genyen matirite epi ki motive. Nou se yon kominote ki valorize divèsite, otonomi, responsabilite, ak fleksibilite, ki va bay elèv yo kèk opòtinite siyifikatif aprè yo fin lekòl segondè. Lòske elèv nou yo kite isi an, nou konvenk ke yo te aprann genyen konfyans nan tèt yo, konpetans lengwistik, ak abilte y ap bezwen pou mennen vi yo aprè lekòl segondè, dekwa pou yo kapab devni lidè konfidan nan kominote yo, epi reyalize bi yo.

### Karakteristik Espesyal

- Yon Lekòl Segondè altènatif pou elèv ki pi gran, laj 19 a 22 an.
- Li akòde yon diplòm Lekòl Piblik Segondè Boston.
- Pwogram akademik nan Gramè/Literati Anglè, lang etranje, matematik, syans, ak imanite.
- Klas yo genyen òdinatè ladan yo.
- Pwogram pou Ratrape Kredi kou.
- Opsyon doub enskripsyon nan yon Kolèj (inivèsite) Kominotè.
- Pwogram Eksplorasyon Karyè.
- Konseye Gradiyasyon.
- Asistans ak aplikasyon pou inivèsite (kolèj) ak pou lòt opòtinite aprè lekòl segondè.
- Elèv ki miltileng (ki pale plizyè lang), ki divès nan etnisite yo.
- Preparasyon pou inivèsite (kolèj) ak pou karyè aprè lekòl segondè.
- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Admisyon Espesyal

- Elèv ki genyen laj 19 an dwe kontakte lekòl la pou yo pase yon entèvyou.
- Nap bay elèv ki genyen laj 20 a 21 an edmi yo plasman otomatikman lòske yo enskri tèt yo nan Lekòl Piblik Boston.

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Done yo pa sifi**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Ras/Etnisite: Ameriken Nwa, Azyatik, Ispanik, Blan, Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................. 51%
Elèv ki Genyen Andikap ............... 5%
Elèv k ap Aprann Anglè .............. 83%
To Prezans ................................. 75%







Pa gen done **MCAS**

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Arts Academy

**11 Charles St., Dorchester 02122**
**Anne Clark, Direktris**
**617-635-6470 • bostonartsacademy.org**

Lekòl Boston Arts Academy se sèl lekòl segondè piblik Boston pou atizay vizyèl ak atizay spektak. Misyon nou se prepare yon kominote atis-savan-sitwayen divès pou yo reyisi nan inivèsite yo (kolèj yo) oswa nan karyè pwofesyonèl yo, epi pou yo devni manm ki angaje nan kominote yo. N ap chèche elèv ki genyen yon pasyon pou zafè atizay, ki travay e aprann ansanm kòm yon kominote pou yo montre abilte, potansyèl, ak devouman yo.

### Karakteristik Espesyal

- Yon pwojè kolaboratif Lekòl Piblik Boston (BPS) ak Gwoupman ProArts ("ProArts Consortium"): kolèj "Berklee", inivèsite "Boston Architecural College", "Boston Conservatory" (yon lekòl mizik), inivèsite "Emerson College", inivèsite "MassArt", ak "SMFA" (School of Museum of Fine Arts at Tufts – Lekòl Mize Bèl Atizay nan inivèsite Tufts).
- Fòmasyon siperyè pou elèv nan dans, teknoloji mòd, mizik, teyat, oswa vizyèl nan kontèks kourikoulòm preparasyon pou inivèsite (kolèj).
- Pèsonèl nou yo ki genyen eksperyans e ki resevwa prim, bay chak elèv atansyon patikilye.
- Klas preparasyon pou egzamen PSAT ak SAT.
- Siksè aprè gradyasyon: Chak ane, yo asepte yon mwayèn 94 pousan elèv ki diplome nou yo nan inivèsite (kolèj).
- Premye Lekòl Piblik Boston ki nonmen kòm yon lekòl segondè enklizyon, ki ofri sèvis okonplè pou elèv ki genyen tout kalite andikap aprantisaj yo idantifye nan yo menm.
- Doub enskripsyon disponib nan inivèsite (kolèj) asosye nou yo.
- Bous atizay ete disponib.
- Laboratwa STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Atizay, Matematik).
- Patenarya avèk ProArts ak lòt enstitisyon ki founi resous ak opòtinite bay elèv nou yo.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Espesyal.

### Pwosesis Admisyon Espesyal la

- Tout elèv ki enterese, sou tout nivo eksperyans - depi nan novis rive sou ekspè – nou ankouraje yo pou yo fè yon demand sou sit entènèt: bostonartsacademy.org/admissions/admissions-overview-and-process. Pwosesis admisyon espesyal, ki genyen ladan l yon eleman odisyon oswa prezantasyon.
- Aplikasyon an disponib sou entènèt: bostonartsacademy.org/admissions/application.

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 31 | 63 | 6 | 0 | 31 | 38 | 21 | 9 | 9 | 44 | 45 | 2 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Atenn objektif yo an pati**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................ 47%
Elèv ki Genyen Andikap ............ 14%
Elèv k ap Aprann Anglè ............... 5%
To Prezans .................................. 94%









BOSTON Public Schools Focus on Children

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Community Leadership Academy

**Hyde Park Education Complex • 655 Metropolitan Ave., Hyde Park 02136**
**Francine Locker, Direktris**
**617-635-8937 • bclaboston.net**

BCLA ofri yon pwogram preparasyon pou inivèsite (kolèj) ki di fò yon inivèsite (kolèj) asepte elèv la kòm yon egzijans pou l diplome. Lekòl pilòt nou an mete anfaz sou devlopman lidè savan pou lavni an atravè aprantisaj sèvis kominotè ak yon atachman a atant akademik, sosyal, e sivik ki djanm. Nou rankontre ak elèv yo sou nivo yo epi n prepare yo pou yo kapab reyisi nan inivèsite (kolèj). Pami kou nou bay yo se klas Plasman Avanse (AP), lang mondyal, ak atizay. Vwa elèv yo genyen valè epi yo enfòme nou sou pratik ak regleman nou yo.

### Karakteristik Espesyal

- Yon lekòl pilòt ki genyen yon kourikoulòm pwogram preparasyon pou inivèsite (kolèj) ak yon tèm lidèchip kominotè.
- Egzijans akademik pou tout elèv: egzibisyon, dosye (pòtfèy) prezantasyon, ak aprantisaj sèvis kominotè striktire atravè pwojè "Senior Captstone Project".
- Pwogram spòtif avèk lekòl "New Mission High School" ak lekòl "Another Course to College".
- Kou Plasman Avanse (AP) nan Konpozisyon lang anglè, literati, espayòl, kalkil, ak statistik.
- Edikasyon pèsonalize ki genyen ladan l Pwogram Konsiltatif (Konsèy) ak Ekip Sipò Aprantisaj.
- Pwofesè yo founi 80 minit pa semèn pou mantora ak èd anplis pou elèv yo.
- Pwogram Leson Patikilye "Aim High" avèk gwoup "Boston Partners in Education".
- Sante: Patenarya avèk lopital "Boston Medical" ak "Home for Little Wanderers" ("Kay pou Timoun ki pa Gen Kote pou Y ale").
- Pòt Ouvè, Konferans Powfesè, ak reyinyon sipò.
- Aseptans nan yon inivèsite obligatwa pou elèv yo diplome (gradye).
- Pwogram aprè jounen lekòl la pou elèv klas 9yèm Ane.
- Evalyasyon otantik (reyèl) atravè pòtfèy (dosye) ak egzibisyon.
- Klas konsiltatif.
- Spò, klib, gouvènman elèv, ak Sosyete Onè Nasyonal.
- SEI-Miltileng (plizyè lang), ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Admisyon Espesyal

- Rele lekòl la pou pwograme yon vizit ak yon entèvyou.

| MCAS 2018 | Gramè ak Literati Anglè | | | | Matematik | | | | Syans | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME | EE | ME | PME | NME |
| Klas 10 | 19 | 63 | 11 | 7 | 32 | 44 | 18 | 5 | 3 | 39 | 48 | 10 |

EE = Depase Atant yo, ME = Satisfè Atant yo,
PME = Satisfè Atant yo an Pati, NME = Pa Satisfè Atant yo

Evalyasyon Kontrandi Eta a
**Atenn objektif yo an pati**

Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 14.

**Enskripsyon ak Prezans**




Ras/Etnisite
Ameriken Nwa
Azyatik
Ispanik
Blan
Lòt

Sila Yo Ki Genyen
Dezavantaj Ekonomik................ 60%
Elèv ki Genyen Andikap ............. 21%
Elèv k ap Aprann Anglè ............. 26%
To Prezans ................................. 93%

**Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2017)**




**Reyisit nan Inivèsite**



# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Day and Evening Academy

**20 Kearsarge Ave., Roxbury 02119**
**Alison Hramiec, Direktris**
**617-635-6789 • bacademy.org**

Boston Day and Evening Academy se yon lekòl pou elèv ki depase laj lekòl segondè, ki te genyen pwoblèm ak prezans yo nan lekòl, ki te double klas 8yèm ane yo, ki santi yo pa jwenn atansyon yo bezwen nan klas yo pou yo resyisi, oswa ki te abandone lekòl men ki vle tounen pou yo ka diplome.

### Karakteristik Espesyal

- Chita sou baz konpetans: elèv yo kapab diplome nan youn nan kat seremoni ki pran plas chak ane.
- Atansyon pèsonalize pou tout elèv, avèk pwogram akademik ak anrichisman ki bay sipò, yon pwòposyon elèv a pwofesè ki piti, sèvis sipò pou elèv aplentan, ak konsèy [pedagojik].
- Yon anbyans vivan pou elèv ki pa t janm gen eksperyans siksè nan lòt lekòl.
- Yon Laboratwa Aprantisaj aplentan pou ede elèv yo ratrape devwa yo manke oswa pou fè aprantisaj yo ale pi rapid andeyò klas yo.
- Nou ofri kou inivèsite ak karyè (pwogram staj ak anrichisman) pandan tout semèn nan.
